Kdırniyazov M. -Sh.
Kdırniyazov O.-Sh.

# ANTİK DA'WİR XOREZM TsİVİLİZATsİYaSI TARİYXI



No'kis-2014

63.3(5Ў35)4
K. 11

3vq

O'ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARG'I HA'M ORTA ARNAWLI BİLİM MİNİSTRLİGİ

QARAQALPAQ MA'MLEKETLİK UNİVERSİTETİ

Tariyx ha'm Arxeologiya kafedrası

**Kdırniyazov M. -Sh.**
**Kdırniyazov O.-Sh.**

# ANTİK DA'WİR XOREZM TsİVİLİZATsİYaSI TARİYXI

No'kis-2014

**Qdırniyazov M.-Sh., Qdırniyazov O.-Sh**

**ANTİK DA'WİR XOREZM TsİVİLİZATsİYaSI TARİYXI**
"Arxeologiya" ha'm "tariyx" qa'niygelikleri ushın. Oqıw – metodikalıq qollanba. No'kis, 2014 j. 85 bet.

Oqıw – metodikalıq qollanbada Qubla Aral boyı, Xorezm alabında jaylasqan elatlardın' a'yyemnen qa'liplesken qalaları, siyasiy, ekonomikalıq ha'm madaniyat tariyxı jaratılg'an. Avtorlar jazba derekler, arxeologiyalıq qazılmalar, tariyxtanıw a'debiyatlarında toplang'an bay artefaktlardı salıstırmalı u'yrenip Aral boyı aymaqlarında ertedegi urbanizatsiya ha'm tsivilizatsiya protsesslerinin' rauajlanıw basqıshları, man'ızı, antik da'wirdegi ma'deniyat tariyxı boyınsha juwmaqlar shıg'aradı.

Bul oqıw – metodikalıq qollanba "arxeologiya", "tariyx", "iskusstvo tariyxı" qa'niygelikleri boyınsha bilim alıwshı bakalavr, magistr bag'darı studentlerine oqıtılatwg'ın «O'zbekstan tariyxı», «Orta Aziyanın' a'yyemgi ma'mleketleri ha'm qalaları", "Tsivilizatsiya tariyxı», «Qaraqalpaqstan tariyxı», "Xorezm tariyxı" pa'nleri ushın qosımsha arnawlı ilimiy a'debiyat sıpatında usınıladı.

**İlimiy redaktor**: t.i.d., professor SAGDULLAEV A.S. (Mırza Ulug'bek atındag'ı UzMU. Tashkent).

**Pikir bildiriwshiler**: t.i.k. G'.X.XOJANİYaZOV (O'z İA QQB QQGİİİ "Arxeologiya" bo'limi baslıg'ı. No'kis);

t.i.k., dotsent A.X.BERDİMURADOV (O'zR İA G'.G'ulamov atındag'ı Arxeologiya institutı. Samarqand).

***Qollanba F.1-78 "Xorezm tsivilizatsiyası tariyxı" (Xorezm tsivilizatsiyasini tadqiq etishning zamonaviy moh'iyatı) atamadag'ı ma'mleketlik grant esa'ykesi jobasına sa'ykes tayarlandı***

1129/1

MAZMUNI

KIRISIW........................................................................................4

I-BAP. XOREZM TSİVİLİZATSİYASI TARİYXNASA'YKESI............11

I.1. ORAYLIQ AZIYADA ANTIK DA'WIR TARIYXIN IZERTLEW.......................... 11

I.2. ARAL BOYI, XOREZM ALABINDA A'YYEMGI DA'WIR TSIVILIZATSIYA TARIYXIN U'YRENIW.............................................................................. 16

II-BAP. ANTİK DA'WİR XOREZM TSİVİLİZATSİYASI ESTELİKLERİ..........................................................................25

II.1. QALALAR-QORG'ANLAR.......................................................................... 25

II.2. QONIS-QORG'ANLAR................................................................................ 38

III-BAP. ANTİK DA'WİR XOREZM TSİVİLİZATSİYASI HA'M ORAYLIQ AZİYA MA'DENİYAT TARİYXI..........................................50

JUWMAQLAW ..............................................................................66

PAYDALANG'AN A'DEBİYATLAR ..............................................70

GLOSSARİY ....................................................................................74

## Kirisiw

*Temanın' aktuallıg'ı. O'zbekstan Shıg'ıs tsivilizatsiyası oshaqlarının' biri. Tsivilizatsiya tu'siniginin' h'a'zirgi zaman a'debiyatındag'ı man'ızı. Xorezm alabındag'ı tsivilizatsiya tariyxının' a'yyemgi basqıshları.*

O'zbekstan Respublikasında ma'mleket g'a'rezsizligi qolg'a kirgizilgennen baslap elimizde jan'a oy-pikirler, tariyxıy izertlewler g'a'rezsizlik ideyası talaplarına say ju'rgizilmekte. Tariyxıy o'tmishke, o'zlikti an'lawg'a, h'alqımızdın' h'aqıyqıy tariyxın jaratıwg'a ken' mu'mkinshilikler ashıldı. Bul tarawdag'ı a'meliy h'a'reketlerge O'zbekstan Prezidenti İ.A.Karimovtın' bir topar tariyxshı, ziyalılar menen 1998 j. 27 iyun ayındag'ı ushırasıwı, Ministrler Kabinetinin' «O'zbekstan Respublikası İlimler akademiyası Tariyx institutı xızmetlerin jetilistiriu» boyınsha 1998 j. 27 iyun sa'nesindegi qararı o'z waqtında ja'riyalang'an metodikalıq ila'j, negiz boldı.

Prezidentimiz İ.A.Karimovtın' «Tariyxıy yadnamasız keleshek joq» - dep atalg'an shıg'arsa'ykesı tariyxıy yadnama, ma'nawiy turmıs ma'selelerin o'zine ja'mlestirgen, tariyx pa'ninin' ja'miyet aldındag'ı wazıypasın ko'rsetiwge ja'rdem beredi (1998 j). Prezidentimizdin' «O'z keleshegimizdi o'z qolımız benen qurmaqtamız» - dep atalg'an miynetinde bolsa- «Milletti asıraw kerek, milletti asıraw ushın bolsa onın' h'aqıyqıy tariyxın u'yreniw, abaylap qorg'aw kerek» - deb ko'rsetken edi (1999 j.). Bul joqarı ma'nistegi ko'rsetpe pikirler tariyx pa'ninin' ja'miyet turmısındag'ı ornın ja'nede teren'irek izertlewge alıp kelmekte.

Usı metodologiyalıq tu'sinikler, ko'rsetpeler elimiz aymaqlarında ertedegi urbanizatsiya, ma'mleketshilik negizleri, tsivilizatsiya tariyxı basqıshlarına baylanıslı ma'selelerdi, tariyxıy sha'rt–sha'rayatlardı h'a'r ta'repleme izertlew tariyx pa'ninin' aldındag'ı a'h'miyetli uazıypalardın' biri esaplanadı degen pikirdi payda etedi.

Ha'zirgi zamanda "tsivilizatsiya" tu'sinigi ilimde ja'miyettanıw iliminin' jan'a tarmag'ı bolıp "tsiviliografiya" yaki "tsivilizatsiyalar xaqqındag'ı ilim" tariyxı ma'nisinde tu'siniledi, izertlenedi. İlimnin' bul tarawının' qa'liplesiwine du'nyag'a belgili ilimpazlar - F. Gizo, G. Boklem, O. Shpengler, A.Toynbi, F. Brodel, V. Vernadskiy, N.

Moiseev, A. Metlinskiy, N. Danilevskiy, P.Sorokin, E.Chernyak, B.Kuzık ha'm t.b. u'les qosqan.

«Tsivilizatsiya» so'zi frantsuz tilinen kelip shıqqan bolıp, birinshi ret 1775-jılı Frantsiya a'debiyatında payda boladı (Mirabonın' "Adam dostı yaki xalıqlar h'aqqında traktat"). Tsivilizatsiya-latın. "civilis"–grajdanlıq, ma'mleketlik degendi an'latıp, bul ma'deniyat (rus."kultura") so'zinin' sinoniminde bildiredi. Sol waqıtta bul tu'sinik ma'deniy rawajlanıwdın' ulıwma da'rejesin ko'rsetken. XIX-a'sirdin' 20-30 jıllarınan baslap ko'birek u'lken da'wirlerdi an'latatug'ın tu'sinik sıpatında qollanılatug'ın boldı. L.Morgannın' tariyxıy da'wirlestiriwinde ja'miyet rawajlanıwındag'ı u'shinshi basqıshqa «tsivilizatsiya» atı berilgen. Ja'miyetlik pa'nlerde tsivilizatsiya tu'sinigi negizinen ma'deniyat ha'm ma'deniy rawajlanıwdın' barlıq ta'replerin qamtıwshı ma'niste o'zine ta'n mazmun quraydı. Ha'zirgi waqıtta «tsivilizatsiya» so'zi ma'nisi ja'miyet tariyxının' belgili basqıshı, xalıqlardın' turmıs-ta'rizi, xojalıq ju'ritiw usılları, adamlar, aymaqlar (region) arasındag'ı o'z-ara ma'deniy qatnaslar, a'sirler dawamında qa'liplesken materiallıq ha'm ma'nawiyat, ja'miyettin' rawajlanıw protsessinde adamlardın' tvorchestvolıq iskerligi ha'm qa'biletlerinin' biri-birine ta'siri, juwmag'ı ha'm pu'tkil du'nyanın' rawajlanıwındag'ı uzaq da'wir sıpatında tu'siniledi. İlimde «Shıg'ıs tsivilizatsiyaları», «Batıs tsivilizatsiyaları», «Rim tsivilizatsiyası», «Grek tsivilizatsiyası», «Zamanago'y tsivilizatsiya» - degen tu'sinikler bar.

Antik da'wir tsivilizatsiyası degende–ja'miyettin' rawajlanıw basqıshı, da'rejesi materiallıq ha'm ruxıy ko'rsetkishleri tu'siniledi. *Antik da'wir(antichnost)*–(frants., latın "antiques") tu'sinigi tariyxıy, ma'deniyattanıu ha'm filosofiyalıq a'debiyatlarda ko'binese a'yyemgi zamandag'ı grek-rim tariyxı, o'tmishi, klassikalıq a'debiyat, iskusstvo jetiskenliklerinin' ko'rnisi, juwmag'ı retinde qaralıp kelgen. A'yyemgi da'wir ma'deniyat tarawındag'ı jetiskenlikler Shıg'ıs Evropa, Kavkaz artı, Jaqın Shıg'ıs h'a'tteki Orta Aziyanın' tu'slik aymaqlarına tarag'an. Ha'zirgi zamanda antik ma'deniyatı tu'sinigin a'yyemnen qa'liplesken ma'deniy miyras jetiskenlikleri retinde kabıl etedi. Ma'deniyattın' bul da'wirlik tu'rleri o'zine ta'n o'zgesheliklerge iye.

Tsivilizatsiyanın' qa'liplesiwinin' en' a'h'miyetli faktorları qatarında qalanın' (protogorod-qalasazlıq) ha'm jazıwdın' payda bolıwı esaplanıladı. Tsivilizatsiya tariyxın izertlewdin' o'zine ta'n kriteriya – o'lshemleri bar. Ma'selen Yu. Kachanovskiy o'zine deyingi tsivilizatsiya tariyxına baylanıslı izertlewlerdi juwmaqlastırıp onın'

qa'liplesiwine ta'sir jasawshı kriteriya-o'lshemlerdin' *ekonomikalıq* (azıq-awqat o'nimlerin islep shıg'ıw, sanaat rauajlanıwı, awıl-qala arasında miynetti bo'listiriw, sawda ha'm aqshanın' payda bolıwı), *ja'miyetlik-siyasiy* (mal-mu'lk ten'sizligi, basqarıw sisteması, ma'mleket, jerge iyelik etiw onın' miyrasqa aynalıwı) ha'm *ma'deniyat tarawındag'ı* jetiskenlikler (jazıw ha'm iskusstvo) ko'rsetkishleri menen baylanıstıradı. G.Chayld tsivilizatsiyanın' on belgisin (qalalar, ja'iyetlik sıyınıw jayları, salıq-baj dizimi, qaniygelesken o'nermentshilik, jazıw, ilim, pa'n, iskusstvonın' rawajlanıwı, imtiyazlı klass ha'm ma'mleket) ko'rsetken. Bul jerde Gardon Chayld arxeologiyalıq izertlewlerde ashılg'an diniy, sawlatlı arxitekturalıq qurılıslar, piramidalar ha'm sag'analardı qurıu tsivilizatsiyanın' da'slepki belgilerinen ekenligin atap o'tedi [Childe,1950]. A.Toynbi (1889-1975) tsivilizatsiya tu'sinigi negizinde tariyxtı u'yreniw kriteriyaların islep shıqtı. Ol Eski ha'm Jan'a du'nyag'a ta'n ma'deniyat tariyxında 37 tsivilizatsiya bolg'anın atap, olardın' 21 izertlewshi ta'repinen u'yrenilgen. Arnold Toynbi tsivilizatsiya teoriyası boyınsha adamzat ja'miyeti tariyxının' son'g'ı mın' jıllıg'ında (eranın' II mın' jıllıg'ı) bes tsivilizatsiya u'zliksiz rawajlang'anın ko'rsetedi. Olardın' u'shinshisi İslam ja'miyetine baylanıslı-ol Arqa Afrika, Orta Shıg'ıstan (Oraylıq Aziya) Qıtayg'a deyingi aralıqta rawajlang'an ("Postijenie istorii",1991). Adamzat ja'miyetinin' o'tmish tariyxın izertlep Toynbi h'a'zirgi zaman turg'ınları "tsivilizatsiyanın' u'shinshi a'wladları" ekenin aytadı. Kısqa waqıt dawam etken, a'piwayı ja'miyet ag'zaları jasag'an aldın'g'ı birinshi, ekinshi tsivilizatsiyag'a qarag'anda u'shinshi tsivilizatsiya a'uladlarının' "o'miri uzaqqa sozılg'an, olar u'lken aymaqlarg'a jaylasqan, tsivilizatsiyalar ta'siri qamtıg'an adamlar sanı ko'p. Olar basqa ja'miyettegilerdi bag'ındırıw, assimilyatsiyalaw jolı menen taralıw tendentsiyasına (qa'siyetlerine) iye"–degen juwmaqlarg'a keledi.

İzertlewshiler usı o'lshemlerge sa'ykes adamzat tariyxına, du'nya ju'zlik rawajlanıwg'a ta'n bolg'an: *globallıq, du'nya ju'zlik, lokallıq tsivilizatsiyalar* qa'liplesken dep ko'rsetedi. Ulıwma alg'anda tsivilizatsiyanı biliw tariyxı u'sh basqıshtan turadı: b.e.sh. V - e. XV a'a'.; XVI – XIX a'a'; ha'm XX a'sir.

Birinsha basqıshta – tariyx ilim retinde qaralıp, du'nya ha'm ayrım eller tariyxına baylanıslı pikirler qa'liplesti. Gerodot (b.e.sh.481-425 jj.), Fukidid (b.e.sh.460-395 jj.), Polibiy (b.e.sh. 205-125 jj.) Tit Liviya ( b.e.sh. 59- e. 17 jj.) ha'm t.b. avtorlar (ms. Al-Beruni - 973-1048 jj, İbn Xaldun- 1332-1406 jj.) o'zleri jasag'an ortalıq, qon'sı eller tariyxı

menen qatar adamzat tariyxının' birligi, tariyx filosofiyası ideyasın, tariyxıy protsesstin' tsikiller boyınsha rawajlanıwı, ma'mleketlik du'zimnin' almasıw jag'dayları h'aqkında pikirler ayttı.

Ekinshi basqıshta "tsivilizatsiya" tu'sinigi payda boldı. Bul Ullı geografiyalıq ashılıw (XV-a'.), arxeologiya tarawındag'ı izertlewlerge baylanıslı adamlardın' du'nya elleri, xalıqlar ha'm tsivilizatsiyalar tariyxı boyınsha bilimlerin arttırdı. "Tsivilizatsiya" termini XVIII a'. Frantsiyada markiz Mirabonın' (1715-1789 jj.) "Adam dostı yaki xalıqlar h'aqqında traktat" shıg'armasında qollanıldı. Tsivilizatsiya tu'sinigin'in' man'ızı keyingi izertlewshiler ta'repinen tolıqtırılıp barıldı.

U'shinshi basqıshta tsivilizatsiya tariyxın u'yreniwde burılıs boldı. İlimiy tsivilizatsiya mektepleri (evrotsentrizm, tsiklizm), ma'deniyattı izertlewde dialoglar, lokallıq tsivilizatsiyalardın' o'z-ara ta'siri, baylanısı tariyxın izertlew ideyası alg'a su'rildi. Usı basqıshta global tsivilizatsiyanın' qa'liplesiw protsessi tamamlandı.

*Globallıq tsivilizatsiya* adamzattın' daslepki basqıshlarınan aq qa'liplese basladı. Yag'nıy onın' arg'ı deregi – adamnın' tayar zatlarg'a iyelik etiwden (an'shılıq, jıynawshılıq) o'ndiriwshi xojalıq tu'rine (sharwashılıq, eginshilik) o'tiwi menen baslanadı. Adamzat usı da'wirde o'z tariyxın du'ziwge, jasawg'a kiristi, materiallıq ha'm ruxıy tu'siniklerin qa'liplestire basladı. Bul b.e.sh. VIII – mın' jıllıqta boldı. Onda ekvatordın' arqa aymaqlarında qa'liplesken o'ndiriw usılları basqa materiklerge taraydı. Bul antropogenez protsessinde homo sapiens tin' joqarg'ı rawajlanıwına baylanıslı bolıp XX a'sirge deyin-aq globalizatsiyalanıw protsessleri menen de baylanıslı.

Ekinshi, *du'nya ju'zlik tsivilizatsiya tariyxı* global tsivilizatsiya basqıshları, sotsio - ma'deniy du'zim, xalıqlardın' sanı, quramı, dinamikası, olardın' ta'biyg'ıy–ekologiyalıq protsesslerge ta'siri, texnogenlik, ekonomikalıq o'ndiris usılları ja'miyetlik siyasiy du'zimge baylanıslı izertlenedi.

Tsivilizatsiya tu'siniginin' u'shinshi tu'ri - *lokallıq tsivizatsiyalar* esaplanıladı. Olar adamlar, etnoslar, xalıqlardın' sotsio–ma'deniy, tariyxıy birligi, ekonomikalıq ha'm geosiyasiy ma'pleri menen baylanıslı. Lokal tsivilizatsiyalar o'zgermeli xarakterge iye, biri tariyx sah'nasınan shıg'adı, ekinshileri payda bolıp, u'shinshileri bo'linedi. Biraq olar o'z–ara birlikte global tsivilizatsiyanın' bay deregin qa'liplestiredi.

O'zbekstan Respublikası jerlerinde tsivilizatsiyanın' qa'liplesiw basqıshlarına ta'n ko'rsetkishleri esaplang'an arxeologiyalıq, tariyxıy ha'm ma'deniyat estelikleri, orayları du'nyag'a belgili. Selu'ngir, Tesik–tas, Obi Raxmat sıyaqlı paleolit qonıs, tabılmaları bizin' elimizdin' ertedegi antropogenez protsessi qa'liplesken makan-jay ekenin da'lilleydi. Tsivilizatsiyanın' qaliplesiwi ha'm joqarı da'rejede rauajlanıwında urbanizatsiya (sha'h'a'rsazlıq) ma'deniyatının' a'h'miyeti u'lken. Sebebi, ertedegi qala oraylarında tsivilizatsiya rawajlanıwın ta'miynlewshi ko'plegen tariyxıy-ma'deniy qubılıslar bolıp o'tti. Arxeologiyalıq izertlewler Oraylıq Aziyanın' basqa aymaqları sıyaqlı O'zbekstan jerinde Shıg'ıstın' da'slepki tsivilizatsiya oshaqları Mesopotamiya (Ura), İndiyanın' Xarappa ma'deniyatı sıyaqlı ma'deniy oraylar qa'lipleskenin ko'rsetedi. Alıp barılg'an arxeologiyalıq izertlewler bizin' elimizde ertedegi urbanizatsiya, tsivilizatsiya ko'rsetkishlerin ja'mlestirgen Sapalı tepe, Jarqutan (bronza), keyin Afrasiab, Dalverzin, Dingilje, Guzeli qır ha'm t.b. erte temir a'sirinin' da'slepki qala-qonısları payda bolg'anın tariyxıy jaqtan da'lilledi.

Qubla Aral boyı, Xorezm alabı ha'm Oraylıq Aziyadag'ı a'yyemgi tsivilizatsiya oshaqlarınan esaplanıladı. Bul jerdegi adamzat ja'miyetinin' qa'liplesiwi arxeologiyalıq da'wirlestiriwge qarag'anda paleolit (erte tas) da'wirinen baslanadı. Qaraqalpaqstan Respublikası aymag'ında U'stu'rttegi Esen–2, Sultanuyzdag tawlarınan, Qızılqumnan tabılg'an orta paleolit, h'a'tteki ayrım ilimpazlardın' pikiri boyınsha ashel (e.b 300 mın'–100 mın') da'wirinin' miynet qralları bizin' jerimizde adamlar tirishiligi erteden baslang'anın ko'rsetedi. Keyingi tariyxıy basqıshlar–neolit, bronza, erte temir a'sirlerinde de Qubla Aral boyı jerlerinde ma'deniy rawajlanıw dawam etti.

A'sirese *Xorezmnin' antik da'wir ma'deniyatı (tsivilizatsiyası)* basqıshı tariyxtan belgili. Bul da'wirdegi tariyxıy rawajlanıwg'a ta'n bolg'an ayrım jag'daylar jazba dereklerde bar. Atap aytqanda a'yyemgi xorezmlikler, Aral boyı sak qawimleri h'aqqında «Avesta», aha'maniylerdin' Bexustin, Suza jazıwlarında (eradan burıng'ı VI-IV a'sir), Geketay Miletskiy (e.b VI a'.), Gerodot (b.e.sh. 484-425 jj.), Strabon (b.e.sh. 64-23 jj.) ha'm tag'ı basqada qatar Grek, Rim dereklerinde mag'lıwmatlar ushrasadı.

Wlıwma O'zbekstan aymaqlarındag'ı ertedegi ma'mleketshilik negizlerine ta'sir jasawshı tariyxıy sha'rt-sha'rayatlar Xorezm alabı aymaqlarında ha'm bolıp, bul u'lke a'yyemgi ma'deniyat (tsivilizatsiya) oshaqlarınan esaplanıladı. Sonın' ushında Prezidentimiz İ.A.Karimov

Xiyua qalasının' 2500 jıllıq mu'na'sa'beti menen shıg'ıp so'ylewinde ko'rsetkenindey: «O'zbek ma'mleketshiligin'in' tamal tasları bunnan 2700 jıl aldın a'ynen Xorezm alabında (voh'asında) qoyılg'an. Usı ma'nide, milliy ma'mleketshiligimiz tariyxı Egipet, Qıtay, Hindistan, Gretsiya, İran ka'bi en' a'yyemgi ma'mleketler menen bir qatarda turadı. Xorezm triyxı o'zbek ma'mleketshiligine tiyisli u'lken mag'lıwmatlar, materiallıq ha'm jazba estelikler toplang'an tariyxtın' negizi, onın' qudiretinin' ha'm qa'dimiyliginin' tastıyg'ıdur» - dep belgilenedi [1998-j. 6 kitap]. Bul ma'deniy, tariyxıy rawajlanıwlarda Xorezmnin' antik da'wir tsivilizatsiya basqıshı a'h'miyetli orın tutadı. Xorezmnin' bul da'wirdegi tsivilizatsiya jetiskenligi Batıs, Shıg'ıs ellerine belgili bola baslag'an. Bul h'aqqında, joqarıda keltirip o'tknimizdegidey jazba derekler ha'm arxeologiyalıq izertlewlerden ken'nen ma'lim.

Aral boyı, Xorezm tsivilizatsiya tariyxı Oraylıq Aziya ma'deniyat tariyxı menen tıg'ız baylanıslı. Orta Aziyadag'ı ertedegi tsivilizatsiya tariyxın arxeolog izertlewshiler bronza a'sirinen (b.e.sh. III – II mın' jıllar) baslaydı. Bul da'wirde tsivilizatsiyanın' keleshek basqıshlarının' fundamenti (tırnag'ı) qalang'an, negiz salıng'an. Erte zaman tsivilizatsiya tariyxı boyınsha O'zbekstan Respublikasında Ya.G'. G'ulamov, G.A. Pugachenkova, U.İ. İslamov, A.A. Asqarov, Yu.F. Buryakov, N.A. Avenesova, E.V. Rtveladze, R.X. Suleymanov, M.X. İsamaddinov, T.Sh. Shirinov, A.X. Berdimuratov, B.J. Eshov ha'm t.b. izertlewler alıp bardı, o'z jumısların dawam etpekte. Xorezm alabının' tsivilizatsiya tariyxı (sonın' ishinde antik da'wiri ma'deniyatı) Evropalı, Rus–sovet ha'm Qaraqalpaqstan Respublikası arxeolog-tariyxshı izertlewshileri ta'repinen u'yrenilip ilimiy pikirler aytılg'an. Olardan V. Tarn, J. Markvart (Evropa), S.P.Tolstov, M.A. İtina, M.G. Vorobeva, B.İ. Vainberg, O.A. Vishnevskaya, V.M. Masson, V.İ. Sarianidi (Rossiya), V.N. Yagodin, M.M. Mambetullaev, G.X. Xojaniyazovlardın' (Qaraqalpaqstan) izertlewleri belgili. S.P.Tolstov Aral boyı, Xorezm alabınan a'yyemgi bay arxeologiyalıq, tariyxıy esteliklerin ashıp bul u'lkeni "Orta Aziya Egipeti" dep joqarı bah'alaw menen birge "Shıg'ıs tsivilizatsiyasının' forpostı", "Xorezm tsivilizatsiyası"- degen tu'siniklerdi tariyx ilimine engizdi. Onın' kelip shıg'ıw (kulturogenez) ma'selesin o'zi toplag'an materiallar negizinde ken'nen analiz jasadı.

Degen menen Xorezmnin' antik da'wir tsivilizatsiya tariyxı arnawlı, wlıwmalastırılıp izertlenbedi. Arxeologiyalıq materiallardan

toplang'an derekler ulıwmalastırılmadı, tariyxıy bag'darlarg'a jo'nelistirilmedi. Bul tema tariyxshı izertlewshiler, studentler, magistrler ta'repinen de referat, yaki ilimiy shıg'arma tu'rinde orınlanbag'an. Usı jag'daydı esapqa alıp biz o'zimizdin' oqıw- metodikalıq qollanba jumısımızdı «Xorezm antik da'wir tsivilizatsiya tariyxı» - dep ataymız. Bul oqıwlıq - qollanbanın' tiykarg'ı maqseti: bakalavr, magistr bag'darı oqıw jobası negizinde arxeologiya, a'yyemgi tariyx pa'nlerindegi o'zlestirilgen mag'lıwmatlardı jan'a arxeologiyalıq derekler menen salıstıra otırıp ilimnin' "arxeologiya", "tariyx" qaniygeliklerinde tsivilizatsiya tariyxı boyınsha izertlew jumıslarına qoyılg'an talaplarg'a juwap beriw, ilimiy juwmaqlar jasawdan iba'rat. Oqıw–metodikalıq qollanba jumısının' derekler bazası–tariyxıy mag'lıwmatlar, jan'a arxeologiyalıq izertlewler ha'm arnawlı a'debiyatlar esaplanıladı. Ha'zirgi zaman gumanitar iliminin' izertlew usıllarında tariyxıy protsesslerdi u'yreniwde eki bag'dar qa'liplesken. Olar tariyxıy qubılıslardı izertlewdin' formatsiyalıq-klasslıq ha'm tsivilizatsiyalıq usılları. Jan'a zamanda tariyxtı izertlew jag'dayları eski formatsiyalıq usıl o'zinin' ma'nisin jog'altqanın ko'rsetpekte. Ha'zirgi ja'miyettanıw iliminde biliwdin' tsivilizatsiyalıq izertlew usılları ko'birek qollanıladı. Biz o'z izertlewimizde Xorezm antik da'wir ma'deniyat tariyxın u'yreniwde tariyxıy-arxeologiyalıq analiz jolın tan'lap, bul da'wirdin' tsivilizatsiya ko'rsetkishlerin ta'ripleymiz.

Oqıw - metodikalıq qollanba kitabı 2012-2016–jıllarda islep shıg'ıp orınlanatwg'ın **F.1-78 "Xorezm tsivilizatsiyası tariyxı" (Xorezm tsivilizatsiyasini tadqiq etishning zamonaviy moh'iyati)** atamadag'ı **ma'mleketlik grant** temasının' jobasına sa'ykes tayarlandı. Qollanba illyustrativ materiallar menen bezelgen.

# I-BAP. XOREZM TsİVİLİZATsİYaSI TARİYXNASA'YKESI

*Oraylıq Aziya ha'm Xorezm tsivilizatsiya tariyxın izertlew. Tsivilizatsiyanın' da'slepki oshaqları. Bronza, erte temir a'siri, protogorod ma'selesi.*

## I.1. Oraylıq Aziyada antik da'wir tariyxın izertlew

Tariyxıy, arxeologiyalıq izertlewler Orta Aziyada, sonın' ishinde Qubla Aral, Xorezm oazisinde tsivilizatsiyanın' rawajlanıwın bronza da'wirinen baslaydı. Bronza a'siri ertedegi tsivilizatsiyanın' fundamenti (tırnag'ı) – dep esaplanadı. Aral alabındag'ı tsivilizatsiya tariyxı Orta Aziyadag'ı ma'deniyat jetiskenlikleri menen tıg'ız baylanıslı. Sonın' ushında biz jergilikli tsivilizatsiya tariyxnamasına toqtasa'ykestan aldın Orta Aziya tsivilizatsiya oshaqların izertlewlerge qısqasha sholıw jasaymız.

Eneolit, bronza da'wirinde Orta Aziyanın' tu'slik jerlerinde (Sarazm, Sapalli tepe, Jarqutan (O'zbekstan), Anau I-II, Altın tepe, Namazg'a (Turkmenstan) da'slepki qala tu'siniklerine juwap beretug'ın qonıslıqlar payda bolg'an. Bul qonıslardı izertlewde belgili rus - sovet ilimpazları V.M.Masson, V.İ. Sarianidi İ.N.Xlopin (Rossiya) ha'm t.b.u'les qostı. O'bekistan Respublikası alımlar - akademik A.A.Askarov Surxan voh'ası, E.V.Rtveladze, A.S. Sagdullaevlar Qashqada'rya, professor Yu.A.Zadneprovskiy Ferg'ana alabının' a'yyemgi qalaların izertledi. Akademik V.M. Masson Tu'slik Turkmenstandag'ı Altın tepe mısalında bul regionda ertedegi tsivilizatsiya oshaqları, qalalardın' qa'liplesiwin ma'sele etip qoydı. V.M.Masson bılay dep jazadı: «Tu'slik Turkmenstandag'ı iri qonıslar adamlardın' ja'mlesken jeri bolıp qalmay, o'ndiris, ma'deniy salah'iyat (potentsial), o'nermentshilik ha'm sawda xızmetinde atqarg'an». Mine usı negizde V. M.Masson bronza a'sirine kelip «Altın tepe, Namazgada awıl xojalıq oazisleri, qala, sawda, o'nermentshilik yasa'ykesa a'skeriy adminstrativlik ha'm ma'deniy ideologiyalıq oraylar qa'liplesti» - degendi aytadı [Masson, 1981].

XX a'sirdin' 70 jıllarına kelip ertedegi qala ma'deniyatının' izlerin izertlew ken' qo'lemde baslandı. V. M. Massonnan basqa O'zbekstannın' tu'sliginde A.A.Askarov Sapallıtepe, Jarqutan esteliklerin izertlew jolı menen, elimiz tu'sliginde ertedegi urbanizatsiya problesa'ykesın ma'sele etip qoydı. A.A. Asqarov O'zbekstannın' tu'sligindegi ertedegi qala ma'deniyatı qaldıqların Afg'anistan, İran, Hindistannın' a'yyemgi awıl xojalıq oazisleri ma'deniyat oshaqları

esteliklerí menen salıstıradı ha'm de ilimpaz O'zbekstan aymag'ındag'ı urbanizatsiyalıq protsess 3,5 mın' jıl burın qa'lipleskenligin da'leylleydi [Sapalli tepe, 1977; Jarqutan, 1983].

V.M. Masson o'zinin' son'g'ı izertlewlerinde tu'slik Turkmenstandag'ı qalalardı (protogorod - ertedegi qalalar) klassifikatsiyalaydı, olardın' sotsiallıq, ekonomikalıq, a'skeriy oray bolg'anlıg'ın, tu'slik Turkmenstanda protogorod encolit ha'm bronza da'wrinde qa'liplesken degen pikirdi aytadı. Vadim Masson ertedegi qala tariyxın izertlewde o'zinin' klasifikatsiyalıq dizimin islep shıqtı. Bul boyınsha *ertedegi tsivilizatsiya oshag'ı qala to'mendegi ma'deniy kompleksten quraldı: qala+monumental arxitektura+jasau arxitekturası (u'y-jay)+ o'nermentshilik + aqsha qatnasları + qala turmısı + massalıq isenim + buddizm (bul kushanlar: I-IV a'sirler da'wirine tiysli komplekslerge ta'n).*

Belgili rus izertlewshisi Viktor Sarianidi (Moskva) Margiana ha'm Grek-Baktriya esteliklerin izertlew jolı menen Afg'anistan aymag'ında (Dashlı, Tilla tepe) qala tsivilizatsiyasının' qa'lipleskenligin da'lilleydi [Tilla tepe, 1985]. Ma'selen V. Sarianidi Arqa Afganistanda Dashlı oazisinde saray, xram ornın qazdı ha'm izertlew juwmag'ında mınaday pikirge keledi. Onın' aytıwınsha «Arqa Afganistanda (Baktriya aymag'ı), bronza da'wirinin' o'zinde-aq jerden paydalanıwdın' eki shaqapshası qa'liplesken: 1-menshik jer ielewshiligi, 2- xram jer iyelewshiligi. Usı da'wirde Baktriyada qa'niygelesken o'nermenshilik te payda bolg'an» – degen pikirdi aytadı. Bul pikirge keliw ushın V.Sarianidi Mesopotamiyag'a ta'n bolg'an urbanizatsialıq ma'deniyat belgilerine salıstırmalı su'yenedi. Baktriyada bronza da'wrinin' o'zinde qala tipindegi qon'ıslar qa'liplesken ha'm axamaniyler waqıtında-aq (b.e.sh. VI –a'sir) shın ma'nisindegi qalalar payda bolg'an degen juwmaqqa kelgen.

Belgili arxeolog Yu.A.Zadneprovskiy (Sankt - Peterburg) uzaq jıllar dawamında Fergana alabında a'yyemgi diyxanshılıq ma'deniyatı, ma'mlektshiliq ma'selesin u'yrendi, izertledi. Ol «Fergana alabında bronza da'wrinde qalalardın' payda bolıwı mu'mkinbe?»- degen sorawg'a diskussiyalı xarakterde juwap berdi [1962]. Tashkentli arxeolog akademik Yu.F.Buryakov Tashkent ha'm Axangaran o'zenindegi bronza da'wirinin' ma'deniyatların izertledi [1982]. Yuriy Buryakovtın' basle izertlew obektilerinin' biri – Yaksart (Sırda'rya) basseynindegi a'yyemgi da'wir urbanizatsiya ha'm tsivilizatsiya tariyxı esaplanıladı. Onın' pikirinshe otırıqshılıq da'stu'ri ta'n bolmag'an

xalıqlarda da urbanizatsiya qubılısları ha'm etnik birlik qa'liplesken. Orta Aziya ha'm Qazaqstan aymag'ı Evraziyanın' a'yyemnen rauajlang'an arqadag'ı tsivilizatsiya oshaqlarının' biri. Bul aymaq ken' territoriyag'a, o'zgeshe urbanizatsiyalıq protsesslerge, almasıw-sawda orınları, o'nermentshilik orayı, bay qazılma baylıqlarg'a iye. Usı negizde Orta Aziyanın' iri da'ryaları deltasında Xorezm sıyaqlı urbanizatsiya, tsivilizatsiya ha'm ma'mleketshilik orayı qa'liplesken [Buryakov, 2010].

O'zbekstan Respublikasında tsivilizatsiya, ma'mleketshilik, antik da'wir ma'deniyat tariyxın izertlewshilerdin' biri akademik E.V.Rtveladze esaplanıladı. Edvard Rtveladze o'zinin' da'slepki izertlewlerin Qubla O'zbekstan aymaqlarındag'ı antik da'wir estelikleri arxeologiyasın u'yreniwden baslag'an. XX a'sirdin' 70-80 jj. maqala, monografiyaları ha'm doktorlıq dissertatsiyasında tsivilizatsiya ko'rsetkishi esaplang'an ertedegi qalalalardın' payda bolıw negizleri ha'm ta'sir etiwshi faktorların Shıg'ıstag'ı ma'deniyat oshaqlarındag'ı eski qalaları menen salıstırmalı izerleydi. Keyingi basqıshta g'arezsizlik ideyası, ma'mleketshilik tariyxı kontseptsiyasına sa'ykes tsivilizatsiya tariyxına arnalg'an jan'a ilimiy a'debiyatlar du'rkimin baspada ja'riyaladı [Rtveladze, 2005; Rtveladze, 2009]. Bul shıg'armalar Orta Aziyadag'ı tsivilizatsiya tariyxının' ertedegi basqıshlarındag'ı (b.e.sh.II mın'. jıl. – e. IV-V a'a'.) ma'deniyat jetiskenlikleri, ma'mleketshiliktin' qa'liplesiw ma'selelerine arnalg'an. İlimpaz «a'yyemgi Xorezm tsivilizatsiyası – Orta Aziyadag'ı ayrıqsha, o'zine ta'n belgilerge iye» - degen juwmaq shıg'aradı.

O'zbekstan Respublikası aymag'ında tsivilizatsiya tariyxın izertlewde professor R.X.Sulaymanovtın' xızmetleri u'lken. İlimpaz tsivilizatsiyanın' da'slepki basqıshına negiz bolg'an tas da'wiri jetiskenlikleri menen qatar antik, erte orta a'sir ma'deniyatındag'ı jetiskenliklerdi Naxsheb (Nasaf) alabı tarityxıy estelikler ha'm artefaktlar mısalında o'rnekli jumıslar alıp barmaqta. Rustem Suleymanov bul jerdegi Erqorg'an (Nikshapayya-Naxsheb) mısalında Sog'da urbanizatsiya protsessesin izertlep jergilikli tsivilizatsiya tariyxın u'yreniwge u'les qostı [Suleymanov, 2000].

O'zbekstan Milliy universiteti professorı A.S.Sagdullaevtın' izertlewlerinde ha'm Oraylıq Aziya tsivilizatsiyasının' erte basqıshları Baktriya estelieleri negizinde izertlengen. Orta Aziyanın' erte temir a'siri tariyxında (b.e.sh.IX-VIII a'sir) tu'slik jerlerde (Baktriya patshalıg'ınan burın) aq Avestadag'ı «Arënamvayjo» yaki

«Arëshaynëa» jergilikli iraniy qa'wimlerinin' siyasiy birikpesi (konfederatsiya) qa'liplesken. Keyin, 329-327 jj. Margiyana, Parfiya, Baktriya, Sog'dda ha'm Xorezmde g'arezsiz ma'mleketler qa'liplesti. Anatoliy Sagdullaev o'z izertlewlerinde erte temir a'sirden rauajlang'an tsivilizatsiyalıq qubılıslarg'a ken'nen sholıw jasag'an [Sagdullaev,1989; 1992]. İlimpaz ta'repinen Orta Aziyada erte temir a'sirinin' da'slepki 22 esteligi anıqlang'an, olardın' 4 Xorezm alabında jaylasqan (Gu'zeli qır, Kuyusay, Uygarak, Dingilje). Keyingi izertlewlerde erte temir a'sirine tiyisli estelikler sanı 350 den astı. Xorezm alabında b.e.sh. VI-V a'a'. qurılg'an u'lken, uzın kanallar, eginshilik orınları anıqlang'an. Arxeologiya ilimi bul suwg'arıw qurılısların Xorezm, Sog'da, Parfiya sıyaqlı a'yyemgi ma'mleketler payda bolg'an jag'dayda g'ana qurıw mu'mkin degen juwmaqqa keledi. Ulıwma izertlewshiler Axameniylerden (b.e.sh.VI-IV a'a'.) aldın'g'ı da'wirdin' (b.e.sh. VII-VI a'a'.) o'zinde a'yyemgi Xorezmde ku'shli qulshılıq (yag'nıy ma'mleketlik) du'zim qa'liplesken degen pikirge keledi.

Professor T.Sh.Shirinov elimiz tu'sligindegi tsivilizatsiya tariyxın izertlew boyınsha bronza ma'deniyatı materialları boyınsha izertlewler alıp bardı. İlimpaz tsivilizatsiyanın' ma'lim da'rejede rawajlanıwına urbanizatsiya protsesslerinin' ta'sirin atap o'tedi. Temur Shirinov pikirinshe Orta Aziyanın' erte sha'h'arsazlıq ma'deniyatı negizinen o'zine ta'n arxeologiyalıq belgileri menen ajıralıp turadı. Olar joqarı qatlam wa'killeri, h'a'kim jasaytug'ın jay, sıyınıw orınları-ibadatxanalar, qorg'anıw-bekiniske iye ark-tsitadeldin' bo'lek jaylasıwı, 3-6 ga ten' turar-jay ma'h'a'lleleri, islep shıg'arıwshı ku'shlerdin' bir jerge toplanıp, suwg'arma diyxanshılıq oazisi orayının' qa'liplesiwi, o'nermentshiliktin' joqarı o'siwi, mu'lk iyelerinde mo'r, baylıq toplanıw, saulatlı qurılıslardı (saray, ibadatxana) rejege sa'ykes qurıw, sawda almasıw, tasqa nag'ıs (gliptika) sanatının' qaliplesiwi usag'an belgilerdi ko'rsetip o'tedi [Shirinov,1999]. Ulıwma alg'anda, T. Shirinov Jarqutanda alıp barılg'an arxeologiyalıq izertlewler negizinde O'zbekstan tu'sligindegi tsivilizatsiyanın' ayqın u'lgisi bolg'an urbanizatsiyalıq ma'deniyat izlerin ashtı ha'm Oraylıq Aziya antik da'wir (bronza, temir a'siri) ma'deniyat tariyxın izertlewge u'les qostı.

Oraylıq Aziyadag'ı tsivilizatsiyanın' erte basqıshı (bronza) tariyxın arxeologiyalıq materiallar negizinde izertlegen professor N.A. Avenesova (Samarkand) bul taraw boyınsha iri teoriyalıq juwmaqlar shıg'ardı. Onın barlıq izertlewleri derlik bronza ma'deniyatlarına arnalg'an. İlimpaz urbanistlik tsivilizatsiya oshaqlarının' bir negizin

Sog'danın' bronza da'wirindegi sharwa - diyxanlar obshinası qa'liplestirgen [Avanesova, 2001].

*Professor* B.J.Eshov *o'zinin' Orta Aziyanın' a'yyemgi qalalar* tariyxına arnalg'an miynetlerinde urbanizatsiya tariyxı menen qatar tsivilizatsiya qublıslarına ken' sholıw jasaydı. Onın' pikirinshe Respublikamızda rauajlang'an otırıqshı diyxanshılıq ma'deniyatı, erte qalasazlıq, ma'mleketshiliktin' payda bolıwı, tek g'ana Orta Aziya elatlarının' emes, al a'yyemgi Shıg'ıs tsivilizatsiyasının' ha'm oraylıq buwının qurag'an. Bah'adır Eshov Turan-Maverannaxr du'nya tsivilizatsiyası oshaqlarının' biri esaplanıp, bul ulkelerde en' a'yyemgi da'wirlerden baslap tu'rli a'h'miiyetli tariyxıy-ma'deniy protsessler ju'zege kelgen degen pikirdi qollaydı [Eshov,2006, 2010]. Onın' boljawınsha tsivilizatsiya tariyxının' da'slepki basqıshların arxeologiyalıq mag'lıwmatlar negizinde u'yreniw a'h'miyetli, bul ilim toplag'an materiallar tsivilizatsiyanın' rawajlanıw basqıshlarının' sırtqı ha'm ishki ko'rinislerin anıq sa'wlelendiredi.

Joqarıdag'ı ilimpazlardın' pikirlerin ulıwmalastırıp aytqanda ertedegi orta Aziya qalaları-bular da'slepki tsivilizatsiya orayları, olardın' jaylasıwı, rayonlastırılıwı ha'm xronologiyası to'mendegilerden ibarat. Orta Aziyada birinshi qala bul-tsivilizatsiya oshag'ı (yag'nıy da'slepki urbanizatsiya ha'm tsivilizatsiya orayları). Olar da'slep to'mendegidey basqıshlardan turadı.

*Birinshi da'wir*-b.e.sh.III- mın' jılıqtın' birinshi yarımı II mın' jıllıq. *Ekinshi da'wir*-b.e.sh. II mın' jıllıqtın' 2 yarımı xa'm ortaları: tu'slik Turkmenistanda Murg'abtın' to'mengi ag'ımı Gonur esteligi, Tu'slik O'zbekstanda Jarqutan. *Ushinshi da'wir*- II yarım mın' jıllıqtın' ortaları Murg'ab da'ryasının' to'mengi ag'ısı, Kashqada'rya, Zarafshan, Surxanda'rya alapları, Xorezm, Ferg'ana alabı. Bul basqıshlardag'ı tsivilizatsiya ko'rsetkishler, mag'lıwmatlar, arxeologiyalıq izertlewler menen Kishi Aziyadag'ı b.e.sh. X-VIII a'sirlerdegi derekler menen u'nlesedi. Atap aytqanda bul da'wrdegi qalalarg'a bekinis (fortifikatsiya), qorg'anlar, o'nermenshilik o'ndirisi xarakterli.

Orta Aziyanın' tu'sliginde ertedegi temir a'sirinen baslap diyxanshılıq aymaqlarında urbanizatsiya protsessi tez pa't penen rawajlandı. Na'tiyjede to'mendegi tariyxıy-geografiyalıq aymaqlar iri qala orayları, bekinislerge iye boldı. Mısalı: Baktriya, Sogdianada, Xorezmde, Parfiyada, Margianada, Ferg'anada: Altın Dilyar, Qızıltepe, Erqorg'an, Uzınqır, Afrasiyab, Qo'ktepe, Erkqala, Dalverzin, Gu'zelı qır qusag'an qala orayları qa'liplesti.

Bul qala oraylarının' qa'liplesiwne ekonomikalıq, sotsiallıq ma'deniy, a'skeriy faktorlar ta'sir jasadı. Ertedegi qalalar oazis yasa'ykesa oblast orayı, sonda-aq a'skeriy, adminstrativlik, o'nermenshilik, sawda orayları bolıp qa'liplesti. Mısalı: Baktriya menen Marg'ianada erte temir a'sirinin' o'zinde 20 dan aslam qala tipindegi qonıslar bolg'an. Solardın' arasında iri qalalarg'a Afrasiab - I (b.e.sh.VIII-VII a'a'.) ha'm onın' proto-esteligi Ko'ktepe esaplanadı. Ko'ktepe Sog'dadag'ı ertedegi qala statusına iye bolg'an da'slepki tsivilizatsiya ornı [İsamaddinov, 2005]. Buxara aymaqlarında ha'm arkte (qala orayı) b.e.sh.VI-V-IV a'sirlerdin' o'zinde qala ma'deniyatı rawajlang'an. Qashqada'rya alabındag'ı Uzınqır esteligi arqalı bizin' b.e.sh. IX-VII a'sirlerdin' o'zinde qalalardın' rawajlang'anın ko'remiz.

*Mine biz joqarıda qısqasha toqtap o'tken aymaqlar Orta Aziyadag'ı da'slepki tsivilizatsiya oshaqları bolıp, olar antik da'wir tsivilizatsiyasının' Oraylıq Aziyadag'ı ko'rsetkishleri esaplanıladı.*

## I.2. Aral boyı, Xorezm alabında a'yyemgi da'wir tsivilizatsiya tariyxın u'yreniw

1937-jıldan baslap moskvalı arxeolog, etnograf ha'm tariyxshı S.P.Tolstov (1907-1976) basshılıg'ındag'ı Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası o'z jumısın baslaydı. Bul ekspeditsiya 1992-j. deyin Aral boyı tsivilizatsiya oshaqlarında arxeologiyalıq izertlewlerdi dawam etti. Sergey Tolstov basshılıg'ındag'ı Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası da'slep antik da'wirdin' esteliklerin izertledi. Mısalı: Dingilje, Gu'zeli qır, Qalalı qır, Qoy qırılg'an qala, Topraq qala esteligi. Bul estelikler b.e.sh. VII-V-IV a'sirlerge tuwra keledi yag'nıy axemeniyler da'wirine deyin-aq (b.e.sh.VI-IV a'a'.) olar Qubla Aral boyı qala tipindegi qonıs-makanlar bolg'an. Usıg'an negizlenip S.P.Tolstov sha'kirtleri Yu.A.Rapoport, M.G. Vorobevlar b.e.sh. VII a'sirdin' o'zinde Xorezmde qala ha'm ma'mleketshilik qa'liplesken degen boljawdı aytqan. Biraq bug'an qarsı V.M.Masson o'z pikirin bildiredi. V.Massonnın' aytıwı boyınsha axemeniyler da'wirine deyin Xorezmde qala ma'deniyatı rawajlanbag'an. Degen menen ko'pshilik ilimpazlar Orta Aziyanın' tu'sligindey (Baktriya, Sog'da) Xorezm oazisinde de erteden aq qala ma'deniyatı rawajlang'an dep esaplaydı. Bul ilimiy tartıslardın' sebeplerin anıqlawg'a Xorezmnin' antik da'wir esteliklerin izertlew *tariyxnamasına* anıqlıqlar kirgizedi.

Joqarıda atap o'tkenimizdey Xorezm alabında arxeologiyalıq esteliklerdi ken' ko'lemde izertlew jumısları 1937 j. baslandı. Bug'an deyinde A.Yu.Yakubovskiy ta'repinen Go'ne-Urgenish, Mizdaxkan (Xojeli) estelikleri 1928-1929 jj. izertlengen edi. Biraq onda bul qalalardın' orta a'sirlik tariyxı g'ana u'yrenildi. Son'ınan A.Yu.Yakubovskiy Topraq-qala esteligi mısalında Xorezm, Orta Aziya qalasının' ertedegi qa'liplesiu jag'dayına baylanıslı o'z boljauların jan'a pikirler menen tolıqtırdı [Yakubovskiy,1951].

1937- 1940 jj. Xorezm ekspeditsiyası Joqarg'ı Xorezm jerlerindegi arxeologiyalıq esteliklerdi izertleydi. Bul izertlewlerde ilimge birinshi ma'rte Amuda'rya joqarg'ı ag'ımındag'ı Chorjoudan baslap - Nokiske deyingi aralıqtag'ı esteliklerde da'slepki izertlewler alıp barıldı. Olardın' qatarında orta a'sir qalaları, antik da'wir tsiilizatsiyası u'lgileri, ka'rwan saray usag'an estelikler boldı. Ma'selen, Xorezmnin' ertedegi tsivilizatsiya basqıshına Janbas qala, Gauir qala (Sultan uizdag), Gu'zeli kır, Qalalı gır, Shax sanem estelikleri jatadı. Olardan basqa 1937-1938 jj. S.P.Tolstov basshılıg'ındag'ı ekspeditsiya antik da'wirge tiyisli Qoy qırılg'an qala, Anqa qala, Qozı qırılg'an qala, Bazar qala, Kishkene Qırıq qız qala, Topraq qala *usag'an antik da'uirdin' b.e.sh. IV-e.IV a'sirlerine tiyisli qala komplekslerin* ashtı. Olardın' qatarında *kangyuy da'wirine tiyisli (b.e.sh.IV-I a'a'.)* Ayaz qala komplekside bolg'an. Bul izertlewlerdin' da'slepki juwmaqları A.İ.Terenojkin [1940], S.P.Tolstov [1948,karta-sxema], Ya.G'.G'ulamov [1939] maqalalarında ja'riyalandı. Al, 1940–jılg'ı (arxeologiyalıq izertlewlerdin' to'rtinshi ma'usimi) jumıslarda jan'adan antik da'wir qala–qorg'anları Gaur qala (A'miwda'rya boyında, Qara tau janında), Eres qala, Aq tepe, Kishi Qavat qala usag'an estelikler ashıldı.

Ulıwma, Ekinshi du'nya ju'zlik urıstan aldın'g'ı to'rt dala ma'wsiminde (1937-1940) Xorezm ekspeditsiyasının' izertlewleri basqada da'wir estelikleri menen qatar antik da'wir tsivilizatsiyasına ta'n bolg'an esteliklerdi birinshi iret ashtı. Bul izertlewler waqtında S.P.Tolstov "Xorezm tsivilizatsiyası" degen tu'sinikti arxeologiya ilimine engizdi.

Juwmaqlastırıp aytqanda S.P.Tolstov usı da'wirdegi izertlewlerdin' o'zinde aq antik da'wirdegi Xorezm tsivilizatsiyasının' tariyxıy esteliklerin to'mendegi basqıshlarg'a bo'ldi. 1- Jasau diywalları bar qalalar (Gu'zeli qır, Bazar qalanın' erte qatlamları), 2- Kangyuy ma'deniyatı (Djanbas kala, Qoy qırılg'an qala, Kishi Qırıq qız, Kyunerli qala, Aq tepe t.b), 3-Kushan ma'deniyatı, II-III a'a'. tiysli estelikler.

1188/1

Xorezmnin' antik da'wir ma'deniyatının' rauajlanıuı dawam etedi (xarakterli esteligi Ayaz qala № 3, Topraq qalanın' orta ma'deniy qatlamı), 4-Kushan-afrig ma'deniyatı (III-V a'a'.), bul waqıtta Xorezmnin' antik ma'deniyatı dag'darısqa ushırap (krizis), qala turmısı h'a'lsirep, ıdırap zamok - qorg'an tipindegi qonıslar payda boladı (xarakterli estelikleri Topraq qala, Jekke Parsan, Kishi Qabat qala) [Tolstov, 1948 a].

Bul u'lken tsivilizatsiyalıq ashılıw boldı. Sol zamannan baslap XX a'. 70-80 jj. deyin S.P.Tolstovtın' da'slepki ilimiy boljawları ta'n alındı. Biraq Orta Aziyadag'ı son'g'ı arxeologiyalıq izertlewler bul ullı ilimpazdın' ayrım pikirlerin korrektsiyalawg'a, o'zgertiwlerge alıp kelmekte. Atap aytqanda, V.M.Masson S.P.Tolstovtın' a'yyemgi Xorezm tariyxın (arxeologiyalıq estelikler negizinde) "kangyuy" ha'm "kushan" , basqıshlarına bo'liwge onsha kelisim bermeydi. Ol Qıtay dereklerindegi Kangyuy (b.e.sh. IV-I a'a'.) urbatoponimin Xorezm alabında jaylastırıw jergilikli materiallar menen tastıqlanbaydı degen boljawda qalmaqta [Masson, 2006]. Biraq ayrıqsha atap o'tiw kerek, Xorezm ekspeditsiyasının' da'slepki izertlewlerinin' juwmaqlarında aq ertedegi Xorezm tsivilizatsiyası kulturogenezindegi innovatsiyalar, ertedegi ma'mleketshiligi h'aqkında da'slepki boljawlar aytıldı.

Keyingi da'wirlerde, S.P.Tolstovtın' sha'kirti B.V.Andrianov antik da'wir Xorezm tsivilizatsiyası esteliklerin suwg'arıw sistemaları negizinde izertlewler alıp bardı. Aral boyı jerlerindegi irrigatsiya, eginshilik tariyxı ilimpazdın' tiykarg'ı izertlew obekti boldı. Boris Andrianov a'yyemgi swwg'arıu kanalların, arıq-h'awızlar, tarnaw, suw saqlag'ıshlardı (ulıwma a'yyemgi suwg'arıu siteması) izertlew barısında XX-a'. 60 – jıllarına kelip Shep jag'adag'ı Xorezmde 60, al On' jag'adag'ı A'muda'rya deltasında 250 arxayka basqıshının' qonısları barlıg'ın anıqladı [Andrianov, 1967; Vorobeva,1979].

Keyin XX-a'. 70-jıllarına kelip Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiya ilimpazları ha'm O'zbekstan Respublikası İlimler akademiyası Qaraqalpaqstan bo'limi xızmetkerleri ta'repinen izertlewler na'tiyjesinde On' jag'adag'ı estelikler sanı burıng'ı ko'rsetkishlerinen de arttı. 1998-j. Xorezm ekspeditsiyasının' eski xızmetkerlerinin' biri Yu.A.Rapoporttın' "Xorezmnin' a'yyemgi tariyxı qısqasha ocherki" dep atalg'an miynetinde Xorezm tsivilizatsiya erte basqısh tariyxına tiysli estelikler sanı 400 ge jetedi dep ja'riyalandı [Rapoport, 1998]. Bul san ha'm sapa ko'rsetkishleri XXI a'. Qaraqalpaqstan ha'm Turkmenistan arxeologları izertlewleri menen tolıqtırılmaqta. Qaraqalpaqstanlı

arxeologlar jan'adan bir-neshe onlag'an jergilikli antik tsivilizatsiyasına tiyisli esteliklerdi ashtı (Aqshu'ngil, Svend tepe, Topraq qala tepe, Qara tepe 1-4, Qiyatabad ha'm t.b.).

Bul esteliklerdin' ko'pshiligi antik da'wir tsivilizatsiyasına ta'n qala ha'm o'nermentshilik orayları. Olar Qaraqalpaqstan Respublikası qubla aymag'ındag'ı Qoy qırılg'an qala (e.b V a'.), Ayaz-qala (b.e.sh. VI-V a'.), Janbas qala (b.e.sh. V-a'.), Tashqırman tepe (b.e.sh.V-IV a'a'.) a'traplarında jaylasqan. Antik da'wirine ta'n bolg'an keramika o'ndirisi orayları Bazar qala, Adamlı qala ha'm Xumbuz tepe (Xazarasp rayonı, Amuda'rya boyında) a'tiraplarında ha'm izertlengen.

1937 j. du'zilgen Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası 1946,1959 jj. aralıg'ında Sırda'rya, Jan'a da'rya ha'm Quan da'ryanın' eski an'g'arlarında (tarmaqları) a'yyemgi da'wirge tiysli *sak qa'wimleri awqamı* – apasiaklar (Jan'a da'rya), toxarlar (İnkar da'rya), augasiyler (Quan da'rya, Sırda'ryanın' to'mengi alabı) esteliklerin anıqlaydı. Al 1959-j. bolsa İnkar da'ryada sakaravaklarg'a tiyisli ma'deniyat izleri ashıldı. S.P.Tolstov bul estelikti «Strabon (Rim) aytqan batpaqlıq ha'm ataw sa'ykessagetlerine» jatqaradı [Tolstov, 1962]. Bul esteliklerge jaqın ma'deniyat izleri Jeti Asar, Shirik Rabat, (b.e.sh.V-II a'a'.), Babish Mulla (b.e.sh. IV-II a'a'.), Balandı (b.e.sh. V-II a'a'.) janlarındag'ı tsivilizatsiya izleri menen de tastıyıqlanadı. Ulıwma alg'anda antik da'wir Xorezm tsivilizatsiyası tariyxına baylanıslı arxeologiyalıq izertlewler XX a'.50–60–70 jj. ken' pa't penen ju'rgizildi. Bul onlag'an jıllar dawamındag'ı izertlewlerde Qaraqalpaqstan aymag'ındag'ı Qoy qrılg'an qala, Topraq qala, Ayaz qala usagan esteliklerde ko'lemli, turaqlı (statsionar) kazıw jumısları alıp barıldı. Olardın' juwmaqları S.P.Tolstovtın' monografiyaları, ha'm arnawlı toplam, kitaplarda ja'riyalandı [«Koy krılg'an qala»,1973; «Toprak kala. Dvorets», «Gorodishe Toprak kala»,1982,1984; «Drevnosti Yujnogo Xorezma»,1991; «Gorodishe Gyuzeli kır–2», 2002 ha'm t.b.]. Bulardan basqa Vorobeva M.G. «Dingildje. Usadba I tıs. do n.e. v Drevnem Xorezme». M.,1973; Vainberg B.E. «Kalalı kır 2. Kultovıy tsentr v Drevnem Xorezme». M.,2004 ha'm t.b. antik ma'deniyatına arnalg'an bir–neshe onlag'an ilimiy maqalalar ja'riyalandı.

Ulıwma S.P.Tolstov basshılıg'ında, 1937-1992–jj. aralıg'ında ilimiy izertlewler alıp barg'an Xorezm arxeologiya-etnografiyalıq ekspeditsiyası (Moskva) to'mengi A'miuda'rya, Sırda'rya, U'stu'rt ken'isligi, Qızılqum, arqa Qaraqum jerlerinde jaylasqan tas, bronza, temir a'sirleri, antik tsivilizatsiyası, orta a'sirler arxeologiyalıq

esteliklerinde izertlewdi sho'lkemlestirdi. Biraq onın' tiykarg'ı ayrıqsha klassik xızmeti *Xorezm tsivilizatsiyası tariyxın ashıu edi.* Aral boyı, Qaraqalpaqstan aymag'ındag'ı urbanizatsiya tariyxın izertlewde Qoy kırılg'an qala (b.e.sh.IV e.- e.IV a'a'.), Topraq-qala (I-IV a'a'.) esteliklerin qazıw juumaqları bul jerdegi tsivilizatsiya tamırlarının' a'yyemnen baslang'anın du'nya ellerine tanıtpaqta.

Arxeologiya iliminin' jergilikli ua'killeri XX-a'. II yarımı – XXI a'. da'slepki on jıllıqları aralıg'ında Qaraqalpaqstan aymag'ındag'ı esteliklerde jan'a arxeologiyalıq izertlewlerdi sho'lkemlestirmekte. O'zbekstan Respublikası İlimler Akademiyasının' Qaraqalpaqstan bo'limi (O'zRİA QQB) Gumanitar pa'nler ilimiy izertlew institutı (QQGİİİ) (burıng'ı Tariyx,arxeolgiya ha'm etnografiya institutı) arxeologiyalıq otryadları Xorezm wa'layatı, U'stu'rt dalasında, Aral aldı da'rya deltasında qatar jan'a arxeologiyalıq esteliklerdi u'yrendi. Bul jerlerden tabılg'an materiallardın' biri antik da'wir ma'deniyatına tiyisli ekenligi anıqlandı. O'tken jıllardag'ı arxeologiyalıq izertlewlerdi A.A. Gudkova [Tok kala, 1964], V.N. Yagodin [1963, 1970 ], M.M. Mambetullaev [1990, 1994], Yu.P. Manılov ha'm G'.X. Xojaniyazovlar alıp bardı [2007]. Bul jıllardag'ı alıp barılg'an arxeologiyalıq qazıw, izertlewler dawamında o'tmish ma'deniyat tariyxı jan'a ashılıwlar, tabılmalar menen tolıqtırılg'an. Olardın' arasında Xorezm antik da'wir tsivilizatsiya tariyxına baylanısı bar jan'a esteliklerde ken' ko'lemli arxeologiyalıq qazıwlar sho'lkemlestirildi.

Atap aytqanda t.i.d, professor M.M. Mambetullaev bir-neshe jıllar dawamında (1976-1977, 1978-1982, 1983-1988 jj.) Shomanay rayonındag'ı U'lken Aybuyir qala esteligin izertledi [1990, 2011]. Bul jerde basqada qurılıslar qatarında estelik orayındag'ı u'lken sıyınıw ornı qazıldı (№ II qazıw ornı). Budan basqa M.M.Mambetullaev ta'repinen qala diyualları kesimleri, qorg'anıu minar – bashnyalar izertlengen [Mampbetullaev, 2011]. Bul ashılıwlar barısında U'lken Aybu'yir qalasının' birinshi da'wiri b.e.sh. V-III a'a'. keyin b.e.sh.III–II a'sirlerde waqtınsha rauajlanıuı toqtap, son' ja'nede eramızdın' I-IV a'a'. rauajlanıp, orta a'sirdin' IX-XI a'sirlerine shekem bul qala turmısı dawam etkeni da'lillengen. M.M.Mambetullaev Xorezm oblastı aymag'ında ha'm antik da'wir tsivilizatsiyasına tiyisli onlag'an estelikti (qala, qorg'anlar) ashtı, izertledi. Olardın' qatarında Voengan, Topraq qala (Xiyua, Shavat rayonı), Zarlıq iyshan baba, Qalajık, Alma Atıshqan I-II, Shep jag'adag'ı Qat qala ha'm t.b bar. İlimpazdın' iri ashılıwları Xiyua qalasının' jasın anıqlawg'a amalg'an arxeologiyalıq qazıwlarg'a

baylanıslı (1984-1990-jj.). Bul qazıwlarda M.M.Mambetullaev G'.X.Xojaniyazov, N.Yusupovlar menen birge islesti. Na'tiyjede Xiyua qalasının' jası 2500 jıl ekenligi anıqlandı. Burınları bul qalanın' payda bolıw tariyxı X-a'sirdegi jazba dereklerdegi «Xivak» atlı qudıg'ına baylanıslı «1000 jıllıq qala» dep esaplanar edi. Ulıwma alg'anda M.M.Mambetullaevtın' Xorezm oblastında izertlegen jumısları tabıslı bolıp, olar negizinde Aral boyı antik tsivilizatsiyasının' tariyxın izertlewge arnalg'an u'lken jan'alıqlar ashıldı. İlimpaz o'z izertlewlerinin' juwmaqlarına tiykarlanıp 1994 j. «Tu'slik Xorezmnin' antik da'wir ma'deniyat ha'm tariyxı» - dep atalg'an doktorlıq ilimiy dissertatsiyasın jaqladı [1994].

Xorezm tsivilizatsiyası tariyxı, sonın' ishinde antik da'wir arxeologiyalıq esteliklerinin' qorg'anıw-bekinis isleri (fortifikatsiya), a'yyemgi qala ma'deniyatı boyınsha bir neshe ilimiy shıg'armalar avtorı, O'zbekstan Qah'armanı G'.X.Xojaniyazov ibratlı jumıslar isledi. Arxeologiyalıq dala izertlewleri barısında G'ayrat Xojaniyazov ta'repinen burın ilimde belgisiz Aqshu'ngil (Qon'ırat rayonı), Ketmenshi-baba, Dali-qala, Aqshaxan-qalanın' uzın diyualı, Svent to'be (Beruniy rayonı), Topıraq qala № 3 (Ellik qala rayonı), Sulayman Xaddadiy Museviy xanakası, mavzoleyler (Xojeli qalası orta a'sirler), a'yemgi zardushtiylerdin' estelikler ashıldı. Aqshaxan qalada alıp barg'an onın' izertlewleri menen tanısqan ma'mleketimizdin' jetekshi arxeolog alımları akademik A.A.Asqarov, Yu.F.Buryakov, tariyx ilimlerinin' doktorları M.İsqakov, T.Sh.Shirinov, Frantsiyalı professor Per Lerishler joqarı bah'aladı. İlimpazdın' monografiyalıq miynetleri birneshe bolıp, olardın' ayrımları h'a'tteki sırt ellerde basılıp shıqpaqta [The military architecture of ancient Chorasmia, 2006; Xojaniyazov, 2007]. Bul ha'm basqada kollektiv avtorlar menen jazılg'an shıg'armalarında G'.X.Xojaniyazov antik da'wir tsivilizatsiyası tariyxın izertlewge u'les qospaqta.

O'zbekstan Respublikasının' g'a'rezsizlik alıwı elimizdin' siyasiy, jemiyetlik, ekonomikalıq, ma'deniy turmısında jan'alanıwlarg'a alıp keldi. Eski totalitar du'zim sarqıtları jan'asha oylaw, milliy g'a'rezsizlik ideyasın ta'riplewshi, o'zlikti an'law, tariyxıy o'tmishti xolisana yadnama negizinde u'yreniw tu'sinikleri menen awmastı. G'a'rezsizlik ideyası, o'zbek xalqı etnogenezi ha'm ma'mleketshilik tariyxın izertlew shıntlap jolg'a qoyıldı. Bul arxeologiyalıq izertlewlerge metodikalıq ko'rsetpe bolıp, usı ilim tarawının' rawajlanıwına ta'sir jasadı, esteliklerdi jan'a ko'z-qarasta qazıw, izertlew, juwmaq jasaw jumısları

ju'rgizildi. Bunday izertlewler Qaraqalpaqstan Respublikasında ha'm sho'lkemlestirildi. O'zbekstan Respublikası QQB TAEİ (h'a'zir QQGİİİ) «Arxeologiya» bolimi xızmetkerleri Avstraliyanın' Sidney universiteti izertlewshileri menen birge Beruniy rayonı aymag'ında jaylasqan Axshaxan qala (Qazaqlı jatqan), Tashqırman oazisinde 20 jılg'a jaqın (1995-2013) arxeologiyalıq izertlewlerin birge islesiw jolı menen alıp barmaqta. Bul izertlewlerge Qaraqalpaqstan Respublikasınan doktor V.N.Yagodin, G.X.Xojaniyazov, A.J.İskenderova, Sidney universiteti ta'repinen doktor A.V.Betts, S.U.Xelms, B.P.Malaren, F.D.Kidd ha'm tag'ı basqalar qatnaspaqta. Arxeologiyalıq qazıwlar na'tiyjesinde Axshaqannın' topografiyası-ishki, sırtqı qala, qorg'anıw obektleri (diywal, bashnyalar), oraylıq xram, «juz kolonnalı» zal, eski Xorezm jazıwı, jivopisi (diyual su'retleri) ashıldı.Olardın' arasında a'yyemgi Xorezm patshalarının' portretler galareyası ayrıqsha dıqqatqa ılayıq. Bular jergilikli xalıqlar tsivilizatsiyası tariyxın ilimge, du'nyag'a tanıtıw ushın u'lken ilimiy jan'alıq boldı. Sebebi, qala orayı maydanda biyik orında jaylasqan xram, diywaldag'ı jazıw, suretler ma'mleketshilik ta'sirinde rawajlang'an tsivilizatsiyanın' a'yyemgi da'wirlerine ta'n belgiler esaplanıladı. Bul izertlewler antik da'wir tsivilizatsiya tariyxın u'yreniwde u'lken tabıs edi. Sonın' ushında bul estelikti izertlewge arnalg'an Xalıq aralıq ko'lemde eki ma'rte («Du'nya ma'deniyatı tariyxı ko'lemindegi a'yyemgi Xorezm tsivilizatsiyasının' ornı» ha'm «A'iyemgi Tashqırman oazisi» (No'kis-Bostan, 2000. Oktyabr); «Aral boyı ma'deniyatlar da'rbentinde» ha'm «Tashqırman oazisi arxeologiyası» (No'kis-Bostan-Beruni, 2007. 2-4 oktyabr) Simpoziumları o'tkerilip og'an du'nya ellerinen, atap aytqanda AQSh (R.A.Xaddon), Germaniya (N.Borofko), Avstraliya (A.Betts, S.Xelms, F.Kidd), Rossiya (L.M.Levina, E.E.Nerazik, E.A.Armarchuk, S.B.Bolelov), O'zbekstan (Yu.F.Buryakov, A.A.Askarov, T.Sh.Shirinov, R.X.Suleymanov, A.A.Gritsina) t.b. ellerden ilimpazlar o'z bayanat, bildiriwleri menen qatnastı [Priarale., 2013]. Bul anjumanlarda ilimpazlar Xorezm tsivilizatsiyasın u'yreniude Qaraqalpaqstan arxeologlarının' qazıw jumısların qa'liplesken metodikalıq usıllarda alıp barıp, joqarg'ı da'rejedegi ilimiy jan'alıqlar ashqanın atap ko'rsetti.

Bunday joqarı da'rejedegi o'tkerilgen a'njumanlardın' biri «Xojeli - Qaraqalpaqstandag'ı a'yyemgi qala» (1994 j.) atasa'ykesında o'tkerilgen ilimiy-a'meliy konferentsiya boldı. Konferentsiyada Qaraqalpaqstandag'ı eski elatlardan bolg'an Xojeli tariyxı Mizdaxkan

«qalashası» menen baylanıslı negizde antik da'wirlerden qa'lipleskenligi arxeologiyalıq izertlewler boyınsha tastıyıqlandı [Xojeli,1994]. A'njumanda shıg'ıp so'ylegen arxeolog alımlar V.N.Yagodin, M.M.Mambetullaev, G'.X.Xojaniyazov, O.J.Yusupov, M.T.Turebekov, M.-Sh.Kdırniyazov ha'm tag'ı basqalar qala tariyxı antik (e.b IV-III a'a'.) baslap, afrig'ler (IV-IX a'a'.), xorezmshaxlar (XI-XIII a'a'.), mongollar (XIII-XIV a'a'. 70 jj.) ha'm temuriyler (XIV a'. 70 jj. – XV a'.) da'wirlerinde o'sip-rauajlang'anı, son'ınan ekologiyalıq sebeplerge baylanıslı h'a'zirgi Xojeli qalası ornında jan'adan qala ma'deniyatı qa'lipleskenligi da'liylledi. Arxeologiyalıq materiallar negizinde qalanın' payda bolıw sa'nesi 2400 jıl dep belgilendi (yag'nıy Xorezm tsivilizatsiyasının' antik da'wirinde). Solay etip Mizdaxkandag'ı arxeologiyalıq izertlewler qala tariyxı Xiyua, Xazarasp, Gurganj sıyaqlı a'yyemgi ma'deniy qatlamlarg'a iye ekenligin ko'rsetedi.

Joqarıdag'ı arxeologiyalıq izertlewler antik tsivilizatsiyası tariyxına baylanıslı bolg'an baslı ma'selelerdin' biri «U'lken Xorezm» («Bolshoy Xorezm») problemasın sheshiwge ta'sir jasadı. Bul tartıslı teoriya 200 jıldan aslam ilimiy a'debiyatlarda talqılanıp kelindi. Biraq son'gı arxeologiyalıq, tariyxıy izertlewler g'ana og'an ayrım anıqlıqlar engizbekte. «U'lken Xorezm» gipoteza (boljawı) «Avesto» tekstleri ha'm a'yyemgi grek avtorlarında (Gerodot, Gekatay Miletskiy, Ktesiy) ushırasatug'ın u'zindi, anıq emes derekler menen baylanıslı edi. Bul mag'lıumatlar boyınsha 1- den: XX a'. 40 jj. Evropa avtorları usı «U'lken Xorezm» teoriyasın qolladı. 2- den: Xorezm tsivilizatsiyasın izertlewshiler (S.P.Tolstov ha'm t.b.) XX a'. 40– 80 jj. toplang'an arxeolgiyalıq materiallar boyınsha bul temag'a anıqlıqlar engizildi, jan'a pikirler aytıldı. 3 – den: XX a'. 80-90 jj. «U'lken Xorezm» birikpesine baylanıslı boljaular biykarlana baslandı, biraq A'muda'ryanın' to'mengi ag'ımındag'ı jerlerde ah'ameniylerge deyin aq a'yyemgi Xorezm ma'mleketi qa'lipleskeni moyınlandı.

Ulıwma alg'anda antik da'wirine kelip Qubla Aral boyı jerlerinde Oraylıq Aziyanın' qala-ma'mleketleri sıyaqlı urbanizatsiya, ma'mleketshilik tariyxının' rawajlanıwı jan'a basqıshqa ko'terildi. B.e.sh. IV a'sirde A. Makedonskiy basshılıg'ındag'ı grekler Orta Aziyanın' tu'slik jerlerine basıp kirdi. Na'tiyjede Orta Aziyanın' tu'sliginde ellin tipindegi qalalar rawajlana basladı. Bul qalalardın' rawajlanıwı Grek-Baktriya patshalıg'ı da'wirinde anıq seziledi. Antik da'wirde Orta Aziyada oraylasqan ma'mleketshiliktin' qa'liplesiwine mu'mkinshilik payda boldı. Qalalar san jag'ınan o'sti, maydanı

ken'eydi, olarda o'nermentshilik, sawda rawajlandı. İskusstovada jan'a ideologiyalıq bag'darlar: Batıs ha'm Shıg'ıs mifologiyalıq tu'siniklerinin' sintezi qa'liplesti. Saraylar salıw, turaq jaylar qurıwda, sonday-aq sıyınıw arxitekturası qa'liplesti. Arxitekturada, ko'rkem o'nerde ellin ma'deniyatı, budda arxitekturasının' elementleri jergilikli ma'deniyat u'lgileri menen aralastı, bir-birine ta'sir jasadı.

Bunı biz Samarkand (Afrasiab), Qalasısabz, Termiz, Tashkent, Xiyua, Tu'slik Tu'rkmenstandag'ı Parfiya-Nisa (Nisa) esteliklerinen, Surxanda'ryadag'ı Dalverzin tepe, Termiz janındag'ı Kampir tepe esteligindegi qazıw jumısları juwmaqlarınan anıq ko'remiz. Antik da'wirdegi qala ma'deniyatı arxeologiyalıq jaqtan jaqsı izertlengen. Bul tarawda E.V. Rtveladze, G.A.Pugachenkova, Sh.R. Pidaev, Z.Usmanova, L. Arshavskaya, M.İ. Filonovich ha'm t.b. o'z izertlewin alıp barg'an.

Aral boyı, Xorezm alabının' antik ma'deniyatının' belgili estelikleri Qoy qırılg'an qala, Topıraq qala, Xiyua, Go'ne Urgenshtegi Qırıq molla estelikleri jaqsı izertlendi. Bul estelikler arqalı b.e.sh. VII a'sirdin' o'zinde aq Xorezm oazisinde ertedegi antik da'wirge ta'n urbanizatsiyalıq tsivilizatsiya-qala ma'deniyatının' qa'lipleskenin ko'remiz. Xorezmnin' antik da'wir ma'deniyatın izertlewge S.P.Tolstov, M.G.Vorobeva, E.E.Nerazik, Yu.A.Rapoport, V.N.Yagodin, M.M.Mambetullaev, G.X.Xojaniyazov ha'm t.b. o'z u'leslerin qostı. Ulıwma arxeologiyalıq izertlewler na'tiyjesinde a'yyemgi Xorezm tsivilizatsiya jetiskenlikleri du'nya boylap ta'n alındı.

# II-BAP. ANTİK DA'WİR XOREZM TsİVİLİZATsİYaSI ESTELİKLERİ

*Aral boyının' a'yyemgi qalaları. Paytaxt shah'a'rler. Axshaqan, Qoy qırılg'an, Topraq qala. Qorg'anlar. Estelik tipler, maydanı. Qurılıs texnikası*

## II.1. Qalalar-qorg'anlar

Xorezm alabı jerleri qadim zamanlardan ma'mleketshilik rauajlang'an elatlardın' biri. «Avesto» kitabındag'ı mag'lıwmatqa negizlensek bul jerde ma'mleket tu'rindegi birikpe eramızdan burıng'ı VII-VI a'a'. qa'liplesken. Xorezmliler basqargan bul u'lken a'skeriy-siësiy birikpe alımlar ta'repinen «U'lken Xorezm» ma'mleketi deb atalg'an. Birikpe-konfederatsiya Assuriya, Midiya ha'm İran patshalarının' qısımlıklarına tu'sken ha'm bolıwı mu'mkin. Shıg'ıstanıwshı, arxeolog V.V.Bartold, S.P.Tolstov, Ya.G'.G'ulamov ha'm basqa alımlar - «Avesto» dag'ı «Aryanem Vaydja» aynı U'lken Xorezm ma'mleketi uyıspası aymaqlarının' o'zidir»-degen pikirlerdi aytadı Son' Axameniylerden son' (b.e.sh. VI-IV a'a'.) bul u'lkede ku'shli ma'mleketke negiz salındı.

Kangyuy, kushanlar zamanında bolsa qala ma'deniyatı menen birge ertedegi paytaxt qalalar payda boldı. Olar deslep rezidentsiya tu'rinde qa'liplesken (Kalalıgır, Axshaxan, Qoy qırılg'an qala, Toprak qala). Bug'an tu'rli jag'day - faktorlar ta'sir jasaydı.

Biz o'z ilimiy-metodikalıq miynetimizde joqarıda ko'rsetilgen bir-neshe ju'zlegen antik da'wirdin' arxeologiyalıq esteliklerinin' barlıg'ına toqtap o'tpeymiz. Bul u'lken ko'lemli jumıstı talap etedi. Sonın' ushında jergilikli xalıqlardın' antik da'wir tsivilizatsiyası tariyxında o'zinin' ayrıqsha ornına iye bolg'an ayrım ma'deniy–tariyxıy esteliklerge baylanıslı mag'lıwmatlar keltiremiz. Bug'an ba'rinende burın a'yyemgi elattın' urbanizatsiya oshaqları, eski qala paytaxtlarına baylanıslı derekler tiysli. Jazbe derekler, arxeologiyalıq izertlewlerden antik da'wir Aral boylarındag'ı a'yyemgi qala tu'sinigi kriteriyasına tolıq juwap beretug'ın Gu'zeli-qır, Qalalı-qır, Koqırılg'an qala, Axshaxan, Topraq qala ha'm t.b. onlag'an estelikler ma'lim.

**Gu'zeli qır**-a'yyemgi, axameniylar da'wirinde qa'liplesken Xorezm ma'mleketshiligi oraylarınan esaplanıladı. Gu'zeli qır esteliginde arxeologiyalıq izertlewdi belgili ilimpaz-arxeolog

S.P.Tolstov 1937 jıldan baslap sho'lkemlestirdi. Bul qorg'an esteliktin' qarabaxanaları h'a'zirgi Turkmenstan Respublikası aymag'ında jaylasqan. Axameniyler dinastiyasının' satraplıqtın' qorg'an-qalası, rezidenttsiyası bolg'an degen pikirler bar. 1937, 1939, 1953, 1954 jıllarda bul estelik M.G.Vorobeva ha'm S.P.Tolstov ta'repinen ashılg'an. Keyingi XX a'sirdin' 70-80 jıllarında estelik boyınsha juwmaqlaushı isler sho'lkemlestirilip, arnawlı ilimiy monografiya Moskva qalasında baspadan ja'riyalandı [Kuzali kır-2, 2005]

Gu'zeli qır qorg'anı u'sh mu'yesh formada, tu'slik-arqa diywalının' uzınlıg'ı 1000 m. jetedi. Qala perimetri boylap jaylasqan eki qabat qorg'anıw diywalları da'lizdi payda etip, adam jasaw ushın maslastırılg'an xanalarg'a bo'lingen. Xanalar ishki ta'repten qosılg'an jaylar menen ha'm tolıqtırılg'an. Arxeologiyalıq qazıwlar na'tiyjesinde qala-qorg'an bekinisler eki qurılıs da'wirinde tiklengenligi anıqlandı. Birinshi qurılıs da'wirinde (VI-V a'sir) iri formattag'ı tuwrı mu'yeshli qam gerbish (52x26x10 sm) ha'm paxsadan paydalang'an yarım do'ngelek minar-bashnyalar, qala diywalları qurılg'an. Ekinshi qurılıs da'wirinde (b.e.sh.V a'sir) qorg'anıushı minar-bashnyalar tuwrı mu'yeshli, al qam gerbishler kvadrat (40x40x10 sm) tu'rge o'tken. Bunday bekkem qurılıs materiallarınan tek g'ana qala-qorg'annın' sırtqı diywal, minarları qurılg'an, al onın' ishki qurılısları onsha bekkemlenbegen. Usıg'an negizlenip arxeologlar qala sırtqı qa'wipten waqtınsha paydalanıushı pana-qorg'an retinde paydalanılg'an dep tu'sinedi. Bunday panalaw tipindegi qorg'anlar a'yyemgi Xorezm zamanlasları Baktriya ha'm Sog'da jerlerinde de belgili. Qala orayında jaqsı saqlanbag'an maydanı 285 kv.m saulatlı zalg'a iye monumental jaydın' ornı qazıldı. Onın' arxitekturası, qurılıs usılları axameniyler zamanı traditsiyasına uqsaydı. Biraq bul monumental qurılıs bir-qansha jobasız qurılg'an ta'rizli, usıg'an negizlenip bul qurılıstı «varvar» h'a'kimleri rezidentsiyası (ko'shki) dep te tu'sinilegen. Degen menen keyingi da'wirdegi arxeologiyalıq qazıwlar bul jerde axameniyler zamanı saray qurılıslarına ta'n bolg'an belgilerdi anıqladı. Bul orında tu'rli ja'miyetlik qatlam wa'killeri jasag'an. Oraylıq qurılıstın' arqa ta'repinde u'sh minardan (kungura) ibarat boljau boyınsha ja'ma'a't qurılısı ha'm anıqlang'an. S.P.Tolstov bul jayda zartushtiylerdin' ateshgah'ı-ot ornı bolıwı mumkin degen pikirdi aytadı. Bul sıyaqlı minarlar keshki kangyuy da'wirine (b.e.sh. IV-I a'sir) tiyisli Burlı kala, U'lken Aybuyir esteliklerinen ma'lim. Gu'zeli qır planı ta'repinen Chirik rabat (Jan'a Da'rya boyında) qurılısına uqsas keledi. B.e.sh. VI-

IVa'sirlerde tiysli temir qural (oraq), skif tipindegi u'sh pa'rrikli oq jay ushı ha'm temir eritiu oshaqları anıqlang'an, bul temir a'sirining a'jayıp buyımları bolıp esaplanıladı.

Ulıwma Gu'zeli qır esteligi Xorezmnin' erte antik da'wirde axameniylar u'stemligi zamanında kurılgan erte shaxa'rsazlık u'lgisi bolıwı kerek degen pikirler bar. Sonın' menen qatar bul qurılıs axameniy patshalarının' qorg'anı – rezidentsiyası da bolıp, Xorezmdegi erte paytaxt shah'ar qurılıslarınan bolsa kerek degen boljawlar da bar [Tolstov,1962].

Antik da'wir qala ma'deniyatı u'lken esteliklerinin' biri **Qalalı qır I** qorg'anı esaplanıladı. Estelik tuwrı mu'yeshli planda bolıp, 1000x700 m maydang'a iye. Qala diywalları qalın', ku'shli minar-bashnyalar, to'rt da'rwaza, tosıq labirintli qurılıslar menen bekkemlengen. Diywallar tırnag'ı paxsa bloklar (1,15-1,3 m) al diywal antik da'wirde paydalang'an kvadrat qam gerbishten (40x40x10 sm) tiklengen [Rapoport, Lapirov-Skoblo,1965]. Kvadrat gerbishler Gu'zeli qır esteliginin' ekinshi, keshki da'wirine ta'n edi. Estelik axemeniyler zamanında kurıp baslang'anı menen keyin taslap ketilgen. Bunı antik da'wirdegi Xorezmnin' g'a'rezsizlikke erisiwi menen baylanıstırsa boladı. Qala ishinde qurılıslar joq derlik, bul u'lken pana-qorg'anlardın' xarakterli belgilerine jatadı. Bunday qala ishindegi boslıqlar Gu'zeli qır, Ayaz qala I esteliklerine de ta'n. Biraq Gu'zeli qır sıyaqlı monumental qurılıs ornı (saray qaldıg'ı) diywaldın' aynalsa'ykesında jaylasqan. Ondag'ı qazıw waqtında ag'ash kolonnalar tırnag'ı bolg'an u'sh basqıshlı ha'm do'n'gelek tas u'stinler-baza ashılg'an(70x70x40 sm). Keyingi kangyuy, kushanlar da'wirinde qorg'an–qalanı qaytadan paydalang'an. Usı belgilerine qarap Qalalı qır esteligi axemeniylerden keyin payda bolg'an degen pikir tuwdıradı. Biraq bul jerde tabılg'an grifon-qus sa'wlelengen relefli gips qalip (analogiya Persopoldegi Kserks sarayında), arıslan bası ko'rnisli gu'ze uslag'ıshı, sur ren'li ılaydan tayarlang'an qanatlı at bası (protoma) menen bezelgen riton, Yaztepe III (Tu'slik Turkmenstan) tipindegi keramika u'lgileri usı esteliktide axameniyler arxitekturası ha'm ertedegi temir a'siri traditsiyaları menen baylanıstırıwg'a boladı.

**Axshaxan – Qazaqlı jatqan** Qaraqalpaqstan Respublikası Beruniy rayonı b.e.sh. IV-III a'sirler, eramızdın' III a'sirleri menen sanalg'an a'yyemgi paytaxt esaplang'an shah'ar –qala. Bul estelik 1956 j. Xorezm ekspeditsiyası xızmetkerleri ta'repinen ashıldı. Keyin 1982, 1985 jıllarda tekseriw isleri alıp barılg'an [Andrianov, 1965].

Estelik 1995-jıldan Avstraliya-Karaqalpaqstan arxeologiyalıq ekspeditsiyası ta'repinen izertlene basladı. A.Betts, S.Xelms, V.Yagodin, F.Kidd, G.Xojaniyazovlar onlag'an jıllar ekspeditsiyalıq qazıw islerin alıp barmaqta. Qala eki bolimnen ibarat - "joqarg'ı qala" ha'm "pa'stki" qala. Bul orınlarda diywallar, bashnya-minar, xram, 100 ustinli (kolonnalı) zal, turar jaylar diywalları ha'm basqada qurılıslar izertlengen. Axshaxan qalanı Xorezmning ertedegi paytaxtlarınan biri dep boljaydı. Qazıw isleri dawam etpekte. Paytaxt kaladag'ı tsivilizatsiyalıq ashılıwg'a 100 u'stinli zal, diywallardag'ı a'yyemgi xorezmiyshe jazıw, ren'li su'retler ha'm a'yyemgi Xorezma patshalarının' portretler galereyası jatadı [Yagodin, Alison, Kidd., 2009].





Aqshaxan qala




**Aqshaxan qala (Xojaniyazov G. 2007)**

Antik da'wirdin' klassikalıq, kangyuy da'wiri esteligi **Qoy qırılg'an qala qorg'anı** esaplanadı (b.e.sh. IV e.-I a'a'.). A'yyemgi Xorezmnin' a'jayıp tariyxıy esteliklarinin' biri esaplanadı. Qoy qırılgan qala batıs Aqshadarya deltası tegisliklerine, To'rtkul qalasınan 22 km Arqa-

Shıg'ısta, Ellikqala rayonında Eski Kelteminar kanalı janında jaylasqan. Arxeolog alımlardıng mag'lıwmatlarına ko're Qoy qırılg'an qalada turmıs b.e.sh. IV-III a'sirden eranın' III-IV a'sirine deyin dawam etken. Bul qala a'yyemgi xorezmshah'lar ma'mleketinin' ilimiy madeniy orayı bolg'an. Bul qala jo'nindegi da'slepki mag'lıumattı S.P.Tolstovtın' «A'yyemgi Xorezm» (1948) kitabında ha'm arnawlı monografiya «Koy-krılgan kala» deb atalg'an kitapta ushratamız [1967].

Bul ayrıqsha, tsilindr-bashnya-minarg'a uqsas formadag'ı do'n'gelek qurılıs bolıp, shen'ber ta'rizli diywallar, tog'ız bashnya-minar menen bekkemlengen. Onın' ishki diametri 42 m, diywaldan sırtı 87,5 m. Oraylıq bashnya-minar ta'rizli qurılıs eki qabat etip qurılg'an [Koy krılgan kala, 1967]. Qorg'an-qala qurılısları b.e.sh. IV-III ha'm II a'sirlerde qayta tiklengen. Do'n'gelek formada qurılg'an Qoyqırılg'an qala 18 aylanbag'a iye bolıp, onın' diywallarının' aylanasi 865 metrdi quraydı. Qala eki diywal menen orap alıng'an. Qoy qırılg'an qalanın' do'n'gelek formada kuyashqa uqsatıp qurılıwın: 1-a'yyemgi xorezmliklerdin' kuyashqa sıyıng'anlıg'ın bildirse, 2- sayaralardı (a'lemdi) guzetken observatoriya uazıypasın orınlag'anda bolıwı kerek. Qoy qırılg'an qalanın' sırtqı diywallarında 9 bashnya qorg'an bolıp, olar ha'm aylana formada qurılg'an, qala diywalı astına kelip jasırıng'an dushpandı boinitsadan oqqa tutıwg'a qolay sha'riyat jasag'an. Qala sho'l–dala zonası boylap qurılg'an Tu'slik Aral boyındag'ı basqada antik qorg'anları dizbegi sıyaqlı (Daukesken, Aqshu'ngil; Ayaz qala I,II, Bazar qala t.b.), sah'radan bolatug'ın h'u'jimlerden jergilikli turg'ınlardın' o'zlerin qorg'au imkaniyatına sa'ykes jaratılg'an.

Diywal sırtında ko'p sanlı bo'lmeler qurılg'an olarda tabılg'an zatlarg'a qarag'anda xızmetkerler, qullar ha'm g'a'llexanalar jaylasqan. Qoyqırılg'an qaladan ko'p mu'g'darda materiallık ma'deniyat artefaktları tabılg'an. Ayırım bo'lmelerde azıq-awqat saqlanatug'ın u'lken ıdıslar xumlar saqlang'an. Iqsham etip islengen ıdıslar spiral ta'rizli polixromiya nag'ıslar, qızıl boyaw menen u'sh mu'yeshlik ta'rizli etip tu'sirilgen. Jolaqlar menen a'sheko'ylengen. Olar sharap yaki da'n saqlaw ushın paydalanıwı mu'mkin degen pikirler bar. Qoy qırılg'an esteliginen axameniyler zamanınan belgili uslag'ısh tutqası arıslan bası ta'rizli etip bezelgen gu'zeler, sharap ushın ayrıqsha tayarlang'an ritonlar tabılg'an. Olardan baska attın' erine baylap yaki tu'ye u'stinde alıp ju'riwge qolaylastırıp islengen flyaga-jalpaq gu'zesheler ushrasqan. Bul ıdıslar ko'shpeliler ta'sirinde yasa'ykesa olardın' talabına muwapıq tayarlang'an. Tabılmalardın' ayrıqsha toparın

kishi kosmetikalıq ıdıslar, mayda plastika u'lgileri-h'ayallar kelbetin bildiriushi statuetkalar (o'nimdarlıq ha'm suw kudayı Ardvisurı Anaxita ramzi), vakxikalıq quday belgisi (Mina-sharap qudayı), erkekler musinsheleri, kirpitiken, jılqı statuetkaları ushırasqan. Bulardan basqa diywalg'a salıng'an swretler (kaman atıwshı) ushırasıp, bul jivopis u'lgileri Axshaqan qala, Topıraq qala esteliklerinen ma'lim. Qoy qırılg'an qala qorg'anınan tabılg'an bah'alı tabılmalarg'a b.b.e.sh. III-II a'a'. pitilgen aramey alfaviti u'lgisindegi Xorezm jazıwları jatadı. Bunday jazıw u'lgileri keyin Ayaz-qala ha'm U'lken Aybuyir qala esteliklerinen tabılg'an.

Bah'alı tabılmalar qatarında astronomiyalıq baqlawlarda paydalanılg'an jalpaq formadag'ı astrolyabiydin' disk ta'rizli bo'lekleri ushırasadı. Olardın' 42 danası tabılg'an. Bul instrument h'aqqında Beruni "Masud kanonı" shıg'armassının' IV kitabında (X-a'.) "... bular Ptolomey aytqan eki xalqa" –dep jazıp olardın' jergilikli xalıqlar iliminde antik da'wirden ma'lim ekenligin bildiredi. Solay etip, Qoy qırılg'an qala jerlew da'sturleri, astrallıq uazıypanı atqarg'an ha'm astronomiyalıq baqlaw alıp barılg'an mamlketlik ko'lemdegi a'h'miyetli orın.





**Qoy qırılg'an qala**

**Topıraq qala.** Tu'slik Aral boyı, Xorezm oazisindegi tariyxıy estelikler arasında bir-neshe qorg'an–qalalar "Topıraq qala" degen atqa iye. Birinshisi-b.e.sh. IV-Sh a'a'. tiysli bolıp, Xorezm oblastı Shavat rayonı aymag'ında, ekinshisi ha'm b.e.sh. IV-III a'sirlerge tiysli, Xiyua rayonında, ushinshisi, b.e.sh. IV-III a'a'. menen belgilenip, Xorezm oblastı Yangiarıq rayonında jaylasqan, to'rtinshisi eranın' I-III a'sirinde qurılg'an Qaraqalpaqstannın' Ellikala rayonı aymag'ında jaylasqan [Gorodishe Toprak kala, 1982; Toprak kala.Dvorets, 1986]. Olardan basqa Qon'ırat rayonında Topıaq qala (Kudjak) atı menen orta a'sir kalası belgili.

Biz bul jerda tek Ellikqala rayonındag'ı Topıraq qala xarabaları h'aqqında so'z ju'ritemiz. Topıraq qala Aral boyındag'ı kushanlar da'wiri (I-IV a'a'.) qurılısı bolıp, usı tariyxıy basqıshtın' etalonlıq da'rejedegi u'lgi esteligi esaplanadı. "Patshalar qalası " maqamına iye bul kala to'rt mu'yeshli formada bolıp, ol 500x350 m (17,5 ga) maydandı iyelep tuwrıptı. Qala eki qatarlı paxsa diywal menen orap alıng'an, olar tort mu'yeshli bashnya-minar-kunguralar menen bekkemlengen. Qalanın' bir g'ana da'rwazasınan kirgen, eni 10 m ten' jol qala qurlısların tuwrı mu'yeshli kvartallarg'a bo'ledi. Shah'ar 8-10 ma'h'a'llege bo'lingenligi anıqlandı. Da'rwazag'a qarsı ba'lentliktegi qorshalg'an maydanda monumental xram, saray ornalasqan. Olardın' negizi-tırnag'ı da'slep 14 m, keyingi qayta qurıwda 25 m ba'lentliktegi tsokolda jaylasqan. Usı biyiklikte maydanı 80x80 m platformag'a 3 bo'limnen turg'an saray kompleksi qurılg'an. Qorg'an diywalları to'rt mu'yeshli minar-kungiralar menen bekkemlengen. Qalanın' arqa-batıs bo'liminde saray jaylasqan. Arxeologiyalıq qazılmalar ha'm ilimiy izertlewler negizinen usı jerde alıp brılg'an. Shah'ar sarayında bir qansha eki qabatlı u'lken ha'm kishi u'y xanaları ashılg'an. Olardı ja'mi 100 den asadı. Xanalardın' oraylıq bo'limi "taxt zalı" a'trapında

ja'mlesip olar tas bazalarg'a ornalasqan ag'ash u'stin ja'rdeminde bastırılg'an. Bul xanalarda tabılg'an materiallarg'a (syujetli jivopis, boyalg'an skulpturalar) qarap olarg'a tu'rlishe atamalar berilgen. Ma'selen - «Patshalar zalı», «A'sker zalı», «Jen'is - G'alaba zalı», «Bug'ılar (olen) zalı», "Oyınshılar" ha'm basqada atlar. "Patshalar zalı" diywalları boylap jaylasqan sıpalar 23 bo'linip olardın' u'stinde erkek, h'ayallardın' 100 aslam ılaydan islengen gorelefli statuyaları ornalasqan. Boljaular boyınsha olar a'yyemgi Xorezm patshaları ua'killerin - "miyrasxorlar galereyasın" su'retleydi. Son'g'ı jılları bunday usılda diywalg'a salıng'an su'retler - "patshalar portreti galereyası" Aqshaxan esteliginen tabılmaqta. Negizgi qaladan sırtta "to'mengi saray" bag'-park kompleksi qurılg'an.Topıraq qaladan teri ha'm ag'ashqa jazılıp pitilgen 120 ge jaqın a'yyemgi Xorezm tilinde aramey xa'ribinde jazılg'an h'u'jjetler tabıldı. Qala eramızdın' Sh a'sir aqırına deyin ertedegi Xorezmshaxlar ma'mleketinin' paytaxtı bolg'an degen pikir bar.

Joqarıda biz keltirgen a'yyemgi Xorezmnin' paytaxt qalaları dep taxmin etilgan estelikler wa'layatta eradan.aldın'g'ı I mın' jıllıqtın' 1-yarımınan son' 2–yarımınan baslap Watanımız aymaqlarında ju'zege kelgen ma'mleketshilik protsesslerinin' Tuslik Aral boyı, Xorezm oazisi jerlerin de o'zine tartqanın ko'remiz. A'yyemgi oray - bul Gu'zeli qır qarabaqanaları deb boljaw etiledi. Son'g'ı izertlewlerge qarag'anda antik da'wirlerge ta'n siyasiy waziyatlarg'a baylanıslı Qoy qırılg'an, Axshaxan, Topıraq qalalar ha'm tu'rli da'wirlerde Xorezm paytaxt - shah'arleri bolg'anın tastıyqlaydı.

**Urgenish (Go'ne-Urgenish)** qala Aral boyı antik da'wir ma'deniyatı esteliklerinen esaplanıladı. Qala birinshi ret qıtay jazba dereklerinde Yue-gyan ataması menen keltirilgen. Sog'an sa'ykes akademik V.V.Bartold, A.Yu. Yakubovskiy estelikti b.e.sh. I a'sirlerde payda bolg'an dep belgileydi. Akademik Ya.G.G'ulamov bul qala b.e.sh. IX-a'sirlerde qa'liplesken dep te esaplaydı [G'ulamov, 1960]. Solay etip qalanın' payda bolıw waqtı S.P.Tolstov baskargan Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyasının' 1952-j. arxeologiyalıq qazılma jumıslarına shekem anıq emes edi. Son'g'ı jıllardag'ı turkmen arxeologı X.Yusupovtın' Kırq molla biykligindegi qazıw jumısları bul jerde qala qonısına b.e.sh. III –a'. Parfiya da'wirinde negiz salg'anın da'lilleydi [Yusupov, 1993]. Yag'nıy qala ertedegi sha'h'a'rsazlık tsivilizatsiya tariyxı menen baylanıslı. Biraq bul da'wir h'aqkında jazba dereklerde

mag'lıumatlar ushraspaydı, arxeologiyalıq materiallar tolıq ja'riyalanbag'an.

Ko'rip turg'anımızday Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyasının' 1952- j. izertlewlerinde tek orta a'sir qatlamları, estelikleri anıqlanılıp, al Urgenishtin' antik da'wirine tiyisli ma'deniy qatlamları ashılmadı.

**Xiyua–a'yyemgi Xorezm tsivilizatsiya oshaqlarının' biri.** Bul qala Buxara, Termiz ta'rizli XXV a'sirlik tariyxqa iye, Xorezm tsivilizatsiya oraylarınan esaplanıladı. Xiyuanın' Xorezm tsivilizatsiya tariyxındag'ı ornın bah'alap O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov ko'rsetpesi menen 1997-j. oktyabr ayında esteliktin' 2500 jıllıq sa'nesi saltanatlı belgilenip o'tildi. Ullı Jipek jolı boyındagı erte Xorezm qalalarının' biri. Qala b.e.sh. VI-V a'a'. qa'liplesip, antik, orta a'sirlerde iri elat, 1552-1920 jıllarda Xiyua xanlıg'ı orayı. X a'. 30 jılları Xiyua Xorezmnin' 33 qalasının' biri bolıp, jazba dereklerde Ullı Jipek jolı boyındag'ı qala retinde ushırasadı.

Xiyuanı arxeologiyalıq jaqtan qazıwlar 1940-j. Ya.G'.G'ulamov ta'repinen o'tkizildi. 1984-1985 ha'm 1987-1990 jılları Qaraqalpaqstanlı arxeolog t.i.d., prof. M.M.Mambetullaev basshılıg'ında «Xiyua ekspeditsiyası» qalanın' qa'liplesiw ha'm rawajlanıwı tariyxın u'yrendi. İzertlewler juwmag'ı Xiyuanın' b.e.sh. V-IV a'sirlerde payda bolg'anlıg'ın da'lilleydi [Mambetullaev, 1994].Topografiyalıq belgisine qaray Xiyua-İshan qala (ishki) ha'm Dishan qala (sırtqı) dep ekige bo'linedi. A'yyemgi da'wirde ha'm orta a'sirlerde qala turmısı İshan-qalada o'tken, maydanı 26 ga. Bul estelik batıstan shıg'ıs tamang'a sozılıp negizinen eki bo'limnen turadı: İshan qala ha'm Dishan qala. İshan qala tuwrı mu'yeshli formada qurılg'an bolıp, onın' ko'lemi 650-400 m. A'yyemgi qorg'anıu diywalı menen qorshalg'an bolıp, h'a'zirgi da'wirde saklanıp qalgan balentligi 7,8 m, o'z na'wbetinde aylana formadag'ı minar - kungurularg'a iye. Olar arasındag'ı ken'lik 30 m. Qalanın' sırtqı bo'legin qamrap alg'an. Dishan qala uzınlıg'ı 2 km., eni 1,8 metr diywal menen qorshalg'an. 1984,1985,1987-1990 jıllarda O'zbekstan SSR İA QQ filialı xızmetkeri M.M.Mambetullaev basshılıg'ında Xiyua ekspeditsiyası Xiyuanın' qalasının' payda bolıwı ha'm rawajlanıwı tariyxın u'yreniu islerin alıp bardı. Kalanın' xronologiyalıq jası ha'mde qorg'anıs qurılıslarının' tariyxı, payda bolıw da'wirin anıqlaw boyınsha, maqsette kalanın' ishki bo'liminde ha'm diywaldın' bir neshe jaylarında arxeologiyalıq qazıw jumısları alıp barıldı [Mambetullaev, Abdirimov,1997]. M.M. Mambetullaevtın' 1984-1990 jj. jurgizgen qazıw jumısları jan'a mag'lıumatlar berdi. Bir-neshe

arxeologiyalıq qurılıs qatlamları anıqlanıp, olardan I-II ma'deniy qatlamlar antik tsivilizatsiyası da'wirine, III-VIII qatlamlar orta a'sirlerge tiyisli ekenligi artefaktlar menen tastiyqlandı.




**Xiyua planı**

İshan qala aymag'ında eramızdan burıng'ı VI-V a'sirlerde kishkene ma'nzil bolıp keyinshelik, eradan aldın'g'ı IV-III a'sirlerde bolsa qala-qorg'an payda bolg'an. İshan qala tuwrı mu'yeshli formada qurılg'an bolıp (650x400 m) arqadan tu'slikke sozılg'an. Ja'mi 2100 m uzınlıqtag'ı bekkem qorg'anıu diywalları menen qoshrap alıng'an. Diywallardın' ba'lentligi 7-8 m, qalinlıg'ı 5-6 metrdi quraydı, aylana formadag'ı minar - kunguralarga iye. Kunguralar orasındag'ı qashıqlıq 30 m quraydı. A'yyemgi İshan qalanın' shıg'ıs tamanında bir da'rwaza bolg'an. Qala ko'p ma'deniy qatlamlardı payda etken, bir qansha qurılıs ha'm qayta qurıw da'wirlerin o'z basınan keshirgen. Ulıwma alg'anda Xiyua qalası tek antik da'wirde g'ana emes, al orta a'sirlerde de tsivilizatsiya oshaqlarının' biri bolg'an.

**Xazarasp qalası** Bul qala 1936 j. Ya.G'.G'ulamov ta'repinen tekserilgen, 1958,1960 jıllarda bolsa onda Xorezm arxeologiyalıq-etnografiya ekspeditsiyası izertlew jumısların o'tkerdi. Ulıwma maydanı 440x320 m. Qala eki qatarlı paxsa diywal menen orap alıng'an. Sırtqı diywal kalın'lıg'ı 1,81-2 m, ishki diywal 2 m. Diywal minar-kunguralar

menen bekkemlengen, olar ortasındag'ı aralıq 44-55 m, ulıwma sanı 17. Estelik b.e.sh. V a'sirde payda bolg'an. Xazarasp Xorezm wa'layatının' rayon orayı. Bul qala tek g'ana Xorezm h'a'tteki Oraylıq Aziyadag'ı eng a'yyemgi qalalardan biri esaplanadı. Qaladin' eski atı usı kunge deyin saklanıp kelgen. Xazarasp h'akkında IX a'. arab tariyxshısı At-Tabariy, X a'. Al-İstaxri, XIII a'. Al-Yakut Xamaviyler jazg'an. Xazaraspti XIII a'. Juveyniy, XV a'. Mirxond o'z shıg'armalarında ko'rsetip o'tken.

1958-1960 jıllarda Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası xızmetkerleri M.G.Vorbeva, M.S.Lapirov-Skoblo, E.E.Nerazikiar onlag'an qazıw islerin, ha'm eki stratigrafiyalıq qudıqsha (shurf) kazg'an. I, II, III, IV qazıw orınlarındag'ı izertlewler Xazarasptın' antik da'wir qala qurılısların ha'm ma'deniy qatlamların tapqan [Vorobeva, Lapirov –Skoblo, Nerazik, 1963]. Xazarasp esteligin G'arezsizlik jılları qaraqalpaqstanlı arxeolog professor M.M.Mambetullaev [1996], tashkentli arxeolog S.R.Baratovlar [2011] qaytadan izertlegen. Jan'a antik da'wirge tiysli materiallar toplag'an. Xazaraspta ju'rgizilgen arxeologiyalıq izertlewler bul kalanın' erte kangyuy da'wrinde negiz salıng'anın ko'rsetedi. Bul jerde tabılg'an ayrım gulalshılıq (keramika) u'lgileri arxayka da'wiri kulalshılık ıdıslarına ha'm uqsaydı. Bul ıdıslardı izertlewshiler Qalalı qır I esteliginde ha'm Xazarasptın' minaraları (bashnya) Gu'zeli qırdikine uqsaslıg'ın aytqan. Bul qalalar qatarında Xazarasp ha'm eradan aldın'gı V-IV a'sirde qurılg'an degen pikirler bar.

Ulıwma, izertlew juwmaqları Xazarasp qalasının' antik, afrig (IV-VIII a'sir), orta a'sirler da'wrinde u'lken qala bolg'anınan derek beredi. Lekin Xazarasp diywalları ha'm da'rwazası XIX a'sir aqırına shekem jaqsı saqlang'an. XX a'sirde h'am h'a'zirgi zaman tas-jayları menen qurılgan. Qalanın'g tuslik-shıg'ıs boliminde a'yyemnen saqlangan Dev Salg'an tepeligi (biykligi) jaylasqan. Onın' maydanı 40x40 m, biykligi 15 metrge shekem boy ko'terip turıptı.




(a) (b)




(c)

**Xazarasp**

Joqarıda biz keltirgan a'yyemgi Xorezmning paytaxt ha'm tsivilizatsiyanın' negizgi oshaq - shah'arleri dep shamalang'an estelikler wa'layatda b.e.sh. I mın' jıllıqtın' 1 yarımınan son' 2-yarımınan baslap elimiz aymaqlarında ju'zege kelgen ma'mleketshilik protsessi-qublıslarının' wa'layat jerlerin de o'zine qamtıg'anın etgenin ko'rsetedi. A'yyemgi siyasiy oray-bul Guzeliqır qarabaxanaları dep boljaw etiledi. Son'g'ı izertlewler antik da'wirge sa'ykes siyasiy jag'daylar sebepli Qoy qırılgan, Axshaxan, Topıraq qalalar ha'm turli da'wrlerde Xorezm paytaxt qalaları bolg'anın da'lilleydi. Bul kibi paytaxt - shah'arlerdin' qa'liplesiwine b.e.sh. I mın' jıllıklardag'ı Xorezm oazisi aymag'ı

Oraylıq Aziyada birinshilerden bolıp, ma'mleketshilikke negiz salıng'anlıg'ında. Bul ma'mleketler birikpesine Sievushlar sulalasınan shıqqan patshalar h'ukimranlık qıldı. A'yyemgi (antik) da'wirdegi wa'layattı jergilikli elat h'u'kimdarları basqarg'anın Topıraq qaladag'ı "miyrasxorlar galereyası" skulpturaları (100 jaqın) xa'm Aqshaxan esteligindegi "patshalar portreti galereyası" (diywaldag'ı 24 portretler su'wreti) ayqın da'lilleydi.

## II.2. Qonıs-qorg'anlar

Antik da'wir Xorezm ma'deniyatına tan bolg'an bir-neshe qorg'anlar oazisitin' batıs, tu'slik ha'm arqa ta'repinde bar. Lekin olardın' ko'pshiligi 1937-jıldan baslap bu'gingi ku'nge deyin Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası (basshısı professor S.P. Tolstov), t.i.d. M.Mambetullaev, G'.Xojaniyazov ha'm basqalar ta'repinen izertlengsede ele tolıq u'yrenilmegen (Bazar qala, Kalajıq, A'yyemgi Qat t.b.). Usıg'an baylanıslı biz ayrım arxeologiyalıq a'debiyatlarg'a negizlengen h'alda oazistegi Xorezmnin' katardag'ı shah'ar ha'm qorg'anları h'aqkında mag'lıwmat beramiz.

Da'slep S.P.Tolstov, keyin G'.Xojaniyazov qorg'anıw qurılıslarıın (boynitsa, protexeyzm, da'rwaza, pandus, minar-bashnya, or-rov, jalg'an qurılıslar-predvratnıe soorujeniya, gerbish, paxsa t.b.) u'yreniw barısında ertede az u'yrenilgen antik da'wir estelikleri menen qatarda Eres qala, Aqshaxan qala (Qazaqlıjatqan), Ayaz qala, Tashqırman, U'lken Guldirsin qala, Kishi Qırıqqız qala, Sultan-Uvays tauı Gaur qalası, Anka qala, Qızıl qala kibi antik da'wir esteliklerin tekserip ko'rgen ha'm arnawlı maqalalar jazg'an [Xojaniyazov, 2007]. Bul antik da'wir esteliklerin arnawlı izertlew u'lken ko'lemdegi ilimiy miynetlerdin' uazıypasına kiredi. Bul wazıypa bizin' okıw-metodikalıq jumısımızdın' ko'lemine sıymaydı. Sonın' ushın biz ayrım eski qala ha'm awıl qonısı (poselenie) dep atalg'an ma'skanlerge qısqasha toqtaymız.

**Alma-atısqan- I.** Estelik Xiyua qalasınan 18 km shıg'ısta Kattabog' (U'lken baq) awılı aymag'ında jaylasqan. Estelik to'rt mu'yeshli formag'a jaqın qurılıp onın' real ko'lemi 101x170 m. Estelikte arnawlı arxeologik qazıw jumısları alıp barılg'an emes. Aldın'gı izertlewler boyınsha estelik eranın' I-VIII a'sirlerine tiyisli deb belgilengen. Yag'nıy I-IV a'cir kushanlar da'wiri materialları bolıwı kerek. Alma-atısqan I h'aqqında da'stlepki arxeologiyalıq mag'lıwmattı M.Mambetullaevtın' «Gorodishe Alma-atıshgan I-II» deb atalg'an

maqalasınan bilemiz. Bul maqala 1973-1974 jıllar qazıwlar juwmag'ına amalg'an. Estelik eki bo'limnen quralg'an: Alma atısqan I ha'm Alma atısqan II. Esteliklerde antik da'wirine ta'n bolg'an 40x43x44x10x13 sm qam gerbishler tamg'aları menen ushrasadı. M.M.Mambetullaev ta'repinen qazılg'an qudıqshadan (shurf) eramızdın' I-II a'sirlerge tiyisli gulal bo'lekleri tabılg'an. Bul tabılmalar Topıraq qala (Ellikqala) qatlamlarında da ushırasadı. Arxeolog M.M. Mambetullaev Alma atısqan I esteligi da'slep eradan aldın'gı III-II a'sirde payda bolg'an, keyin I-III a'sirde diywal menen aylandırılıp bekkemlengen degen pikirdi aytqan [Mambetullaev, 1982].

**Ayaz qala I.** Bul estelik qorg'an - qala Sultan Uvays tauının' shıg'ıs bo'limi jaqınıda jaylasqan. Ol eki qatarlı diywal menen orap alıng'an. Estelik diywallarının' ishinde qurılıslardın' izi joq.Estelik a'skeriy a'xmiyetke iye estelik bolıp, eranın' II-IV a'sirlerinde qurılg'an ha'm sırtqı qa'wip tuwg'an waqıtta pana-qorg'an uazıypasın atqarg'an. Bunday funktsional xızmetti biz joqarıda so'z etken Gu'zeli qır esteliginde ko'rgen edik. Sonday aq qorg'an-qala wa'layattı shıg'ıstan dala qa'wimleri qa'upinen qorg'auda da xızmet etken. Bul estelikten basqa usı jerde eramızdın' II a'sirine ta'n Ayazqala II qorg'an--zamok, Ayazqala III dep atalg'an awıl qonısı bar [Nerazik, 1976]. Bul estelikler ha'm ıqsham bekkem, qorg'anıw ushın qurılg'an. Olardın' do'gereginde awıl u'yleri, egislik maydanları ornı ushırasadı. Ha'zir bul jerde Xorezm tsivilizatsiyası tariyxın ta'ripleushi Ayaz kala turistlik kompleksi islep tur.

**Voyangan qorg'an - qalası.** Xorezm wa'layatı Shavat rayonının' Manaq awılınan 1,5 km tu'slik-shıg'ısta jaylasqan. Estelik eki bolimnen ibarat. Qalanın' batıs ta'repi onın' a'yyemgi bo'limi bolıp, bul eramızdın' I-IV a'sirlerine tiysli. Esteliktin' batıs bo'limi tuwrı mu'yeshli bolıp, ulıwma maydanı 280x360 m. Eranın' II-III a'sirinde qala diywal menen qorshap alıng'an. Ya.G'.G'ulamov Voyangan qalasın arab jazba dereklerinde ushırasatug'ın Ardaxushmisan degen qalasına sa'ykesleydi. Bul pikirdi M.M. Mambetullaev, M.-Sh.Qdırniyazovlar da quwatlaydı. Voyangan qalası a'yyemgi sawda jolları orayında jaylasqan [Mambetullaev, Kdırniyazov, 1983]. Ha'zir bul qalanın' kaldıg'ı kobirek qa'birstanlıq penen ba'nt.

Voyangan qala qaldıg'ın M.M.Mambetullaev ha'm t.b. 1978 j. arxeologiyalıq izertlewler waqtında qazg'an. Estelik eki bo'limnen ibarat. Birinshi batıs bo'limi 280-360 m, ekinshi – shıg'ıs bo'limi - 220x320 m. Batıs bo'legi eradan aldın'gı II a'sirde payda bolg'an. Antik

da'wirde qala diywal menen aylandırılıp bekkemlengen, qam gerbishten terilgen. Maydanı 10 ga bolg'an. XII-a'sirde qorg'an-qalanın' «Shıg'ıs» bo'limi qosılg'an. Biraq qalanın' ja'ne bir bo'legi qala diywallarının' sırtında jaylasqan. Bul h'aqqında Abdal baba, Shayx Jaloladdin dep atalg'an orta a'sir estelikleri mag'lıwmat beredi. Orta a'sirlerde qala Ardaxushmisan atı menen belgili bolg'an (X-XIV a'sir). Ayrıqsha aytıp o'tiw kerek Voyangan qalasında antik da'wir qurılısları izlerin anıqlaw qıyın, sebebi qala u'sti joqarıda aytqanımızday qa'birstanlıq penen ba'nt, pa'stki qatlamları bolsa izey suwg'a tolı, ol qazıw waqtında tez ko'terilip shıg'adı.

**Gaur qala**. Bul qorg'an-qala Sultan-Uvays tauı batısında A'miuda'rya boyında jaylasqan. Gaur qala Qara taw atrapındag'ı eski esteliklerdin' biri, bolıp 1951-1954 jılları Xorezm arxeologiya-etnografiya ekspeditsiyası ag'zaları ta'repinen izertlendi [Rapoport, Trudnovskaya, 1952 ]. Bul estelik Sultan Uays ha'm Qara taw sistemasındag'ı Jampıq qala menen birge jaylasqan antik ha'm erte orta a'sirge shekem qa'liplesken qala u'lgisi. Bul qala planı boyınsha u'sh mu'yeshlikke jaqın bolıp, arqadan tu'slikke sozılıp salıng'an. Da'rya boyınan 40-100 metr arıda 450 metr shasa'ykesında sozılıp atırg'an qala eki qatar diywallar menen korshalg'an. U'sh qabatlı qorg'an diywalları sırtınan xar 20 metrdan minar-burjlar menen bekkemlengen. Kala mu'yeshleri qarlıg'ash quyrıg'ı formadag'ı eki minar ja'rdeminde bekkemlengen. Qorg'an sırtkı diywalları ha'm minarları boylap atıw (boinitsa) tesikleri bar. Gaur qalanın' qurılg'an uaqtı da'slepki tekseriwler mag'lıwmatlarına qarag'anda eranın' II-IV a'sirlerine tuwra keledi dep belgilengen. Biraq son'g'ı tekseriwler ha'm boljaular qorg'annın' b.e.sh IV-III a'sirlerine tiysli estelik ekenligin ko'rsetedi [Xujaniëzov, 2007].

**Janbas qala (qorg'an)**. Eramızdan aldın'g'ı IV a'sirge ta'n bolg'an estelik ko'lemi 200x170 m. Rejelestiriw ta'repinen tuwrı to'rtmu'yeshli, kalınglıg'ı 5 m, balentligi 2-10 m diywal menen orap alıng'an. Qalag'a kiriw ushın bir da'rwaza bolg'an. Janbas qala esteligin belgili arxeolog professor S.P.Tolstov 1938-1939 jılları ashqan, ha'm «A'yyemgi Xorezm» (1948 j.) kitabına jazıp qaldırg'an. Janbas qalada tabılg'an a'h'miyetli qurılıslar arasında («Mangi alau-ot u'yi - «dom ognya») atasa'ykesın alg'an jay bar. Bul otxana u'sh qurılıs da'wirnde bolg'an ha'm ishki qurılıslarında o'zgerisler menen jih'azlang'an. Xana orayında ma'ngi janıp turg'an ot bolıp zardshtiylerdin' diniy rasm-rusumlarine juwap bergan. Bul xanalar h'aqqında Abu Rayxan Beruniy Sog'da

zoroastrlerinin' "ot xana" (alawxana, ateshgox) jayları h'a'r bir awılda bolg'an dep jazadı. Samarkand qalasının' o'zinde jeti «alaw xana» bolg'an.

Janbas qala ibadatxanaları qa'dimgi (antik) Xorezmnin' diniy ha'm ja'miyetlik tusinikleri h'aqqında mag'lıwmatlardı tolıqtıradı.

**Kalashıq.** Bul qala-qorg'an Xorezm wa'layatı Bag'at rayonınan 21 km batısta jaylasıp, ulıwma rejelestiriui tuwrı emes to'rt mu'yeshli formada, a'yyemgi diywal menen qorshalg'an. Diywal eki qatarlı bolıp 40x43x9; 43x46x13 sm ko'lemdegi qam gerbish penen tiklengen. Diywal ortasınan da'liz-galereya o'tedi, onın' ken'ligi 2,6 m. Qorg'an-qalanın' sırtqı diywalı balendligi 12-14 m, qalın'lıg'ı bolsa 5-6 m. Qalanın' arqa diywalı sırtqı orta bo'liminde ark (kuxendiz) jaylasqan. Onın' ken'ligi 15x25 m, balentligi bolsa 16 m. Sırtqı diywalda bir–birinen 1-1,5 m aralıqta boinitsa (oq atıu) orınları jaylasqan. Olardın' ken'ligi 28-30 sm. Estelikte eradan aldın'gı IV-II a'sirlerge ta'n bolg'an turmıs bolıp, adamlar jasawı IX-XI a'sirge shekem dawam etken. Bul estelikti ha'm M. M. Mambetullaev qazıp u'yrengen ha'm qalanın' maydanın 213x170x56 m ekenligin anıqlag'an [Mambetullaev, 1994]. Biraq bul qorg'an - estelikte elege shekem arxeologiyalıq qazıw isleri turaqlı ju'rgizilmegen.

**Qaparas qorg'anı.** Bul estelik Tu'ye moyın qısnag'ının' tu'slik–shıg'ısında A'miwda'ryanın' shep jag'asında jaylasqan. To'rt mu'yeshli reje- plan negizinde qurılg'an, ulıwma maydanı 129-110 m. Qorg'an paxsa diywal menen orap alıng'an. Yarım aylana ta'rizli minar-bashnyalar menen ku'sheyttirilgen. Estelik b.e.sh. IV-III a'sirlerge tiysli. Kaparas esteliginde 1972-1975 jılları M.G.Vorobeva ta'repinen arxeologiyalıq qazıw isleri alıp barılg'an [Drevnosti Yujnogo Xorezma, 1991].

Qorg'anıw diywalları boylap ha'm mu'yeshlerinde minar ("burj", russha bashnya) bolg'an. Minarlar arası 20-27 m. Arqa diywalda da'rwaza ha'm tosıq bolg'an. Tuslik diywalda ornalasqan qala-qorg'an wazıypasın atqarg'an. Uzaq waqıt turg'an Kaparas korg'anı Xorezmning tuslik shegaraların qorg'ag'an. Bronza (jez) ha'm gulal ıdıslar qaldıg'ı eradan aldın'gı IV-III a'sirde Kaparas qurılıp, keyin eramızdın' IV a'sirine shekem turg'an. Keyin basqada Burlı qala, Toq qala, Qoy qırılg'an qala kibi qorg'anıw qabiletin joyıta baslag'an.




**Qaparas. Vorobeva M.G,1991.**

**Qorg'asın qala**. Bul estelik Ellik qala rayonı aymag'ında jaylasqan. Ulıwma rejesi tuwrı mu'yeshli formada. Onın' maydanı 132x89 m. Qala a'yyemgi eki qatarlı diywal menen orap alıng'an. Kala qurılısında qam gerbish isletilgen (40x40x10; 41x40x11 sm). Arxeologiyalıq izertlewler na'tiyjesinde tabılg'an materiallar qalanın' qurılısı eradan aldın'gı IV-III a'sirlerge tiyisli ekenligin tastıyqlaydı. Qorg'asın kala qala qorg'anın da'slep S.P.Tolstovtın' «A'yyemgi Xorezm» (1948 -j) kitabında, keyin G.Xojaniyazovtın' arnawlı maqalasında ("Qorg'asın kala bekinis qurılısları") [1984] ha'm «A'yyemgi Xorezm mudofaa inshootlari» (2007) kitabında u'yrenilgen.






**Qorg'asın qala (Xojaniyazov G. 2007)**

**Kishi Qırıq qız qala.** Bul estelik Ellik qala rayonında Buxan Merey shirket xojalıg'ında jaylasqan. Estelik 1938 j. S.P.Tolstov ta'repinen tekserilgen. Estelik batıs ha'm shıg'ıs bo'limlerinen ibarat. Batıs

bo'liminin' maydanı 80x70 m bolıp, eki diywal menen orap alıng'an. Qorg'annın' payda bolıuı IV-III a'sirlerge tiysli ekenligi anıqlang'an.



**Kishi Qırıq qız kala**

**Qızıl qala.** Estelik Beruniy qalasınan 27 km shıg'ısta jol boyında jaylasqan. Estelikte S.P. Tolstov ta'repinen 1936 j. tekseriwler alıp barılıp onı birinshi iret eradan aldın'g'ı I-IV a'sirlerge tiysli dep esaplag'an. Keyingi jılları G'.Xojaniyazov ta'repinen alıp barılg'an arxeologiyalıq qazıwlarda onın' ko'lemi 63x 63 m (kvadrat) diywal ba'lentligi 13-16 metrge jetetug'ını anıqlandı. Ol 39x41x39x41–13 sm qam gerbishten tiklengen. Diywallarda 1,60-2 m qashıqlıqta boinitsa, pilyastr ta'rizli bo'rtip shıqqan, peshda'rwaza anıklandı [Xojaniyazov, 1986]. Tabılg'an materiallar qala-qorg'an eranın' I-II a'sirlerine tiysli ekeni anıqlandı.

**Qumbız tepe.** Estelik Xazarasptan 17 km shıg'ısta jaylasqan, 1973, 1978 jılları M.M.Mambetullaev u'yrengen [1984]. Son' bul jerde S.Bolelov (Moskva), S.Baratov (Tashkent), t.b arxeologiyalıq qazıw jumısların alıp bardı [Bolelov,1999; Baratov, Matrasulov,2003]. Estelik A'miwda'ryanın' shep jag'asında arqa-batıstan tu'slikke qaray sozılg'an bolıp, uzınlıg'ı 520 m, ken'ligi 65-82 m. Estelik qonısı eradan aldın'gı IV-IV a'sirlerde payda bolg'an. Qumbız qala antik da'wirde tu'slik Xorëzm alabında tsivilizatsiya ko'rsetkishlerinin' biri gulalshılıq o'nermentshiligi orayı esaplanadı. Bul jerdegi gulal-o'nermentshiler Oraylıq Aziyadag'ı antik da'wirinin' tsivilizatsiya oraylarındag'ı

o'ndiris usıllarında qollanılg'an jetiskenliklerdi men'gergen. Jergilikli ustalar tayarlag'an joqarı sapadag'ı keramika o'nimleri ha'm olardag'ı relefli suwretlew o'neri u'lgileri (kubok, at kelbetli riton-protoma, katafraktariy suretlengen flyaga, arıslan baslı guze tutqıshları, ajdarh'a ta'rizli fantastikalıq maqluq suwretleri, eski aramey jazıwı ha'm t.b.) Xumbuz tepe turg'ınlarının' a'yyemgi Shıg'ıs tsivilizatsiya oshaqları Persopol, Suza (İran), Egipet, Parfiya, Gandxar ma'deniyatı (Hindistan, kushanlar da'wiri) menen ma'deniy baylanısta bolg'anlıg'ın tastiyqlaydı.

Qala-ma'kannın' eski maydanı A'miwdarya degishi ha'm jan'a da'wirdegi qurılıslar, eginshilik atızları sebepli suwg'a qulap, su'rilip, bu'linip yarım saqlangan, maydanı bu'gingi ku'nde 4,5 ga. Da'rya boyındag'ı tepelikte qabatlasqan gulal ıdıslardın' bo'lekleri shashılıp atır. M. M. Mambetullaev tog'ız gulal oshaqtı ashqan, stratigrafik shurflar qoyıp Qumbız tepe esteligi ush xronologiyalıq da'wirge baylanıslı ekenligin anıqlaydı. 1-da'wir, eradan aldın'g'ı IV-V a'sir. Bul da'wir sapal ıdısları gulal sharqında tayarlang'an ha'm ashıq angob–boyau menen qaplang'an. Bular xumsha, xumlar bolıp tsilindr kibi formag'a iye, venchik (guze auız jiyegi) tekshe ta'rizde bolgan. 2-da'wir eradan aldın'gı IV-II a'sir banka formadag'ı ıdıslar ko'p ushıraydı. Xum ha'm xumshalar tuxımsha-ma'yek deneli (korpus), valik (xalka) ta'rizli awızg'a iye. 3-da'wir, I-IV a'sir xumsha, xum ha'm basqada ıdıslar bolıp vertikal (tik) deneli. Qumbız tepe tabılmaları arasında Xorezm jazıwının' ajayıp u'lgileri, diniy tu'sinikler ha'm a'yyemgi Xorezm tsivilizatsiyasının' jetiskenliklerin ko'rsetetug'ın tabılmalar bar (katafraktariy suwreti bar ıdıs bo'legi). Bul gu'ze sırtına bo'rttirme usılda twsirilgen sawıt kiygan atlı asker, qural-jaraqları menen ko'rsetilgen. Bunday suret antik du'nyada «katafraktariy» atı menen jaksı belgili. Qumbız tepe tabılmasına uxsas suwretler Qoyqırılg'an qala ha'm İran qalalarındag'ı bo'rttirme (relefli) suwretlerde ushırasadı.

Qumbız tepede tabılg'an jazıwlardı rus alımı V.A.Livshits (Sankt-Peterburg) arnawlı u'yrenip ma'nisi, mazmunın ashqan. Bul jazıwlar a'yyemgi Xorezm jazıwında "xu-moy"-"alıp keldi", "kapicha"-"suyıqlıq o'lshemi" ha'm 180 degen sanlar bar. V.A. Livshits ha'm M.M.Mambetullaev Qumbız tepe jazıwları eradan aldın'g'ı I a'sirde pitilgen bolıp xojalıqtag'ı suyıq auqat o'nimlerdin', vino ko'lemi-xajmin anıqlawda paydalanılg'an degen pikirdi aytadı. Bunday o'lshemdi ko'rsetetug'ın ostrak tabılmalar parfyanlar da'wiri estelikleri Nisa ha'm Qosh-tepe de ushırasadı (Turkmenstan). Usılar negizinde Qumbız tepe

antik da'wirde ma'mleketlik ko'lemdegi o'ndiris orayı bolıp «chinovnikler kantselyaryasında esap-sanaq jumısları alıp barılg'an» - degen boljawlar bar.

**Topıraq qala** (Shavat rayonı aymag'ında jaylasqan). Bul estelikti izertlew isleri 1958-1960, 1973-1974 jıllarda alıp barılg'an. Qala to'rt mu'yeshli formada bolıp, onın' maydanı 167-169-170 metr. Du'ilisinde to'rt ta'repli ten'lik saqlang'an. Qala eki qatarlı diywal menen aylandırılg'an, ortada daliz bar. Diywal minarlarg'a iye bolıp, olar diywaldan qaptalg'a 5,2 m o'sip shıg'ıp, onın' kengligi 7 metrdi kuraydı. Qala bir da'rwazag'a iye bolıp, kuramalı qurılma menen bekkemlengen. Qurılma aldına 11,5 metrga o'sip shıqqan, kala jaqın jaydan ken'ligi 23-27 m xandek o'tken. Estelik eradan aldın'gı IV-III a'sirlerge tiyisli. Qala aylana formada bolıp, onın' diametr ko'lemi 260 metr, ishki diywal ta'repinen onın' maydanı 4 ga ten'. A'yyemgi qorg'anıw diywalı menen orap alınıp, h'a'zir saqlang'an biykligi 7-8 metrdi quraydı. Diywalda yarım aylanalı bashnyalar (sanı 24 ) saqlanıp qalg'an, olar ortasındag'ı qashıqlıq 22-30 m. Diywalg'a jaqın jaydan ken'ligi 32-42 m xandek-or-rov o'tken. Qorg'anıu diywalı ha'm minara to'rt ta'repi kvadrat formadag'ı qam gerbish penen tiklengen (40x40x10; 41x41x12 sm). Qalanın' qurılısı ha'm rawajlanıwı eradan aldın'gı IV-III a'sirler menen belgilenedi [Mambetullaev, 1986].

**Yangiarıq Topıraq qalası.** Yangiarıq raionı aymag'ında jaylasqan. Estelik tuwrı mu'yeshli formada bolıp, ulıwma maydanı 3,5 ga quraydı. Qala-qorg'an a'yyemgi eki diywal menen qorshap alıng'an. Saqlanıp qalg'an diywaldın' ba'lentligi 1,5 m bolıp, to'rt mu'yeshli minarlar-bashnyag'a iye. Olar ortasında maydanı 17-22 m, diywaldan jan ta'repke shıg'ıuı 5-6 m. bolg'an minarlar bar. Estelik b.e.sh. IV-II a'sirler menen belgilengen. Qala qa'dimde qos diywal menen bekkemlengen, olarg'a qosımsha salıng'an minaralar (bashnya) qorg'anıs qu'diretin ku'sheytken. Arxeologiyalıq tabılmalar erte Kangyuy da'wirine tuwra keledi ha'm bul tabılmalar Qoy qırılg'an qala esteligine uxsas bolg'an.

Biz joqarıda keltirgen qorg'an qalalardan basqa U'stu'rtte Aq shu'ngil (Qon'ırat rayonı), Dau kesken, Turkmenstanda Tash xauız atrapında (wa'layatı) Shax-Sanem, Chermen jap, Kyunerli qala ha'm t.b antik da'wir tsivilizatsiyasına ta'n qala-qorg'an orınları bar.

Ulıwma alg'anda S.P.Tolstov basshılıg'ındag'ı Xorezm arxeologik espeditsiyası, Xorezm Mamun akademiyası (Xiyua) ha'm O'zİA Qarakalpaqstan Bo'limi TAEİ arxeologları Qaraqalpaqstanda, Tash xauız oblastı, ulıwma A'miwda'ryanın' on', shep jag'alarında (burıngı

antik da'wir Xorezm aymag'ı) XX a'sirdin' 70 jıllarına kelip 250 aslam eski qala ha'm qorg'anlardı anıqlag'an. Al moskvalı ilmpaz Yu.A.Rapoport 1998 j ja'riyalag'an maqalasında Shep xa'm On' jag'adag'ı jerlerde 400 dey antik da'wir qonıs maskanları bolg'an degen pikirdi jazadı [Rapoport, 1998]. Bul esteliklerdin' ko'pshiligi Qaraqalpaqistan Respublikası aymag'ında jaylasqan.

Bul ko'p sanlı makan jaylar ha'm eski qorg'an- qalalar arxayka (b.e.sh. VII-V a'sir), kangyuy (b.e.sh. IV-V a'sir) ha'm kushanlar (II-III a'sir) da'wirlerine tuwra keledi. En' a'yyemgi yag'nıy arxayka, kangyuy da'wirlerine Ding'ilje (keshki arxaika-VI-V a'sir), Qoy qırılg'an qala (b.e.sh. V a'sir), Janbas qala (b.e.sh. IV-V a'sir) Tashkırman tepa (b.e.sh. V-IV a'sir ) ha'm basqalar esaplanıladı.

Arxeologiyalıq a'debiyatlarda Orta Aziyanın' a'yyemgi da'wir qalasının' qa'liplesiw jag'dayların u'yreniu boyınsha tartıslı pikirler bar. Bul ma'sele boyınsha A.Yu.Yakubovskiy, S.P.Tolstov, V.M.Masson, E.V.Rtveladze, M.M.Mambetullaev (Xorezm mısalında) ha'm t.b o'z pikirlerin arnawlı a'debiyatlarda bildirgen. Natiyjede bul ma'selege arnalg'an ilimiy a'debiyatlarg'a negizlenip professor M.M.Mambetullaev a'yyemgi Xorezm qalaları tariyxına baylanısı bolg'an qonıslardı u'sh topar (gruppag'a) bo'ledi: 1-qala tipindegi a'yyemgi qonıs, 2- qorg'anlar, 3- makanlar. Awıl qonısı menen qala qonısının' arasındag'ı o'zgeshelikti olardın' maydanına qarap ajratadı, yag'nıy 2,5 ga dan–4 ga arası.

Sonın' menen katar a'yyemgi qalalardın' ayrım belgilerine qarap to'mendegidey tiplerge bo'ledi:1-tip. Tsitadelli qalalar, tuwrı mu'yeshli formada, bekinis qorg'anları ha'm bashnya-kungur-minarı bar. Olarg'a Xiyua- 26 ga, Xazarasp-10 ga. 2-tip bo'lek qurılıslardan turg'an qala, olardın'da qorg'anıu diywalları, minar-bashnyaları bolıp, tsitadeli joq, biraq or-rov penen bekkemlengen. Olar Qyat/Qat- 8,5 ga, Topıraq qala (Yangiarıq)- 3,5 ga, Voengan- 17 ga. 3-tip qorg'anıu diywallarına iye, biraq bashnya-minarasız qalalar. Og'an U'lken Aybu'yir qalası kiredi, maydanı–10 ga. 4-tip do'n'gelek formadag'ı qalalar, diywalları minar-bashnyalar menen bekkemlengen ha'm or-rov penen qorshalg'an. Topıraq qala (Shavat rayonı 4,2 ga).

Qorg'anlar 2 tipke bo'linedi: bunda olarg'a ta'n bolg'an qorg'anıw (fortifikatsiya) belgilerine dıqqat awdarıw kerek. 1-tip ku'shli qorg'anıw diywalları bar, biraq diywallar minar-bashnya menen bekkemlenbegen. Qorg'an ishinde adamlar jasaw orınları joq. Bug'an Xorezm oblastındag'ı Qalashıq qorg'anı tiysli- maydanı 13 ga. 2-tip bul

qorg'anlardın' diywalları bashnya-minarlar menen bekkemlengen. Kirer da'rwaza aldında aldın'g'ı tosıq (predvratnıe soorujeniya-proteyxizm– qosımsha diywallı qurılma) to'rt mu'yeshli formada bolg'an. Mısallar: Kaparas -1,5 ga, Topraq qala (Xiyua janında) -3 ga, Daukesken (Usturt) -28 ga.

Makanlar da eki tipke bo'lingen. 1-tip 4,5 ga iye bolg'an qonıslar. Olarda qorg'anıw elementi sırtqı qorshalg'an diywallar bolmaydı. U'lgi - Xumbuz tepe. 2-tip. Awıl qonısları. Bir – birine qashıq turg'an to'rt mu'yeshli yaki oval-do'n'gelek sekilli jaylar, maydanı 0,5 – 1,2 ga. U'lgi – Kırıq qız, Kone –qala t.b.

Professor M.M.Mambetullaevtın' XX a'. 80-90 jıllarındag'ı bul boljawlarına, son'g'ı materiallar negizinde G'.X.Xojaniyazov ta'repinen ayrım o'zgerisler kirgizildi. Atap aytqanda G'.X.Xojaniyazov a'yyemgi Xorezmnin' fortifikatsiyalıq (qorg'anıu) elementli bar qala, qonıslar, uzın diywallar negizinde antik da'wir tsivilizatsiya basqıshlarına ta'n bolg'an (arxiak da'wir- VII a'sir aqırı - VI-V a'sirler; Kanxa-kangyuy b.e.sh. IV a'sir– b.e. I a'siri; kushanlar, eranın' I–IVa'sirleri) bes tiykarg'ı tipti ajratadı.

*1-tip.* Qala tu'rindegi bekinisli manzilgah'lar, maydanı 5-70 ga iri qorg'an, qonıslar (Gu'zeli qır-25 ga; Qalalı qır-I, 70 ga; Axshaxan – 56 ga; Bazar qala-33 ga, İshan qala –Xiva-26 ga; Dev kesken-20 ga; Xazarasp-10 ga; Topıraq qala-17 ga). *2-tip.* Qala-qorg'anlar, o'z gezeginde u'sh tu'rge bo'linedi: 1-qos diywallı, atıw jolları, diywaldag'ı minarları barlar Qalalı qır-2, Ayaz qala-1, Gauir qala-1, Korg'asın qala, Xiyua Topıraq qalası, Kaparas, Toq qala (Darsan,No'kis raionı) t.b. 2-Qos diywallı biraq minarları bolmag'an qorg'anlar: Janbas qala, Kalajiq, Kishi Qırıq qız qala, Gauir qala-2, Burlı qala, Qara tepe t.b. 3- atıw jolları (strelkovaya galareya) ha'm minarları bolmag'an qorg'anlar: Axsha Gelin, Akshu'ngil t.b. *3-tip.* Bekinisli, ibadat-sıyınıw kurlısları bar qonıslar, Qoy qırılg'an qala, Shavat rayonı Topıraq qalası, Tashqırman. *4-tip.* Bekinisli jaylar yaki kazarmalar: Topraq qala III, Gonerli qala, Aqtepe, Anqa qala, Qızıl qala, Daukesken diywalı jayları.*5-tip.* Uzın diywallar (Tashkırman, Axshaxan, Deu Kesken). Bul uzın diywallı bekinisler Xorezmnin' askeriy arxitekturasının' ajayıp u'lgisi esaplanıladı. Diywallar eginshilik zonasın ko'shpeliler topılıslarınan qorg'anıwg'a ja'rdemlesken [Xodjaniyazov, 2007].

Arxeologiyalıq ha'm istoriografiyalıq (tariyxtanıw) ilimiy a'debiyatlarda a'yyemgi urbanistlik tsivilizatsiyanın' baslı belgilerinin' biri, joqarıda atap o'tkenimizdey qala aymag'ındag'ı ja'miyetlik sıyınıw

orınları bolg'an (ibadatxana, tabınıw, sıyınıwg'a baylanıslı qurlıslar) [Shirinov, 1993; Eshov, 2006]. Diniy-ideologiyalıq tu'siniklerdin' ma'mleketlik da'rejede qaliplesiwi menen ja'miyetlik sıyınıw orınları qalalar orayında qa'liplese basladı. Aral boyı jerlerinde usınday qurlıslar qatarına Gu'zeli qır, Axshaxan, Qoy qırılg'an kala, Topıraq kala ha'm t.b. esteliklerdin' xram-ibadatxanaları tiysli. Atap o'tetug'ın jag'day - Xorezm xram arxitekturası do'n'gelek tu'rdegi monumental qurılısları menen ajralıp turadı (Qalalı qır-2, Qoy qırılg'an qala). Bul traditsiya arqa (Arkaim) ha'm tu'sliktegi (Dashlı 3) bronza a'siri estelikleri menen u'nlesedi. Evraziyanın' arqa jerlerinde bronza a'sirinen indo-evropa tilles qauimlerdin' tu'slikke jılısqanın arxeologiya ilimi tastiyqlaydı. Sonın' menen katar Xorezm alabında tuwrı mu'yeshli xramlarda qurılg'an (Janbas qala, Bazar qala, Axshaqan qala sıyınıu orınları).

Biz joqarıda talqılap o'tken qala, qorg'anlar, olardın' planigrafiyalıq dizimi, antik da'wir tsivilizatsiya basqıshlarına ta'n bolg'an innovatsiyalıq belgilerdin' qa'lipleskenin ko'rsetedi. Tu'slik Aral boyı, Xorezm alabı jerlerinin' antik da'wirdegi tsivilizatsiya tariyxın basqada ko'rsetikishler negizinde izertlewge boladı.

## III-BAP. ANTİK DA'WİR XOREZM TsİVİLİZATsİYaSI HA'M ORAYLIQ AZİYa MA'DENİYaT TARİYXI

*Ertedegi ma'mleketshilik ma'selesi. "U'lken Xorezm". Otırıqshılıq ma'deniyatı. Urbanizatsiya. Materiallıq ma'deniyattag'ı innovatsiya. O'nermentshilik. Sawda baylanısı.*

Jazba dereklег mag'lıwatlarına qarag'anda Xorezmde ertedegi ma'mleketshtiliktin' payda bolıw protsessi (qublısları) eradan aldın'g'ı VIII-VII a'sirge kelip o'zinin' juwmag'ına jetken. Belgili entsiklopedist tariyxshı Gerodot (b.e.sh.Va'.), tanıqlı nemis alımı Markvart (XIX a'.), amerikalk shıg'ıstanıushı alım Richard Fray, ingliz tarixshı alımı V.Gorl ha'm belgili rus-sovet arxeologı S.P.Tolstovlardın' boljauı, pikirinshe axameniyler u'stemligine shekem aq qudretli Xorezm ma'mleketi payda bolıp, onın' quramında Oraylıq Aziyanın' kopshilik jerleri Sog'da (Zarafshan deltası), Xorasan (Tu'slik Turkmenstan), arqa, shıg'ıs, batıs Afganistan bolg'an. Xorezmlikler basqarg'an bul u'lken a'skeriy, siyasiy uyıspa, birikpe alımlar ta'repinen «U'lken Xorezm» ma'mleketi dep atalg'an. Bul konfederatsiya Assuriya, Midiya ha'm İran patshalarının' tajauzlarına tu'sken xam bolıwı mu'mkin. V.Markvart, V.Bartold, S.P.Tolstov, Ya.G'.G'ulamov ha'm basqada alımlar - «Avesto» dag'ı «Arnem Vaydja» aynen «U'lken Xorezm» ma'mleketi uyıspası aymag'ının' ozi degen pikirdi aytqan [G'ulamov, 1960].

B.e.sh.VIII-VII a'sirlerde Orta Aziya xalıqları, xorezmlikler de otırıqshı diyxanshılıq ma'deniyatına o'tti, urbanizatsiya rawajlandı, u'lken ko'lemdegi suwg'arıw sistemaları (irrigatsiya) qwrıla baslaydı. A'miwda'rya deltalarındag'ı Chermanjap, Gavxora kibi iri kanallar tek g'ana oraylasqan ma'mleket ja'rdeminde qurılıwı mu'mkin edi. Budan basqa sol da'wirge kelip ma'mleketlik din sıpatında zardushtiylik dini qabıl qılındı ha'm bekkemlendi [Bazarbaev J, Xujaniyazov, Bazarbaev R]. Bul jerde sonı aytıu za'rur, A'miudaryanın' to'mengi ag'ımı basseininde qa'liplesken jan'a elat XII a'sirgeshe xorezmiy xalqı atı menen atalıp kelindi. Qullasa qılıp sonı aytıu kerek, adamlar Tu'slik Aral boyı jerlerinde a'yyemnen jasap kelgenler. Tariyxıy rawajlanıw barısında, a'sirler dawamında bul u'lkege tu'rli qa'uim, elatlar migratsiyalıq jol menen kelgen. Ha'tteki basqınshılarda ma'lim da'rejede iz qaldırg'an. Olar jergilikli xalıq penen aralasıp, u'lke xalqının' qa'liplesiwine o'z u'leslerin qosqanlar ha'm de birgelikte da'slepki Xorezm ma'mleketin du'zgen. Ko'p jıllık arxeologiyalıq izertlewler juwmag'ı, tariyxıy boljamlarg'a qaramastan Xorezm

ma'mleketshiliginin' a'yyemgi da'wirin aymaqlastırıu (lokalizatsiyalau) boyınsha tartıslar bar. Bir topar ilimpazlar A'yyemgi Xorezm tariyxı «Avesto» dag'ı Ariyanam-Vaydjon, Kanxa (Kang), Kangyuy atlı geografiyalıq jayg'a yaki elatqa baylanıstıradı [Tolstov,1948 a; Gafurov,1989].

Qıtay jazba dereklerinde aytılıwınsha Ansi (Parfiya) arqadan Kangyuy menen shegeralas bolg'an. Solay etip, joqarıda keltirilgen mag'lıwmatlarg'a qarag'anda, Kangyuy yaki Kanxa ma'mleketi quramında a'yyemgi Xorezm, Chash, Sog'diana da kirgen. Ma'lim bolg'anınday, İran shaxları Kir, Dariy h'ukimranlıg'ı da'wirinde Xorezm axameniylar imperiyası quramına kirgen. Lekin b.e.sh. VI a'sirde Xorezm biyg'arez-mustaqil ma'mleket bolıp aldı. Selevkiyler ha'm Evtidemiylar da'wirinde de Xorezm o'z g'a'rezsizligin saqlap qaladı. Eradan aldın'gı 170 jılda Sog'diana-Sog'da Grek-Baktriya ma'mleketinen ajralıp shıqqan, ol tez arada Kang (Kangxa, Kankyuy) ma'mleketi quramına o'tedi. Joqarıda qayd qılıp o'tkenimizdey, Qıtay dereklerinde bul ma'mleket «Kangyuy» dep atalg'an. Eradan aldın'gı II a'sirding 2 yarımında Kangyuy ma'mleketi o'z rawajlanıwının' joqarı da'rejesine erisedi. Jazba mag'lıwmatlar ha'm arxeologiyalıq izertlewler, b.e.sh. VII a'. aqırı–VI a'sirlerde Xorezmnin' Tu'slik–batısında ha'm qala-qorg'anlar, o'nermentshilik rawajlanıp, u'lken, ken' ko'lemdegi suwg'arıw tarmaqları payda bolg'an. Diyxanshılıqqa negizlengen otırıqshı ma'deniyat qa'liplesken. Bulardın' barlıg'ı tsivilizatsiyalıq protsesslerdin' rawajlanıwı na'tiyjesinde bolg'an. Bul da'wirlerdin' a'jayıp estelikleri biz joqarıda aytqanımızday A'miwda'ryanın' On' ha'm Sol jag'alawlarındag'ı oazis ha'm mikro oazislerde ko'plep saqlang'an. Xorezm oazisinde paytaxt qalalar qurılısı tariyxı, ma'mleketshilik jarayanları ha'm siyasiy oraylıq qatnasların ashıp beriwshi derek, faktorlar bar. Olarg'a ilmiy analiz ha'm bah'a berilgen. Xorezm alabındag'ı a'yyemgi da'wir esteliklerin sanda esaplasaq bir neshe ju'zden asadı. Olardın' qatarında biz atap o'tken Gu'zeli qır, Qoy qırılg'an qala, Topıraq qala, Xiyua, Xazarasp, Urgenish (Yu-e-gan, Gurgandj) usag'an tsivilizatsiya oshaqları bar. Olar Aral boylarındag'ı tsivilizatsiya tariyxında ayrıqsha a'h'miyetke iye, bular arxeologiya iliminde ken'nen tanıs. Ayrımları uzaq jıllar dawamında arxeologiyalıq jaqtan jaqsı izertlengen

Bul bizge tsivilizatsiya ko'rsetkishlerin'in' bir belgisi bolg'an urbanizatsiya jag'dayın izertlewgede ja'rdemlesedi. «Urbanizatsiya» tu'sinigi «qala, qala tariyxı, qaliplesiwi» degen ma'nide ko'p qollanıladı.

Usı tu'siniklerge baylanıslı oazistegi tsivilizatsiya ko'rsetkishi bolg'an ma'mleketshilik belgileri, qalalardı izertlew, olardın' materiallıq ma'deniyattag'ı jetiskenlikleri, innovatsiyalıq o'zgerisler, Oraylıq Aziya tsivilizatsiyası menen baylanıslarına toqtap o'temiz.

Jazba mag'lıwmatlar, arxeologiyalıq qazılmalardı analizleu sonı ko'rsetedi, xorezmshax dep atalg'an h'ukimdar elattın' joqarg'ı basqarıw diziminde abroylı bolg'an. Ol ele onsha qwramalı bolmag'an ma'mleketti o'z adminstratsiyası-xojalıq isleri, finans, tınıshlıqtı saqlaw, a'skeriy qorg'anıu makemeleri ja'rdeminde basqarg'an. Joqarı h'ukumet qasındag'ı ken'es bul da'wirde ha'm en' a'h'miyetli h'ukumet organlarınan esaplang'an. Ma'mleket turmısının' aktual ma'seleleri aynen usı ken'es ma'kemesinde h'al etilgen. Ma'mleket ka'rxanaları, xojalık sholkemlestiriushisi yag'nıy diyxanshılıq, sawda, o'nermentshilik, arıq-kanallar qazıw ha'mde qalalar qurılısı, ma'mlekette tınıshlıqtı saqlau, ta'miynleu ha'm qorg'anıwdı du'ziw wazıypaları menen shug'ıllang'an. Zardushtiylik dini ruh'aniyleri bolsa diniy-ma'rifiy isler menen ba'nt bolg'an.

Ma'mlekettin' a'skeriy kushleri negizinen atlı a'skerlerden ibarat bolıp (jazba derekler, katafraktariy, atlı a'skerdin' relefli suretleri), olar o'zlerinin' batırlıg'ı, jauıngerligi menen ajralıp turg'anlar. Atlı a'skerlerdin' ma'mlekettin' qorg'anıw islerindegi a'h'miyetin jazba derekler, arxeologiyalıq artefaktler da'lilleydi. Jazba dereklerde 329/328-jj. Baktriyada kıslap atırg'an A. Makedonskiyge 1500 atlı a'sker menen xorezmli patsha Farasman kelip "Qara ten'iz boylarına (kolx, amazonkalarg'a karsı) a'skeriy ju'rislerde ja'rdem beretug'ının" bildiredi. Qoy qırılg'an qala, Xumbuz tepe esteliklerinen keramikalıq flyagag'a bitilgen at u'stindegi awır temir sawıt kiygen a'sker relefli tu'rde berilgen. Olar greklerde "katafraktari" delinip massagetlerde wshırasatwg'ını aytıladı. Aral boyı a'yyemgi ma'deniyat tuwındılarında at obrazı basqada massalıq artefaktler menen tastiyqlanadı. Olardın' arasında protoma - at bası tu'rinde bezetilgen ritonlar Qoy qırılg'an qala, Qalalı qır-1, Xumbuz tepe, U'lken Aybuyir qala esteliklerinen tabılg'an. Bulardan basqa a'psanabiy qanatlı ushar atlar relef-suwreti Qoy qırılg'an esteliginen ma'lim. At tulg'asın bildiriwshi ko'pshilik keramikalıq terrakotalar san jag'ınan Xorezmnin' antik da'wir esteliklerindegi h'ayallar statuetkalarınan keyin ekinshi orında turadı. Ha'tteki ayrım ossuariy qaqapaqlarında atlılardın' relefli suwreti bar. Solay etip, Evraziya ko'shpeli dala qa'wimlerinde ulug'lanatwg'ın at ha'm shabandoz (a'sker) teması jergilikli tsivilizatsiya ko'rsetkishlerine u'lgi

bolg'anın ko'remiz. Ko'shpelilerdin' o'zi de oazis shegeralarında ornalastı. Olardın' jerlew kurlısları-kurganlar Tagisken, Uygarak, Kuyusay ma'deniyatı esteliklerinen ken'nen ma'lim. Kurganlardag'ı inventarlarda xorezmli gulallar tayarlag'an ıdıslar, biryuza (Sultan uizdag) bezewleri ushrasadı. Bular tsivilizatsiya ko'rsetkishlerinen biri bolg'an etnikalıq assimilyatsiyalanıu, jergilikli jag'dayg'a adaptatsiyalanıw antik ma'deniyat u'lgileri mısalında ertedegi ko'shpeliler da'wirinen baslang'anın ko'rsetedi. Erler qatarında xorezmlik h'ayal-qızlar da a'skeriy xızmetke katnasıp, urısta ayrıqsha qah'armanlık u'lgilerin ko'rsetip kelganler (Tomaris a'psanası, jerlew esteliklerindegi tabılmalar).

Aral boyı jerlerinin' antik da'wir tsivilizatsiya jetiskenliklerin basqada innovatsiyalıq artefaktler ja'rdeminde analizlewge boladı. Bul materiallar arasında jergilikli turg'ınlardın' skif-sak ma'deniyatı menen baylanısın bildiretug'ın bug'ı (olen) suwretli pechat-mo'h'r, skif qalpag'ın kiygen atlı shabandoz, apsanabiy grifon bitilgen flyaga, bronza, temir oq jay ushları ha'm t.b. tabılmalar bar. Bul tabılmalardın' parallel saykesligi Evraziyanın' ertedegi ko'shpelilerine ta'n suwretleu iskusstvosınan ma'lim ("zverinıy stil"). Keyninen bul flyagalar toxar, gunn, eftalitler esteliklerinde de ushırasadı.

Aral boyı a'yyemgi da'wir xalıqlarının' diniy ha'm ideologiyalıq tu'siniklerinde de Oraylıq Aziyadag'ı isenimler menen uqsaslıqlar baqlanadı. Bul innovatsiyalıq jan'alıq joqarıda so'z etken do'n'gelek





Qoy qırılg'an qala esteliginen tabılg'an relef nag'ıslı ıdıslar



**Eski Xorezm jazıwı, protom kornisli riton, statuarlıq ossuariy**

jobadag'ı xramlar qurılıslarında anıq bilinedi. Xram orayında u'lken monumental zal bolıp, segment ta'rizli bo'lmeler menen aynala qorshalg'an, olarda sadaqa ushın paydalanatuwg'ın oshaqlar bolg'an.

İzertlewler waqtında o'nimdarlıq isenimi (kult plodorodiya) menen baylanıslı bolg'an da'stu'r izleri anıqlandı. Qorg'an-qala da'rwazaları aldında diniy-sıyınıu kompleksi jaylasıp ondag'ı arnawlı tekshelerge tabınıwshılar sadaqag'a inam etken o'nimlerdi, da'n salıng'an guzelerdi a'kelip qoyatwg'ın bolg'an. Usınday orınlarda shala jang'an da'n baylamıda ashılg'an (Qalalı qır-2). Janbas qala esteliginde maydanı 40x25 m ten' ot xramı izertlendi. Onın' do'n'gelek bo'lmesinde ot-alaw altarı jaylasqan. Bo'lme edeni taza ku'l menen toltırılıp u'sti sıbalg'an. Bul usıl erte antik da'wirdin' sıyınıw komplekslerine ta'n qublıs. Qa'siyetli oshaqtan (altar) shıqqan taza ku'l ayrıqsha qa'dirlenip, taslanbay, arnawlı saqlang'an. Bunday isenim da'sturinin' izi Bazar qalada ha'm anıqlandı. Usı jerdegi sıyınıw orayında arnawlı ura-saqlag'ıshlarda ra'smiy da'sturlerde isletilgen mayda gulal ıdıslar, altardan shıqkan ku'l sıyaqlı paydalanılg'an zatlar arnawlı saqlang'an. Son'g'ı jılları bunday sıyınıu orınları U'lken Aybuyir qala, Xazarasp esteliklerinde ashıldı.

Oraylıq Aziyanın' basqada tsivilizatsiya oshaqları sıyaqlı Xorezmnin' antik zaman esteliklerinde antropomorflı terrakota (h'a'ykelsheler) ko'plep ushırasadı. Olardın' arasında h'ayallar obrazı ko'p berilgen. Bul jag'daydı arxeologlar o'nimdarlıq qudayı menen baylanıstıradı. Statuetkalar o'nimdarlıq qudayı Anaxita, bala emizgen quday ana (Xorezm madonnası), sharapsazlıq g'amqorshısı Dionis, bir kolında kese, ekinshisinde amfora uslag'an mabudanı (Mina) bildirgen. Az sandag'ı erkekler, tuye, qoy, maymıl, qus, kirpitiken statuetkaları da ushırasadı. Bulardın' barlıg'ı sol zamandag'ı lokal xarakterdegi diniy isenimlerdi sa'wlelendirgen.

Kangyuy da'wirinen baslap oaziste ossuariy tu'rindegi jerlew usılı ken'nen taradı. Bunda marh'um suyegi etinen tazalanıp (minar, qorg'anlarda) ossuariy qutılar, gu'ze, alebastr ıdıslarg'a salınıp arnawlı orınlarda saqlanatug'ın bolg'an (Gu'zeli qır, Qalalı qır,Shılpıq). Kangyuy zamanınan baslap ossuariylerdi tayarlawda joqarı sheberliklerden paydalandı. Olardın' bezewleri ko'rkem o'ner - iskusstvo u'lgilerine aynaldı. Ossuariyler statuya (statuarnıy), bashnya-minar (mavzoley), tis ta'rizli parapet qaqpaqlar, at, tuye u'stinde otırg'an adam t.b ja'nlikler tu'rinde bezelip tayarlanadı.

Antik tsivilizatsiya tariyxının' kangyuy basqıshında jergilikli keramika o'nimlerin tayarlauda u'lken jetiskenlikler boldı. Oraylıq Aziyanın' basqada o'nermentshilik oraylarınday bul jerde ha'm axameniyler zamanına sa'ykes banka formalı ıdıslar ornına jan'a tu'rleri

payda boldı ha'm olar usı da'wirden baslap Baktriya, Sog'da ha'm Marg'iana ıdıslarınan pu'tkilley ajralıp turadı. Jergilikli iri ıdıslarg'a toyg'ın qızıl boyaaw menen spiral yaki u'sh mu'yeshli nag'ıslar salındı. Ayrım u'sh mu'yeshlikler sırtqı konturı boylap oyma sızıqlar menen jiyeklendi. Barlıq ıdıslar simmetriyalıq, proportsional formag'a iye. Keramika o'nimleri sarı-qızg'ısh ko'rniste bolıp qızıl boyaawda angoblandı ha'm sayqallanıp bezeldi (loshenie). Tostag'an (kese), guze, biyik tu'pli bokal formaları ko'p ushrasadı. Eki tutqıshlı ıdıslar joq bolg'an. Kangyuy zamanında jergilikli keramikanın' jan'a u'sh tu'ri ayrıqsha orında turdı. Olarg'a vino-sharap ha'm qasiyetli suyıqlıqlar ishiwde paydalang'an riton, tutqa u'sti arıslan bası tu'rinde bezelgen guzeler ha'm eki tutqalı er basına ilip, alıp ju'riwge qolaylastırılg'an flyagalar tiysli. Ritonlar shaq ta'rizli bolıp, olardın' to'mengi ta'repi at (protoma) ha'm qanatlı grifon menen bezeldi. Bul ıdıslar Parfiyanın' Nisa esteligindegi pil suyeginen tayarlang'an ritonlarg'a uqsas. Biraq olar Aral boyında keramikadan massalıq tu'rde tayarlandı. Arıslan baslı guze tutqıshlarının' da'slepki u'lgisi antik da'wirge tiysli tabılmalar "Amuda'rya g'aziynesi" kuramındag'ı altın ıdısta ushrasadı (1877-j.). Amuda'rya boylarında olar keramika ıdıslarının' tutqaların bezeydi. Swyıqlıqtı alıp ju'riwge qolaylastırılg'an flyagalardın' tompayg'an bir ta'repi h'a'r-tu'rli relefli usılda bezeldi.





Antik da'wir xumı, aramey u'lgisindegi xorezmshe jazıw.





Arıslan ko'rnisindegi gu'ze tutqaları









Antik da'wir skulpturası xa'm ossuariy u'lgileri.







Topıraq qala esteligindegi diywal suwretleri



Delfin swretlengen ju'zik ha'm tuyreuish. Qoy qırılg'an kala.

Olardın' qatarında flyaga arqalag'an jolawshı, bala emizgen ana ("bogomater"), qanatlı at-grifon, sopaq baslı kalpaq kiyip at shawıp baratırg'an shabandoz, atı ha'm o'zi temir sawıt penen qaplang'an atlı a'sker ("katafraktari") usag'an ko'rkem suwretler bar. Bul syujetlerdegi sopaq baslı qalpaq kiygen shabandoz axameniylerdin' relefli jazıwındag'ı sak ua'killerine uqsaydı.

Solay etip antik da'wir Xorezm tsivilizatsiyası materiallıq ma'deniyat tarawındag'ı ko'rsetkishleri menen OraylıAziya, Evraziya ko'shpeliler ma'deniyatına u'nlesedi. Bul madeniy qatnaslardı bildiretug'ın shaqlı olen (bug'ının') sureti salıng'an pechat-mo'h'rler, h'asıldarlık qudayı Anaxitaning h'a'ykelsheleri, tastan islengen kelbeti h'a'zirgi evropoid xorezmliklarge wqsas erkek kisinin' bası, muzıka shalıp atırg'an h'ayal ha'm erkekting h'a'ykeli, aramey h'a'ribinde shıg'ıs İran tilleri usılında bitilgen a'yyemgi xorezm jazıwları, qolda

ha'm gulalshılıq sharxında (gonchar stanogi) islengen tu'rli sapal-keramika ıdısları, olarg'a bitilgen nag'ıs-belgiler, diywallarg'a salıng'an suwretler, qos pa'ırekli skif kaman og'ının' ushı ha'm basqada ilimiy a'h'miyetke iye materiallar tabılg'an.

Bul tabılmalar eradan aldın'gı IV a'sirde (331 j) İran aha'meniyleri qaramag'ınan qutılg'an Xorezm ma'mleketinin' ekonomikalıq, siësiy, madeniy ko'teriliw basqıshına o'tkenliginenen derek beredi. U'lkede bul da'wirde eginshilik maydanlarının' ken'eyiui ha'm suwg'arıw tarmaqlarının' rawajlanıwı menen de xarakterlenedi. Usı menen bir qatarda Xorezm o'zinnng mın'lag'an jıllıq tariyxı dawamında tek g'ana qon'sı ko'shpeli qa'wimler menen, ba'lki Aldın'g'ı ha'm Orta Shıg'ıs, Qara ten'iz a'traplarındag'ı ma'mleketler menen ma'deniy baylanısta bolg'an. Qullası, arxeologiyalıq tabılmalar sol zamanlarda jerimizde materiallıq ha'm ma'nauiy ma'daniyattın' joqarı da'rejede bolg'anınan derek beredi. Bul materiallıq ma'deniyat u'lgileri h'a'lsiz bolsada ellin tsivilizatsiyası u'lgileri menen baylanısadı (sharapsazlıq g'amqorshısı Dionis, kese, amfora uslag'an mabuda Mina terrakotaları). Biraq jergilikli tsivilizatsiya shıg'ıstın' ma'deniyat oshaqları menen sezilerli da'rejede baylanısadı (riton, flyaga, arıslan tutqalı ıdıslar). Bulardın' barlıg'ı ma'deniyattın' shıg'ıs standartlarına jaqın bolg'an jergilikli Xorezm alabı tsivilizatsiyasının' antik da'wirde aq qa'lipleskenin ko'rsetedi. Bug'an h'a'r-turli shart-sharayatlar ta'sir jasadı.

Eramızdan aldın'g'ı VIII-IV a'sirlerde Xorezmnin' ma'mleketshilik du'zimi rauaj tapqan da'wirler bolg'anlıg'ın biz joqarıda jazıp o'tken Qoy qırılg'an qala, Ayaz qala, Topıraq qala, Axshaqan dag'ı son'g'ı tabılg'an tariyxıy artefaktler (monumental qurılıslar, diywaldag'ı suret-jivopis, eski jazıw u'lgileri, 100 kolonnlı zal), sol zamanda yag'nıy Xorezm tsivilizatsiyasının' antik da'wir basqıshınan bizin' kunlerimizge jetip kelgen estelikler, atap aytqanda joqarıda qayd etgen paytaxt qalalar ulgisi bizing oqıu-metodikalıq jumısımızdag'ı bayanlap ta'riplegen ilimiy pikirlerdi tastiyqlaydı.
Ma'deniy turmıs jag'ınan Xorezmnin' ertedegi paytaxt qalaları Oraylıq Aziyanın' sol da'wir kalalarınan kalıspaydı. Antik, orta a'sirlerde Xorezm qalalarında ja'miyetlik qurılıslar qa'd ko'tergen.

Solay etip, a'yyemgi zamanlardan Orta Aziya eletları - Xorezm, Sog'da, Baktriyada erteden aq antik da'wirge ta'n urbanistlik tsivilizatsiya protsessleri rawajlandı. Ko'p sanlı qalalar payda boldı. Olardın' ayrımları antik da'wirlerde wa'layat yag'nıy kishkene ma'mleket tu'rindegi jerlerdin' astana-paytaxtı bolg'an. Birak iri

ma'mleketlik birikpeler (Axameniyler, Grek-Baktriya, Xorezm, Parfiya yaki Kushanlar) waqtında g'ana ayrım eski qalalar (Buxara, Samarkand, Termiz) paytaxt sha'h'a'rler da'rejesine jetti. Ayrımları (Balx, Buxara, Samarkand, Xiyua) ko'plegen ma'mleketlik birikpelerdin' esirler dawamındag'ı tsivilizatsiya orayı bolg'an. Olardın' rawajlanıwı erteden, antik da'wirlerden baslang'an tsivilizatsiya jetiskenlikleri menen baylanıslı (siyasiy-ekonomikalıq jag'daylar).

Joqarıda qayt etilgen pikir–mulah'azalar to'mendegi juwmaqlarg'a alıp keledi. Xorezmde ertedegi ma'mlekettin' payda bolıw protsessi tsivilizatsiya jetiskenlikleri (eginshi-otırıqshılıq, urbanizatsiya, o'ndiris ku'shleri, sawda qatnası, jer astı baylıqları) sebepli bolıp, bul eradan aldın'g'ı VIII a'sirge kelip o'zinin' sheshiushi basqıshına o'tti. Belgili rus-sovet arxeolog-tariyxshısı S.P.Tolstovtın' tastiyqlaunsha axameniyler u'stemligine deyin aq Oraylıq Aziyada qu'dretli Xorezm birikpesi payda bolıp, onın' quramında Sog'da (Zarafshan alabı), Xorasan (Tuslik Turkmenstan, Arqa, Shıg'ıs ha'm Batıs Afg'anistan) kirgen. Jazba dereklerdegi ha'm arxeologiyalıq artefaktler, izertlewler, eradan aldın'g'ı VII a'sir aqırı–VI a'sirlerde Xorezmning tuslik–batıs ha'm tusliginde qala-qorg'anlar, o'nermentshilik rawajlanıp, u'lken suwg'arıw qurılısları qurılg'an, diyxanshıqqa negizlengen otırıqshı ma'daniyat qa'liplesken. Bul da'wirdin' a'jayıp estelikleri A'miuda'ryanın' sol ha'm on' jag'alawlarında jaylasqan oazis ha'm mikro oazislerde ko'plep saqlang'an.

Aral boyı, Xorezm alabında a'yyemgi da'wir estelikleri sanı jag'ınan bir neshe ju'zden asadı. Olardın' qatarında Gu'zeliqır, Qoy qırılg'an, Axshaqan, Topıraq qala, Qat, Xiyua, Urgenish kibi sha'h'a'rsazlıq orayları ayrıqsha orında turadı. Olardag'ı arxeologiyalıq izertlewler usı qalalardın' a'yyemgi Xorezmnin' paytaxt-astanalar ekenligin qayd etiu menen birge tsivilizatsiya oshaqlarınan bolg'anlıg'ın ko'rsetedi.

Arxeologiyalıq izertlewler boyınsha eradan burıngı V-IV a'sirlerde Aral boyı elatları ja'miyetinde urbanizatsiya protsessi baslanadı. Bug'an Orta Aziyanın' tu'sligindegi axameniyler zamanına sa'ykes bolg'an sotsial–ma'deniy rauajlanıw ta'sir etken. Sol wakıtları Xorezm Orta Aziya, Kavkaz, Orta Shıg'ıs, İran elleri menen baylanısta boladı. Axameniylerge qaram bolg'an xalıqlar İran ma'deniyatı, tariyxının' rauajlanıuına o'z u'leslerin qosqan, sonın' menen qatar o'zleride Midiya, persler ha'm t.b xalıqlardan ma'deniy u'lgi jetiskenliklerin qabıl etken. Orta Aziya xalıqları, sonın' ishinde xorezmlikler axameniyler

iskusstvosı, arxitekturası, ma'deniyatının' rauajlanıwına o'z uleslerin qostı. Xorezmnen Suza, Persopol sarayları arxitekturasın bezewge alıp barılg'an «axshayna» (biryuza yaki granit) atı menen belgili bolg'an Sultan Uays tawınan o'ndirilgen tas o'nimleri h'aqkında jazba mag'lıwmat bar.

Degen menen Xorezm V-IV a'sirlerde o'z g'a'rezsizligine erisedi. Bul elat Aleksandr Makedonskiy ju'risleri waqtında da (b.e.sh. 330-329 jj.) erkin jasag'an. Biraq Xorezmnin' axameniylerden quttlıwı sırtqı qa'wipti toqtatpadı, kerisinshe o'z shegaraların bekkemlew ushın jan'a qalalar, qorg'anlar qurıw kerek boldı. Joqarıda keltirilgen qala qorg'anlar o'z zamanına say qurılıs materiallarınan salıng'an. Olardı qurıwg'a negizinen qam ılay (paxsa, qam gerbish), ganch, qamıstan paydalanılsada olarg'a qosımsha ag'ash, tas usag'an qurılıs materialları qollanılg'an. Ilay Xorezm qurılısında b.e.sh.VIII- a'sirden ma'lim, al VII a'sir aqırı–VI a'sir baslarında ılay, qam gerbish aralaspa (kombinatsiyalang'an) usılda paydalana baslandı. VII a'sir aqırı– V a'sir baslarında qalalar qurılısında tuwrı mu'yeshli u'lken o'lshemdegi (52x60x26 sm) qam gerbishler isletilgen. Keyin bul eranın' IV a'sir ortalarına deyin 42 x 42 x 12 sm; 40 x 40 x 10 sm gerishler menen aumastı. Olar kvadrat formag'a iye [Gertman,1989]. Ulıwma Xorezm qurılıs texnikası ah'ameniylerdin' ku'shli ta'sirisiz rawajlang'an. Qala qurılıslarının' bekkem bolıwı ushın qurılıs astına (tırnag'ı) stilobat (platforma) isletilgen. Bunday qurlıslardın' en' u'lkeni a'yyemgi xorezmshaxlardın' Topıraq qala sarayı astındag'ı platforma bolıp onın' maydanı 80x80 m, balentligi 14-18 m. Budan basqa pandus deb atalg'an qurılıs elementi dushpannın' da'rwazag'a jaqınlasıwın qıyınlastırg'an. Olar Xiyua Topıraq kalasında, Qorg'asın qalada, Qızıl qala esteliklerinen ma'lim.Ulıwma Aral boyları elatlarında antik da'wir qurılıs texnikası, a'skeriy qural-jaraqlar zamanına say bolg'an. Qarıw jaraklardan oq jay (kuramalı gunn tipi) qalqan, nayza (pik), arbalet, palaqpan, yadro, awır texnika “manjanik” t.b. paydalanılg'an. Qumbuz tepe, Qoy qırılg'an qaladan tabılg'an gulal ıdıslarda awır atlı a'sker suwreti «katafraktari» sa'wlelengen.

Xorezm antik tsivilizatsiiyası zamanında o'nermentshilik, sawda, ma'deniy qatnaslar rawajlanıp bardı. Temir, bronza, keramika, suyekti qayta isleu, qarıw-jaraq tayarlaw (Topıraq qala) o'nermentshiligi izleri anıqlang'an.

Arxaika da'wiri (b.e.sh.VI-V a'sir) keramikası tsilindr deneli, ken' awızlı, du'mpek yaki ishke jımpıyg'an (tartılg'an), dene ortası ishke

iymeygen, tegis astı bolg'an. Bunday keramika Xorezmnen basqa Baktriyada, Parfiya, Sog'da jerlerinde ushırasqan. Bul arxaika da'wirindegi ulıwmalıq belgilerdin' saqlang'anın ko'rsetedi. Biraq erte antik da'wirinde (b.e.sh. IV-II– a'sirler) jergilikli xorezmli belgiler keramika o'nimlerinde anıq ko'rine baslaydı. Atap aytqanda bul da'wirde gulal o'nimlerinin' forması, bezewi ıqshamlasadı, ıdıslar aslıq qon'ır-qızıl angobqa boyaladı, nag'ıslar kespe tuwrı mu'yeshli, u'sh mu'yeshlik relefli (bo'rttirme valik-jiyekli), sızıq spiral tu'rindegi bezew (rospisler) menen a'shekeylenedi. Eramızdan burıng'ı II a'sir eranın' I a'sirinen keramika ıdısları standartlang'an usılda tayarlang'an. Bul o'ndiristin' joqarı rawajlanıwı menen baylanıslı degen pikirler bar. Flyagalar tayarlaw toqtaydı. I-IV a'sirlerde stankovaya keramika (gulal sharxı) o'zinin' evolyutsiyalıq rawajlanıwın dawam etken. Jan'a tiptegi xumlar, gu'zeler, bokallar, gorshok (shaugim) t.b. tayarlanadı. "Almurt" formalı xumlar menen birge "bochka" ta'rizli u'lken formattag'ı ıdıslar payda bolg'an. Sırttan kelgen (ko'shpeli dala, qon'sı diyxanshılıq zonasınan) etnik toparlarg'a baylanıslı jan'a keramika o'nimleri payda boladı [Vorobeva, 1959].

Antik da'wirde Xorezmde eginshilik, o'nermentshilik penen qatar sawda qatnasları rawajlang'an. Sawda qatnası jo'ninde rim tariyxshısı Strabon derek beredi. Onın' mag'lıwmatında Oks–A'miuda'rya keme–suw jolı qatnası menen Hindistan tovarları alıp kelinip Uzboy arqalı Girkang'a (Kaspiy) tu'sip onnan Kavkaz arqalı Evksinge (Qara ten'iz) o'tip sawda qatnasları alıp barılg'an. Bul h'aqqında antik da'wir avtorları Pliniy, Polibiy mag'lıwmat qaldırg'an [Alimova, Rtveladze, Abdurasulov, 2009]. Xorezmnin' Qara teniz boyları menen sawda jasag'anın Qoy qırılg'an qaladan tabılg'an delfin h'a'ykelshesi ha'm tastiyqlaydı. Antik da'wirde Xorezmnin' Hindistan menen baylanısın Topıraq qaladag'ı (Ellik qala) qara deneli a'skerler skulpturaları, diwaldag'ı arfa shertip otırg'an h'ayal suwretleri da'lilleydi.

Ulıwma antik tsivilizatsiyası da'wirinde Xorezm ozine ta'n ma'deniyatqa iye bolg'an. Bul eski aramey jazıwları u'lgilerinin' Qoy qırılg'an qala, U'lken Aybuyir qala, Axshaxan qala ha'm Toprak qala arxiv xujjetlerinin' tabılıwı menen de da'lillenedi. Bul derekler, arxeologiyalıq tabılmalar eradan aldın'g'ı IV a'sirde (b.e.sh.331j) İran ah'meniylari qaramag'ınan qutılg'an Xorezm ma'mleketinin' ekonomikalıq, siësiy, madeniy ko'teriliw basqıshına o'tkenliginenen derek beredi. U'lkede bul da'wir eginshilik maydanlarının' ken'eyiwi ha'm suwg'arıw tarmaqlarının' rawajlanıwı menen de xarakterlenedi.

Usı menen bir qatarda Aral boyı elatları o'zinnng bir-neshe mın' jıllıq tariyxı dawamında tek g'ana qon'sı ko'shpeli qa'wmler menen, ba'lki Aldın'g'ı ha'm Orta Shıg'ıs ha'mde Qara ten'iz a'traplarındag'ı ma'mleketler menen de ma'deniy baylanısta bolg'an. Qullası, arxeologiyalıq tabılmalar sol zamanlarda Aral boyı elatlarının' materiallıq ha'm ma'nawiy ma'daniyatının' joqarı da'rejede bolg'anınan derek beredi.

# JUWMAQLAW

Aral boyı, Xorezm aymag'ı antik da'wirden baslap urbanizatsiya ha'm tsivilizatsiya jetiskenlikleri menen Shıg'ıs ha'm Batıs ellerine ma'lim bolg'an. Arxeologiyalıq izertlewler bul u'lke jurtımızdın' tariyxında da'slepki ma'mleketshiliktin' oray, yadrosının' biri bolg'anın da'lilleydi.

Bul pikirdi tariyxıy a'debiyatlardag'ı «U'lken Xorezm» problemasının' boljawlarında tastiyqlanadı. Atap aytqanda grek tariyxshısı Gerodot (b.e.sh. V a'sir), nemis alımı Markvart (XIX a'sir), amerikalq shıg'ıstanıwshı alım Richard Fray, ingliz tariyxshısı V.Gorl boljawları bug'an mısal boladı. Arxeologiyalıq izertlewler negizinde Xorezm tsivilizatsiyası esteliklerin ashqan S.P.Tolstov pikirinshe axameniyler u'stemligine shekem Oraylıq Aziyada qu'dretli Xorezm ma'mleketi payda bolg'an. Sol zamanda onın' quramına Oraylıq Aziyanın' ko'pshilik jerleri Sog'da (Zarafshon xavza-deltası), Xorasan (Tu'slik Turkmenstan, Arqa shıg'ıs, batıs Afg'anistan) kirgen. Xorezmlikler basqrgan bul u'lken a'skeriy, siyasiy uyıspa-birikpe alımlar ta'repinen «U'lken Xorezm» ma'mleketi dep atalg'an. V.Markvart, V.V.Bartold, S.P.Tolstov, Ya.G'.G'ulamov, M.G.Vorobeva ha'm basqalada alımlar –"Avesto" dag'ı "Aryanem Vaydja" aynen "U'lken Xorezm" ma'mleketi uyıspası aymag'ının' o'zi degen pikirdi aytqan. Biraq bul boljawdı qollamaytug'ın tariyxshı arxeologlarda bar. Ma'selen V.M.Masson: S.P.Tolstovtın' a'yyemgi Xorezm ma'deniyat tariyxın (arxeologiyalıq estelikler negizinde) «kangyuy» ha'm «kushan» dep bo'liwge kelisim bermeydi. Onın' pikirishe Qıtay dereklerindegi Kangyuy (b.e.sh. IV-I a'a'.) Xorezm materiallarında tastıqlanbaydı- dep boljaydı.

S.P.Tolstov ertedegi izertlewlerinin' o'zinde aq antik da'wir Aral boyı, Xorezmnin' tariyxıy esteliklerin to'mendegidey basqıshlarg'a bo'ldi. 1- *Jasau diywalları bar qalalar* (Guzeli qır, Bazar qalanın' erte qatlamları), 2- *Kangyuy ma'deniyatı* (Djanbas kala, Qoy qırılg'an qala, Kishi Qırıq qız, Kyunerli qala, Aq tepe t.b), 3- *Kushan ma'deniyatı*, II-III a'a'. tiysli u'lkenin' antik ma'deniyatının' rauajlanıwı dawam etedi (xarakterli esteligi Ayaz qala № 3, Topıraq qalanın' orta ma'deniy qatlamı), 4- *Kushan-afrig ma'deniyatı* (III-V a'a'.), bul waqıtta Xorezmnin' antik ma'deniyatı dag'darısqa ushraydı (krizis), qala ıdırap zamok-qorg'an tipindegi qonıslar payda boladı (xarakterli estelikleri Topıraq qala, Jekke Parsan, Kishi Qabat qala).

Bul u'lken tsivilizatsiyalıq ashılıw bolıp sol zamannan baslap XX a'. 70-80 jj. deyin S.P.Tolstovtın' da'slepki ilimiy boljawları ta'n alınıp kelindi. S.P.Tolstov du'zgen Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası izertlewleri waqtında aq Xorezm tsivilizatsiyasının' daslepki oshaqları ashıldı. Arxeologiyalıq

izertlew barısında XX a'. 60 jıllarına kelip Shep jag'adag'ı Xorezmde 45, al On' jag'adag'ı A'miwda'rya deltasında 125 aslam qonıstın' barlıg'ı anıqlandı. Keyin XX a'. 70 jıllarına kelip Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası xızmetkerleri ha'm O'zbekstan Respublikası İlimler akademiyası Qaraqalpaqstan bo'limi arxeologları ta'repinen On' jag'adag'ı estelikler sanı 250 ge, al Sol jag'adag'ı estelikler sanı 60 jetti. Xorezm ekspeditsiyasının' eski xızmetkerlerinin' biri Yu.A.Rapoport Xorezm antik tsivilizatsiyası tariyxına tiysli estelikler sanı 400 ge jetedi - dep bildiredi.

Bul esteliklerdin' ko'pshiligi antik da'wir Xorezm tsivilizatsiyasının' da'slepki oshaqları bolg'an. Olarg'a a'sirese jasaw diywalları bar Gu'zeli qır, Qalalı qır, Dingilje, Bazar qalanın' erte qatlamları, Djanbas kala, Qoy qırılg'an qala, Axshaqan, U'lken Aybuyir qala, Kishi Qırıq qız, Kyunerli qala, Aq tepe, Ayaz qala № 3, Topraq qala usag'an a'yyemgi ma'deniy qatlamlarg'a iye tsivilizatsiya oshaqları kiredi. Keyingi kushan-afrig ma'deniyatı (III-V a'a'.) waqtında Aral boyı jerlerinin' antik ma'deniyat ko'rsetkishleri to'menleydi, qalalar rawajlanıwı ıdırap zamok - qorg'an tipindegi qonıslar payda boladı (xarakterli estelikleri Topıraq qala, Jekke Parsan, Kishi Qabat qala).

Ulıwma Xorezm arxeologiyalıq ekspeditsiyası izertlewleri waqtında S.P.Tolstov «Xorezm tsivilizatsiyası» degen tu'sinikti arxeologiya ilimine engizdi. İlimpaz Xorezm tsivilizatsiyası esteliklerin analizlew jolı menen bul u'lkeni "Orta Aziya Egipeti" dep orınlı ataydı. Sonı aytıw kerek Orta Aziyadag'ı son'g'ı arxeologiyalıq izertlewler bul ullı ilimpazdın' ayrım pikirlerin korrektsiyalawg'a, o'zgertiwlerge alıp kelmekte. Ma'selen jergilikli tsivilizatsiya, a'sirese urbanizatsiya tariyxına tiysli ayrım pikirler M.M.Mambetullaev ha'm G.X.Xojaniyazov ta'repinen azlı-kemli o'zgerislerge ushradı.

Joqarıda keltirilgen qala-qorg'anlar o'z zamanına say qurılıs materiallarınan tiklengen. Qurılıs texnikasında negizinen qam ılay (paxsa, qam gerbish), ganch, qamıstan paydalanılsada, olarg'a qosımsha ag'ash, tas usag'an qurılıs materialları qollanılg'an. Ilaydan quruw Xorezmde b.e.sh. VIII a'sirden ma'lim, al VII a'sir aqırı–VI a'sir baslarında ılay, qam gerbish aralaspa (kombinirovannıy sposob) usılda

paydalana baslag'an. VII a'sir aqırı–V a'sir baslarında qalalar qurılısında tuwrı mu'yeshli u'lken o'lshemdegi qam gerbishler isletilgen. Keyin b.e.sh. IV a'sir ortalarına kelip kvadrat formadag'ı gerbishler menen awmastı. Ulıwma kangyuy, kushanlar da'wirinde Xorezm qurılıs texnikası ah'ameniylerdin' ta'sirisiz rawajlang'an. Qala qurılıslarının' bekkem bolıwı ushın qurılıs astına stilobat-platforma, panduslar isletilgen. Ulıwma Xorezmde antik da'wir qurılıs texnikası, askeriy qural-jaraqlar zamanına say bolg'an. Qarıw jaraqlardan quramalı gunn tipindegi oq jay (Qoy qırılg'an qala, Topıraq qala), kalqan, naiza, arbalet, palaqpan, yadro, awır texnika «manjanik» paydalanılg'an. Qumbız tepe, Qoy qırılg'an qalada tabılg'an keramika ıdısların da awır qurallang'an atlı a'skerdin' relefli suwreti «katafraktariy» sa'wlelengen.

Aral boyı, Xorezm antik tsivilizatsiiyası zamanında onermentshilik, sawda, ma'deniy qatnaslar rawajlanıp bardı. Temir, bronza, keramika, suyekti qayta islew o'nermentshiligi izleri anıqlang'an (Topıraq qala). B.e.sh. IV-II a'sirlerde jergilikli belgiler keramika o'nimlerinde anıq ko'rine baslaydı. Atap aytqanda bul da'wirde ıdıslardın' forması, bezewi ıqshamlasadı, ıdıslar ashıq qon'ır-qızıl angobqa boyaladı, nag'ıslar kespe tuwrı mu'yeshli, ush mu'yeshlik relefli (bo'rttirme valik-jiyekli) sızıq, spiral tu'rindegi nag'ıslar menen a'shekeylenedi. B.e.sh. II a'sir eramızdın' I a'sirinen keramika ıdısları standartlang'an usılda tayarlanadı. Bul islep shıg'arıw o'ndirisinin' rawajlanıwı menen baylanıslı. Ayrım ıdıslardı (flyagalar) tayarlaw toqtaydı.

I-IV a'sirlerde stankovaya keramika (kulal sharxında tayarlang'an) o'zinin' evolyutsiyalıq rawajlanıwın dawam etken. "Almurt" formalı xumlar menen birge "bochka" ta'rizli xumlar payda bolg'an. Jan'adan otırıqshı aymaqlarg'a kirip kelgen etnik toparlarg'a baylanıslı taza keramika o'nimleri payda bolg'an.

Antik da'wirdegi Xorezm sawda qatnası jo'ninde Rim tariyxshısı Strabon derek beredi. Onın' mag'lıwmatında sawda iyeleri Oks–A'miuda'rya suw jolınan paydalanıp Hindiya tovarları menen Uzboydan Girkang'a (Kaspiy) o'tip Kavkaz jolı arqalı Evksin (Qara ten'iz) boylarında sawda islegen. Xorezm ha'm arqa Qara ten'iz boyları menen sawda jasag'an. Qoy qırılg'an kala esteliginen delfin h'a'aykelshesi bar ju'zik tabıldı. Elat Jerorta ten'izi arqalı Rim menen de baylanısta bolg'an. Bul h'aqqında amfora ta'rizli taw xrustalınan jasalg'an bezew, ko'k iren'li Rim shiyshe ıdısları (Qoy qırılg'an qala) mag'lıwmat beredi. Antik da'wirdegi jergilikli xalıqtın' Hindistan menen baylanısın Topıraq

qala sarayındag'ı qara deneli a'skerler, diwaldag'ı arfa shertip otırg'an a'yel suwreti, skulpturalıq h'aykeller tastiyqlaydı.

Ulıwma antik tsivilizatsiyası da'wirinde Xorezm ozine ta'n ma'deniyatqa iye bolg'an. Bul eski aramey jazıwları u'lgilerinin' Koy qırılg'an kala, U'lken Aybuyir qala, Axshaxan qala ha'm Topırak qala arxiv xujjetlerinin' tabılıwı menen de da'liyllenedi.

# PAYDALANG'AN A'DEBİYaTLAR

## I.O'zbekstan Respublikası Prezidenti İ.A.Karimov miynetleri


**Karimov İ.A.** Tariyxıy yadnamasız kelejek joq». No'kis,1998.
**Karimov İ.A.** Wz kelajagimizni wz qulimiz bilan qurmoqdamiz.// «Turkiston» gazetasi muxbirining savollariga javoblar. Toshkent:Wzbekiston», 1999.-16 b.
**Karimov İ.A.** Xiva shah'rining 2500 yilligiga bag'ishlangan tantanali marosidagi tabrik swzi // Xavfsizlik va barqorar taraqqiët ywlida. Asarlar. – 6 jild. – Toshkent: «Wzbekiston», 1998. –B. 374-380.


## II.İlimiy a'debiyatlar


**Avenesova N.A.** U istokov urbanisticheskogo Afrasiaba // İMKU. Vıp.32. Samarkand, 2001.
**Alimova D., Rtveladze E.,Abdurasulov U.** Srednyaya Aziya-Zakavkaze-Rim: O znachenii vodnogo puti po Amudare cherez Kaspiyskoe more v Zakavkaze// «Dorogi Strabona kak chast Velikogo Shelkovogo puti / Materialı mejdunarodnoy konferentsii. -Samarkand-Tashkent, 2009.
**Andrianov B.V.** Drevnie orositelnıe sistemı Priaralya. M.,1967.
**Antropologiya** i kultura Kerder. Tashkent,1970.
**Askarov A.A.** Sapalli tepe. Tashkent,1973;
**Askarov A.A, Abdullaev B.N.** Djarkutan. K probleme protogorodskoy tsivilizatsii na yuge Uzbekistana. Tashkent,1983.
**Bazarbaev J, Xujaniyazov G, Bazarbaev R**. Amudare boylarındag'ı zardushtiylik izleri. Nokis,2008.
**Baratov S.R, Matrasulov Sh.**Arxeologicheskie rabotı v Yujnom Xorezme // AİU-2002 g. Toshkent, 2003.
**Baratov S.R, Raxmanov U.R**. Novıe arxeologicheskie materialı k drevneyshey istorii goroda Xazarasp// Antik davr tsivilizatsiyasi taraqqiëtida Xorazning wrni / İlmiy anjuman materiallari. Xiva-2011.
**Bolelov S.B.** Nekotorıe itogi arxeologicheskix rabot na Xumbuztepa // ONU.1999. № 9-10.
**Buryakov Yu.F.**İstoricheskie topografiya drevnix gorodov Tashkentskogo oazisa. Tashkent,1982.

**Buryakov Yu.F.** Urbanizatsionnıe protsessı v basseyne Drevnego Yaksarta// Kazaxstan i Evraziya. Skvoz veka. İstoriya, arxeologiya, kulturnoe nasledie. Almatı, 2010.
**Vorobeva M.G.** Antichnaya keramika Xorezma// Keramika Xorezma. Trudı XAEE. Tom.IV. Moskva,1959.
**Vorobeva M.G., Lapirov –Skoblo, M.S.Nerazik E.E.** Arxeologicheskie rabotı v Xazoraspe v 1958-1960 gg// Materialı Xorezmskoy ekspeditsii (MXE), vıp. 6.M. 1963. 158-bet.
**Vorobeva M.G.** Problema «Bolshogo Xorezma» i arxeologiya // Etnografiya i arxeologiya Sredney Azii. Moskva,1979.
**Gafurov B.G.** Tadjiki. Tom 1. Dushanbe, 1989.
**Gertman A.N.** Stroitelnaya texnika drevnego Xorezma// Avtoref. kand. diss. ist.nauk. Moskva,1989.
**Gorodishe** Toprak kala. Moskva,1982.
**Toprak kala**. Dvorets. Moskva, 1986.
**Gudkova A.V.** Tok kala. Tashkent,1964.
**G'ulamov Ya.G'.** Qizilqum ichida a'yyemgi madaniyat izlari// Fan va turmush.1939. № 7-8.(Latın h'aribinde).
**G'ulamov Ya.G'.** Xorezmnin' sug'orish tarixi. Toshkent,1960.
**Drevnosti** Yujnogo Xorezma // Trudı XAEE.Tom.XVI M.,1991.
**Zadneprovskiy Yu.A.** Drevnezemledelcheskaya kultura Ferg'anı. M.:-L.,1962.
**İsamiddinov M. X.** Rannegorodskaya kultura Samarkandskogo Sogda. Tashkent, 2005.
**Koy krılgan kala.** Moskva,1967.
**Kuzali Kir-2**. Moskva,2005.
**Mambetullaev M. Alma-Atıshgan. I-II.** // Vestnik KKFAN RUz, 1982 . № 4.
**Mambetullaev M., Kdırniyazov M.Sh.** Gorodishe Voyangan./ /«Arxeologiya Priaralya» (AP). Vıp.1. Tashkent 1983.
**Mambetullaev M.** Xumbuztepe-keramicheskiy tsentr Yujnogo Xorezma // AP.Vıp.II.Tashkent,1984.
**Mambetullaev M.M.** Toprak kala Shavatskaya// AP. Vıp.3. Tashkent,1986.
**Mambetullaev M.M.** Gorodishe Bolshaya Aybuyir kala (raskopki 1976-1977 i 1981 gg.// AP. Vıp.IV. –Tashkent,1990.
**Mambetullaev M.M.** İstoriya i kultura Yujnogo Xorezma antichinoy epoxi // Avtoref. diss. dokt. ist.nauk. Tashkent,1994.

**Mambetullaev M.M, Matrasulov Sh, Yusupov N.** Nauchnıy otchet o rabotax Xazaraspskogo arxeologicheskogo otryadv v 1996 g. Xiva,1996.
**Mambetullaev M.,Abdirimov R.**Osnovnıe etapı razvitiya goroda Xivı // ONU.1997.№7.
**Mambetullaev M.M., Xodjayov T.K.** Rannesrednevekovıy nekropol Kuyuk kala. Moskva,2008.
**Mambetullaev M.M.** İssledovaniya xramovogo kompleksa Bolshaya Aybuyir – kala// Arxeologiya Uzbekistana. 2011. № 1 (2).
**Masson V.M.** Altın tepe. Leningrad,1981.
**Masson V.M.** Kulturogenez drevney Tsentralnoy Azii. SPb., 2006.
**Nerazik E.E.** Selskoe jilishe v Xorezme (I-XIV vv.). M.,1976.
**Priarale** na perkrestke kultur. Samarkand, 2013.
**Rapoport Yu.A., Trudnovskaya S.A.** Gorodishe Gyaur kala // Trudı XAEE. Tom.2. M.,1952.
**Rapoport Yu.A, Lapirov-Skoblo M.S.** Raskopki dvortsovogo zdaniya na gorodishe Kalalı-gır v 1958 g.// MXE. Vıp.6. M.,1965.
**Rapoport Yu.A.** Kratkiy ocherk istorii Xorezma v drevnosti // Priarale v drevnosti i srednevekove. M.1998.
**Rtveladze E.V i dr.** İstoriya gosudarstvennosti Uzbekistana. Tom I. Tashkent, 2009.
**Sagdullaev A.S.**Osedlıe oblasti yuga Sredney Azii v epoxu rannego jeleza (genezis kultuwrı i sotsialno-ekonomicheskaya dinamika) // Avtoref. dis.dokt. ist. nauk. –M.,1989;
**Sagdullaev A.S.** Voprosı tipologii i xronologii drevneyshix gosudarstv Sredney Azii // Srednyaya Aziya i mirovaya tsivilizatsiya. –Tashkent, 1992.
**Sarianidi V.** Drevnie zemledeltsı Afganistana. Xram i nekropol Tillatepe. - Moskva-1985.
**Suleimanov R.X.** Drevniy Naxsheb. Tashkent, 2000.
**Terenojkin A.İ.** Arxeologicheskie razvedki v Xorezme // Sovetskaya arxeologiya. № 6 ,1940.
**Toynbi A.** Postijeniya istorii. M.:Progress, 1991.
**Tolstov S.P.** Drevnexorezmiyskie pamyatniki Karakalpakii // Vestnik drevney istorii.1939. № 3.
**Tolstov S.P.** Drevniy Xorezma. M,1948.
**Tolstov S.P.** Po drevnim deltam Oksa i Yaksarta. M.,1962.
**Yakubovskiy A.Yu.** Glavnıe voprosı izucheniya istorii razvitiya gorodov Sredney Azii // Trudı Tadj. filiala AN SSSR. T.29. 1951.

**Xojaniyazov G.** Oboronitelnıe soorujeniya gorodisha Kurgashin-kala // Arxeologiya Priaralya. Vıp.II. –Tashkent,1984.
**Xodjaniyazov G.** Kzıl kala (rabotı 1981-1982 gg.) // AP. Vıp.3. Tashkent,1986.
**Xodjaniyazov G'ayratdin.** Kadimgı Xorezm mudofaa inshootlari. Toshkent,2007.
**Shirinov T.Sh.** Rannaya gorodskaya kultura epoxi bronzı yuga Sredney Azii (po materialam Djarkutan) // Avtoref. diss.dokt.ist. nauk. –M.1999.
**Eshov B.J.** A'yyemgi Wrta Osiё shah'arlari tarixi. –Toshkent, 2006.
**Yusupov X.** Serdtse drevnego Xorezma. Ashxabad,1993
**Yakubovskiy A.Yu.** Glavnıe voprosı izucheniya istorii razvitiya gorodov Sredney Azii // Trudı Tadj. filiala AN SSSR. T.29. 1951.

**Vadim N.Yagodin, Alison V.G. Beets,** Fiona Kidd, Elizabeth Baker Brite, Chairat Chozhanyazov, Shamil Amirov, V.V. Yagodin and Geraldine Fray. Karakalpak-Australian excavations in Ancient Chorasmia. An Interim Report on the Kazakly-yatkan Wall Paintings: The "Portrait" Gallery // Journal of Inner Asian Art and Archaeology # 4. Brepolis, 2009.
**Rtveladze E.** Civilizathns states cultures of Central Azia. Tashkent, 2005.
**Childe G.** The urban revolution // Town Planning Rev. 1950. Vol. 21.
**Chozhanyazov Chairat.** The military architecture of ancient Chorasmia (6th century BC - 4th century AD). Parij, 2006.

# GLOSSARİY

**«Avesto»** – Zardushtiylardın' qa'ramatlı kitabı, b.e.sh.VII-VI a'a'. qa'liplesken, 21 kitaptan ibarat, «Gatlar» (qosıqlar) dan quralg'an.
**«Aranem Vayja»** - «Avesta» kitabında xorezmliklerdin' jasag'an jurtı Aranem Vaychax, yag'nıy ariylar eli dep atalg'an
**Angob** – gulal ıdısı u'stine jag'ılg'an suyıq boyau
**Antichnost**- b.e.sh.VI- e. IV a'a'. shegeralanıushı tariyxıy ma'deniy da'wir.
**Aramey jazıwı** – e.a. XV a'. payda bolg'an degen pikir bar, 30 h'a'ripten kuralg'an. E.a. III-II a'a'. aramey jazıwı negizinde Xorezm jazıwı qa'liplesken.
**Arxayka da'wiri** – b.e.sh.VI-IV a'a'. Xorezm ma'deniyatı basqıshı
**Axshaqan qala** – b.e.sh. IIIe.-I, II a'sir esteligi. Beruni rayonı.
**Bazar qala** – b.e.sh. VI-IV a'a'. arxayka da'wir esteligi
**Bashnya** – minar, kungura ma'nilerin bildirgen
**Gerodot** – b.e.sh. VI-V a'a'. Grek tariyxshısı «Tariyx» kitabı avtorı
**Grifon** – apsanaviy qanatlı jırtqısh kus, antik da'wir mifologiyası, bezeu iskusstvosına ta'n.
**Gu'zeli qır** – b.e.sh.VI-IV a'a'. antik da'wir esteligi
**Zveriynıy stil** – «h'ayuanat kelbetinde» islengen torevtika o'nimleri, ko'shpeli skif, sak, massagetlerge ta'n iskusstvo tu'ri
**Qalalı qır I, II** – b.e.sh. V a'. - e. I, IV a'a'. da'slepki jergilikli qorg'an-kala
**Kangyuy da'wiri** – b.e.sh. V-III a'a'. Kangxa, Kangyuy atamaları menen baylanıslı.
**Qoy qırılg'an qala** – b.e.sh. IV e.- IV a'sirleri. To'rtkul rayonı, diniy-sıyınıw ornı, observatoriya bolg'an degen boljawlar bar.
**Kulturogenez** – eki, quramalı so'z ma'deniyattın' kelip shıg'ıw problemasın qamtıydı
**Kushanlar da'wiri** – e. I-IV a'sir. Kushanlar imperiyası atı menen baylanıslı
**Mambetullaev M.M.**- t.i.d, professor Xorezm antik da'wir ma'deniyatın izertlewshi. Xiyua kalasının' jasın anıqlawda u'lken u'les qosqan (No'kis).
**Moxendj- daro** – Xarappa tsivilizatsiyasının' oraylarının' biri, Pakistan, b.e.sh.III-II a'sirler
**Nerazik E.E- t.i.d.** Topraq qala, Ayaz kala estelikleri, antik, erte orta a'sir Aral boyı kala tariyxın izertlewshi (Moskva)

**Pandus** – frants. pente douce – tekis ko'terilip baratuwg'ın jol maydanı, qurılısta tırnaq (tsokol) u'stindegi bas da'rwazag'a kiretwg'ın jol

**Protoma** – at bası yaki qanatlı at ta'rizli bezetilgen bronza, temir tag'alar, ıdıslar t.b

**Rapoport A.Yu** – t.i.d, Aral boyı antik da'wir kala tariyxı, zoroastrizm dini izlerin izerleushi ilimpaz (Moskva)

**Protoxeyzma** – qorg'an aldında qurılg'an aldamshı-labirint bekinis elementi

**Relef** – arxitektura, ko'rkem o'nerde ko'llanılatug'ın bo'rttirme bezew usılı

**Riton** – pil suyegi, ılay, ren'li metaldan tayarlang'an at suwreti bar shaq ta'rizli islengen sharap ishiw ıdısı

**Sagdullaev A.S** – t.i.d, professor, erte temir a'siri tariyxı (Baktriya), antik da'wir tsivilizatsiya, ma'mleketshilik tariyxın izertlewshi (UzMU, Tashkent)

**Sapalli tepe** – Surxanda'rya oblastı bronza esteligi, prtogorod protsessine juwap beredi

**Stilobat** – grek. stylobates, antik da'wir arxitekturadag'ı kolonna astındag'ı tas baza yaki orın

**Strabon** - II- I a'a'. Rim geografı («Geografiya» kitabı avtorı)

**Tolstov S.P** – akademik, professor, t.i.d, Xorezm arxeologiya-etnografiyalıq ekspeditsiyasın sho'lkemlestiriushi (1937-1992-jj)

**Topıraq qala** – I-IV a'a'. Qaraqalpaqstan Respublikası Ellikqala rayonı, antik da'wir esteligi

**Toynbi Arnold** – Tsivilizatsiya tariyxın izertlewshi amerikalıq ilimpaz

**«U'lken Xorezm»** - problemalıq ma'sele bolıp, Avesto, grek avtorları mag'lıwmatları negizinde e.b VII-VI a'a'. Orta Aziyada qa'wimler konfederatsiyasınan quralg'an, qa'liplesken ma'mleket tipindegi birikpe.

**Flyaga** – bir jag'ı jalpaq, ekinshi ta'repi bo'rttirme, sızba usılda bezelgen eki tutqalı ıdıs

**Xojaniyazov G.X.** – O'zbekstan Qah'armanı, arxeolog, Aral boyı antik da'wir qala-qorg'anları fortifikatsiya tariyxın izertlewshi

**Xorezm jazıwı** - e.a. III-II a'a'. aramey jazıwı negizinde Xorezmde qa'liplesken.

**Tsivilizatsiya** – latın. "civilis" – grajdanlıq, ma'mleketlik degendi an'latıp, bul ma'deniyat (rus."kultura") so'zinin' sinonimınde bildiredi.

**Chayld Gardon** – Tsivilizatsiya tariyxın izertlewshi amerikalıq ilimpaz

**Yaz I, II, III** – Yaztepe 1,2,3 Tu'slik Turkmenstandag'ı erte temir a'siri estelikleri

## TEST SORAWLARI

*Oraylıq Aziyadag'ı tsivilizatsiya oshaqları a'yyemgi qalalar...*

A. Arkaim, Merv, Dvini

B. Samarkand, Uygarak, Koktepe

C. Buxara, Xiva, Samarkand

D. Tashkent, Termez, Varaxsha.

*Xorezm jerinde bronza deuiri adamları ne menen shugıllangan?*

A. Termeshilik, mal-sharuashılık

B. Sharuashılık,diyxanshılık

C. Balıkshılık,onermentshilik

D. Onermentshilik,sawda

*Akinak degen ne zat ozi?*

A. Ok jay ushı

B. Nayza ushı

C. Semser

D. Kılısh

*Akademik C.P.Tolstovtıng ilimiy miynetlerin korsetin?*

A. "Eski Merv karabaxanası","Varaxsha"

B. "Urgensh karabaxanası","Mizdakxan kalashası"

C. "Twprak kala","Tok kala"

D. "A'yyemgi Xorezm"

*Akademik A.Askarovtıng bronza da'wiri boyınsha kanday miynetleri bar?*

A. "Xorezmning suugarıu tariyxı", "Jarkutan"

B. "Erk kala","Jaytun konısı"

C. "Kuchuk tepa konısı","Sapallıtepa"

D. "Sapollitepa", "Jarqutan"

*Kedimgi temir deuirinde Orta Aziyanın tuslik oblastlarında kanday medeniyat rauajlandı?*

A. Namazga.

B. Altın tepe.

C. Yaz II

D. Jaytun.

*Orta Aziyada gonchar stanogi birinshi merte kay jerde tabılgan?*

A. Tuslik Ozbekistan

B. Tuslik Turkmenstan

C. Tuslik Xorezm

D. 1-3 jauaplar tuurı

*Xorezm arxeologiyalık-etnografiyalık ekspeditsiyası kashan duzildi?*

A.1928-j
B.1959-j
C.1946-j
D.1937-j

*Akademik E.B.Rtveladze kitabı?*

A. Tsivilizatsiya tariyxı
B. Ma'deniyat, tsivilizatsiya xam ma'mleketshilik
C. Kadimgi Oraylıq Aziya kulturogenezi
D. Birinshi tsivilizatsiyalar

*Topraq qala (Xorezm) qorg'anı kashan salındı?*

A. III-IV-esir
B. IV-VI-esir
C. I-IV-esir
D. II-IV-esir

*Tastan islengen sekstant kay jerden tabılg'an?*

A. Buxara
B. Koy kırılgan kala
C. Merv
D. Varaxsha

*Gerodot qaysi shıgarsa'ykesında Orta Aziya qauim, xalıqların atap otedi...*

A. Geografiya, eftalit, gun
B. "Dunë tabiyati", "toxar, margian"
C. "Germanlar", Xorezm, tyurk"
D. "Tarix", sak

*Batıs xem Shıgıs mifologik syujetlarin keliplestirgen ritonlar qaysi jerden tabılgan...*

A. Merv
B. Tuproq qala
C. Varaxsha
D. Kuykrilgan-kala

*Topraq qala qorg'anı qaysi da'wirge tiysli...*

A. Kushan
B. Afrig
C. Axemenidler
D. Kanguy

*"Angob" degen ne. Ol ıdıslarga kanday texnologik protsess uaktında jagıladı...*

A. Idıska boyau jagıp, ustine kaitaldan boyau siniriu

B. Idıstın ustine boyau ustine nagıs oyıu

C. Idıska kuydirilemen degenshe jagılatugın suyık ılay

D. Idıska salıngan ılay.

*Ossuariy degenimiz ne. kimlerge tiysli...*

A. Jerdi uiyip islengen kebr

B. Olini jerleytugın arnawlı orın.

C. Olini krematsiya jasau

D. Suyek saklagısh

*Tsivilizatsiyanı tariyxın ilimde izertlew qashan baslang'an*

A. Antik da'wirde

B. XV-XVI –a'a'.İtaliya

C. XVIII –a'. Frantsiya

D. XVIII-a'. Rossiya

*A'yyemgi Xorezm aramey jazıwları ulgileri kay jerde tabılgan...*

A. Urganch, Xiva

B. Kuzali-kir, Janbas kala

C. Jampik kala, Kiyat

D. Aybuyir kala, Koy kırılgan kala-

*Xorezmde h'ayal xaykelsheleri kaysı deuirlerge kobirek tiysli...*

*A. Kangyuy*

B. Keshki paleolit

C. Neolit

D. Arxayka

*Baktriyaning orayı bul ....*

A. Marakanda

B. Parfnisa

C. Baktro

D. Shash.

*"Altın tepe" shıgarsa'ykesının avtorı....*

A. B.Masson

B. M.İtina

C. J.Kabirov

D. A.Askarov

*Akademik B.M. Massonnın' tsivilizatsiya h'aqkında shıg'arsa'ykesı...*

A. Tsivilizatsiya tariyxı

B. Ma'deniyat, tsivilizatsiya xam ma'mleketshilik

C. A'yyemgi Oraylıq Aziya kulturogenezi

D. Birinshi tsivilizatsiyalar

*Arnold Toynbi so'ng'ı mın' jıllıqta tiri tsivilizatsiyanın' neshe tu'rin ko'rsetedi*

A.10

B.21

C.5

D.30

*Tsivilizatsiya tariyxın u'yreniushi Mirabo kitabı?*

A.Tsivilizatsiya-teoriya, tariyxı, diologlar…

B.Tsivilizatsiya tariyxı

C.Adam dostı yaki xalıqlar h'aqqında traktat

D.Postijenie istorii

*A'yyemgi da'wir tsivilizatsiyasının' negizgi belgileri?*

A.Qala, ma'mleket, ma'deniy rauajlanıu

B.Onermentshilik, sawda, ilim

C.Miynet qurallarn jetistiriu

D.Etnik birlik, jazıw, diyxanshılıq.

**Kdırniyazov M. -Sh.**
**Kdırniyazov O.-Sh.**

URGANCH DAVLAT ... KUTUBXONASI
INV. № 60672
20164

# ANTİK DA'WİR XOREZM TsİVİLİZATsİYaSI TARİYXI

«Miraziz Nukus» ЖШЖ баспаханасында басылды.
Өзбекстан Республикасы баспа сөз ҳәм хабар агентлигиниң
2013-жыл 10-майдағы № 11-3059 лицензиясы.
Көлеми 5 баспа табақ. Қағаз көлеми 60х84 1/16
Буйыртпа №87. Тиражы 120 нусқа
Офсет усылында басылды.